

HONDO HURUSA

YATI YAMBORWIWA

 Ndinokutendai, Hama Orman. Ishe vakuropafadzei.

² Mangwanani, shamwari. Ndinofara kuva pano zvakare mangwanani ano, uye ndanga ndisingazvifungiri, ini ndangofunga, mumwoyo mangu, uye ndine chokwadi kuti zvakadarowo kuungano. Zvino ndanga ndichingoverenga uye... Ndatenda, hanzvadzi. Zvino Ishe vangoita sevakaaisa chimwe chinhu chidiki pamwoyo wangu, kuti ndichiuze kuChechi, uye ndafunga kuti yava nguva yekuzviita. Uye zvino izvi...

³ Pandakasvika, uyezve ndisingazivi kuti tichazova pano musi weSvondo ino, ndakazivisa izvo kuti ndine—ndine Mharidzo kuChechi. Uye ndinoda kuti, kana Mwari achida, ndiunze Mharidzo iyi Svondo inouya. Uye pachazova nenguva yakati rebeyi, saka, pamwe haingazobudi nguva dzahalf past twelve, one o'clock dzisati dzakwana, pamwe, kana panguva iyoyo. Zvanga zviri pamwoyo wangu kwenguva refu, uye ndinofunga kuti ndinofanira kutsanangurira vanhu kuti sei ndanga ndisiri kushingaira zvakanyanya kunoparidza kunze. Ndakaparidza ndichizvinyenyeredza, asi ndine chokwadi kuti hazvina kujeka kusvika pazvaifanira. Saka, ndinofunga, Ishe vachida, Svondo inouya ndinoda kutora nguva yangu ndozviisa pachena, chikonzero uye kuti sei, uye ndokuitai kuti muzive, neMagwaro, kuti chii chiri kuitika, mugoona, kuti sei zviri zvazviri. Nokuti, pamwe ndichange ndichienda mhiri kwamakungwa kana kumwewo kwakadaro ndichibva kuno. Ndakamirira zvino kuona kuti ndeipi nzira iyo yaAchandidanira kuti ndiende. Kupedzisira...

⁴ Usiku hungangoita utatu hwapfuura, kana usiku uviri, ndakafonerwa pedyo nepakati pousiku; ndichinzi ndinamatire mumwe mukadzi anga ari muchipatara. Zvino vakandifonera, vakati, “Namatai.” Zvino ndakanganwa zita ravakandipa, iro... Vakati yaiva shamwari yaMai James Bell, hanzvadzi yedu pano pachechi, hanzvadzi yechitema, inotsigira kwazvo, mukadzi akanaka. Ndinotenda kuti zita raiva rokuti Shepherd, randakapiwa. Saka ndakaburuka pamubhedha ndokupfugama pasi, ndoku—ndokuudza mudzimai wangu. Foni yakarira, ndiyo yakamumutsa. Zvino ndakati, “Tinofanira kunamatira Mai Shepherd, hanzvadzi yafona, shamwari yaMai James Bell.” Saka takavanamatira, tikadzokerazve pamubhedha.

⁵ Uyezve nguva dzinenge dzaten kana eleven o'clock, zuva rakatevera, ndakatambira runhare zvakare. Aiva Billy. Iye akati, vakanga vasiri Mai Shepherd, akati vaiva Mai Bell, pachavo, kwete shamwari yaMai Bell. "Vaiva Mai Bell, uye vari muchipatara, varwarisa." Zvino takamhanyira kuchipatara, asi vakanga vatopfuura. Ishe vakanga vatodanira Mai Bell, kuMusha.

⁶ Mai Bell vagara vari mumwe anoungana nesu zvakatendeka pano pachechi, kwemakore. Murume wavo, James, neni, taishanda pamwe chete, nababa vangu, makore mazhinji apfuura, kunze, tichigadzira... tichigadzira njanji idzi, kubva kuPennsylvania, kusvika muColgate pano, makore mazhinji akapfuura, ndinofunga kuti ave makumi matatu, kana kupfuura. Uye tinoda Hanzvadzi Bell. Vanga vari munhu mukuru.

⁷ Uye ndinonzwa kuti vainzwa kurwadziwa kwaikonzerwa nenduru kwakaipa, uye ivo...Chiremba wavo, uyo aiziva dambudziko iro zvakanaka, aiva asiri muguta panguva iyoyo. Zvino mumwe chiremba mutsva akauya kuzovatarisa, aka—akaraira kuti vavhiyiwe nechimbichimbi, asi ivo havana kurarama pakuvhiyiwa uku. Uye—uye ivo vaiva... ndinovafunga...maziviro andinozviita, kuti murapi wavo wamazuva ose aidai asina kuti—kuti vavhiyiwe, nokuti vakanga vari munhu ane muviri mukobvu uye chimiro chavo chenduru chakanga chisina kumira zvakanaka. Uye vaiva nematombo, ndinofunga kudaro, kana chimwe chinhu mukati mechinogara nduru, uye—uye Ishe vanga vavaitira tsitsi. Vakamborwara zvorudzi urwu kazhinji nguva dzapfuura Ishe vakavabatsira, pana izvozvo. Asi zvazongoitika kuti zvive saizvozvo... Zvino, kana tikazvitarisa pakukwana kwazvo, isu tingati: Mwari wakadana Hanzvadzi Bell, uye ndiyo nzira yazvaifanira kuuya nayo, maona.

⁸ Uye kuti akazvipotsa sei, kuzviunza kwandiri, kuti ndakafunga kuti vaiva Mai... Muzvare Shepherd. Ini ndakanga ndisingazivi Muzvare Shepherd. Mudzimai uyu anogona kunge ari pano, mangwanani ano, uye ndingangomuziva kana ndikamuona chiso chake. Asi, zvakataurwa zvichinzi vaiva Mai Shepherd. Uye kuti pamwe zvakaitwa zvose saizvozvo, kuitira kuti... Kana ndaziva kuti vange vari Mai Bell vaiva mumamiriro iwayo, pamwe ndaidai ndakaendako uye ndikavakumbirira pakarepo. Uyezve, onai, izvo, pamwe, Mwari akanga asingadi kuti tiite izvozvo. Saka, "Tinoziva kuti zvinhu zvose izvi zvinoshanda pamwe chete mukunaka kuna avo vanoda Mwari."

⁹ Uye ndine chokwadi chokuti Hanzvadzi Bell vaidi Ishe wedu. Vaiva mudzimai akanaka. Zvino, ivo mumwe wedu. Muno, hatina zvekutsaurana neruvara rweganda. Mhuri yaMwari haina miganhu inotemwa pachishandiswa ruvara rweganda. Kana tiri

vatsvuku, vakasvibira, vatema, kana veyellow, hazvina mhosva, kana vachena. Chero zvazvingava, tiri hama nehanzvadzi munaKristu. Saka naizvozvo tino—tinovada. Uye tichavashuva, isu Tebhanakeri. Ndichaashuva sei, ma “ameni” makuru, akakasharara, aivo Hanzvadzi Bell, kumashure uko mukona. Uye pataivatakura tichienda kumba, vaisitaura pamusoro paShe Jesu.

¹⁰ Uye kana ndaizvinzwisisa zvakanaka, handina kumbozviziva kusvikira nguva pfupi ichangodarika, asi ndinofunga rufu rwavo ruchachemerwa imo muno muchechi. [Hama Neville vanoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti.] Icho Chipiri chiri kuuya nenguva dza [“one o’clock.”] one o’clock. Uye ndinofunga kuti imi neni tichazotungamirira [“Ndizvozvo.”] sevhisu yerufu urwu.

¹¹ Asi, muungano, kuti taderera pakusimba kwedu nemunhu mumwe mangwanani ano. Mukuremekedza Hanzvadzi yedu Bell, ngatisimukei netsoka dzedu kwekanguva, tichikotamisa huso hwedu.

¹² Mwari woupenyu, Anopa nokutora upenyu; saJobo wekare akati, “Ishe anopa uye Ishe anotorera; ngariropafadzwe Zita raShe.” Makore akati kuti apfuura, Makatuma Hanzvadzi Bell pakati pedu, kuti vave nhengo pamwe chete nesu, muhukuru hwegovero yeupfumi hwaMwari. Uye tinokutendai Imi nokuda kokuruzira kwavaiva nako pamberi pedu, kuti vaifarira sei kuimba nokupupura, uye kuzadzwa noMweya zvekuti vaisvikira pakuchema nokudanidzira. Uye vakanga vasinganyari neEvangeri yaJesu Kristu, nokuti, kwavari, Raiva Simba raMwari rinounza ruponeso. Kuona makore avo achiwanda, uye kuti nguva inosvika apo tose tinofanira kudavira. Uye Imi mavabvisa kwatiri, mangwanani ano, kuti vave muHupo hweNyu. Nokuti, zvirokwasvo ndicho chokwadi, kana tabva pano, tinopinda muHupo hwaMwari.

¹³ O Mwari, tinokutendai Imi pane zvose. Tinomamata kuti Mucharopafadza murume wavo, shamwari yangu, James; mwanakomana wavo, vanasikana vavo, vose avo. Tinonzwa kuti mwanakomana wavo ari kubhururuka kubva kuGermany, kubva kumauto, achiuya kumba, kupa ruremekedzo rwaanogona kupa rwokupedzisira, panyika, kuna amai vakatisiya. Kutu hana yemujaya uyu iri kurova sei mangwanani ano. Ndinomunamatira, Ishe. Mwari, muropafadzei. Ropafadzai Jimmy, uye ari sei iye...Kumuona achishanda kunze uko, maawa anonetesa, kuti araramise mhuri yake. Ndinonamatira kuti mhuri huru iyi isazopatsanuka, asi vhiri remhuri risapwanyika muNyika iri mhiri kweupenyu huno.

¹⁴ Dai isu, Ishe, zvino tasungazve zviri nane hanzu dzokurwa nebhanhire, tawedzera kusunga, uye tobva tabuda kundorwa zvino, kundorwa tisina mumwe wataiva naye svondo yakapera.

Tinonamata kuti Muchatichengeta uye kutisimbisa, uye kutibatsira apo tinoenderera mberi, uye rimwe zuva dai tose taunganidzwa pamwe chete zvakare mhiri kweupenyu huno. Nokuti tinozvikumbira izvi nemuZita raJesu. Amen.

¹⁵ Zvino dai mweya wehanzvadzi yedu yaenda wazorora murugare. Ndinoda kuti nditi rufu rwavo—rwavo ruchaparidzwa pano Svondo, kana Chipiri, uye tingada . . . Munhu wese achauya akasununguka kuuya. Ndinofunga Hama Neville pano vane zvirongwa zvose. [Hama Neville vanobvuma—Mupepeti.] Uye maiva nazvo. Zvino, nhasi, ndinongo . . .

¹⁶ Onai, hakuna zvakanaka. Dai pakava nechigaro kumwe chingaunzirwa Hama navaHanzvadzi Slaughter kumashure uko. Ndakagamuchira fonu yenyu, Hanzvadzi Slaughter, ndikaenda kunonamatira wenyu . . . vamwe vaHanzvadzi Slaughter, Hanzvadzi Jean Slaughter vane fivhiri yetsuro, tularemia. Zvirokwazvo yakavabata, asi tinovimba naMwari kuti vachaita zvakanaka.

¹⁷ Zvino tinoda kuverenga rimwe Gwaro. Uye ndinoda kudzidzisa mangwanani ano, ndichitora nguva yangu, nokuti kubva pandakadzoka kubva kunze, kuArizona, zvino, pahuro pangu pachakashoshoma.

¹⁸ Uye zvino, Svondo inotevera, musakanganwa, uye ndinofunga kuti Billy akatotumira kare matsamba oku—okukushambadzira. Uye ichava sevhisu yakati rebei, tinotenda, saka ngatiuyei nekukurumidza sekukurumidza kwamunokwanisa. Tinoda kutanga, kubva pana hafu past nine, kana kuti ndinoreva, ten o'clock. Uye pamwe, rangarirai, pamwe one kana one- . . . pamwe kusvika hafu past twelve kana one o'clock, saizvozvo, maawa matatu kana mana kana kupfuura, ndinoda kutora, uye kungatora Magwaro. Hunzai mapepa nezvinyoreso zvenyu, tingozviisa pachena. Pane muvunzo, bvunza—ubvunze, maona, uye pamwe tinogona kuvitsanangura, kuita zvatinokwanisa kubatsira.

¹⁹ Zvino ngativerengei mamwe Magwaro, chokutanga, zvino. Ndine nzvimbo nhatu muBhaibheri, idzo ndinoda kuverenga. Yokutanga yadzo, kana muchida kudzimaka, uye kana mune penzera. Ndinoda kuzendamira, mangwanani ano, pazvinyorwa zvakanaka zvandinoda . . . kana kuti, Magwaro akawanda, ayo ndichada kuzendamira paari. Rokutanga ndi Petro Wokutanga 5:8-10, VaEfeso 6:10-17, uye Danieri 12:1-14. Zvino, tochiverenga, tichitora nguva yedu.

²⁰ Uye munhu wese akagara pasi. Asi, pachine vashoma vakamira, kumashure uye kurutivi. Asi tichaedza kuti tipedze nokukurumidza tigokusunungurai kuti muende, tozonamatira vanorwara.

²¹ Tine mudzimai mudiki akarara pano mangwanani ano, anorwara kwazvo. Ndakanzwa kuti airwarisa, nezuro. Uye

ndi—ndinoda kuti anzwe, mangwanani ano, chekutanga, ndisati ndamunamatira. Uye ndinoziva marwarire emudzimai wechidiki uyu. Uye ari kurwara kwazvo, asi tina Baba mukurukuru wokuDenga Uyo wakakunda nokupfuura zvirwere zvose. Uye ndine ka—kadiki . . .

²² Ndakumbira Mai Woods kuti vakaverenge, asi ivo—ivo vazeza ku—kudaro. Chinyorwa, apo chiremba wezvokurapa akashamiswa zvirokwazvo. Apo, iye anga ari mutsoropodzi weKupodza kwaMwari, uye asingadi kuti munhu ataure nezvekupodzwa uku muhofisi yake; uye nanesi wake, naiyewo. Zvino, zvakaaitika kuti, pakauya murwere aiva nekenza, kenza yakakura. Iye haana kuda kuva nechokuita nayo, saka wakamuendesa kune imwe kiriniki. Ikoko vakanga vasingadi kuva nechokuita nayo, saka vakamudzosera kwaakanga abva. Saka ivo. . . O, yakanga iri pazamu, uye yakanga yaipa. Uye ganda rose rakanga radiyiwa rapera. Uye kenza, yakanga yadzika muzamu, ikapinda mumbabvu. Ndinofunga munonzwisisa zvandiri kureva.

²³ Vakadana shamwari yedu chiremba mudiki wokubva kuNorway agere nesu mangwanani ano.

²⁴ Iye wakaunganidza zvinhu zvake zvose ndokugadzirira, nokuti anoti aiziva kuti—kuti vaida kuti amuvhiye kuti abvise zamu racho. Zvino raiva basa rinobudisa ropa zhinji. Uye—uye akatora zvinhu zvake, zvose. Nesi akagadzira mudzimai airwara uya ndokumuunza mumba mekuvhiyira, ndokudzokera kunotoro zvekushandisa, zvakare, izvo zvaizoshandiswa nachiremba nemubatsiri wake, pakubvisa zamu riya. Zvino vakaisa matauro nezvimwe pamusoro pake. Uye ivo vakatanga . . .

²⁵ Apo akacheuka, murume wake akada kuziva kana aigona kugara nechokumucheto muimba iyi achinamata. Iye aiva muparidzi woutsvene. Iye akagara ipapo parutivi rwegumbo remubhedha, achinamata. Zvirokwazvo, chiremba haana kunyatsogutsikana nazvo, munoziva, kuti murume uyu arimo. Asi chero akanga asingazotarisi, uye hazvaizomurwadza, zvaiva nei hazvo, “Ndinofunga kuti zvanga zvakana; akanga asingazo—asingazofenda.”

²⁶ Saka akagara kudaro, achinamata, kwakauya karuzha muimba iyi. Iye chiremba akatendeuka kuti achiendawo, zvakare, nezvinhu zvake, kunotanga kuchibvisa zamu. Akapenengura chinhu mushure mechimwezve. Panga pasisina kana vanga pazamu; pasina kana vanga zvaro. Iye akati, “Icho chino—chino. . . Icho chinofamba here?” Uye akatanga . . . Uye nesi akapawo chapupu chake. Vose pamwe chete zvino vava mapentekosita, akazadzwa neMweya Mutsvene, vava kushandira Ishe. Pasisina kana vanga!

27 Iye Chiremba Holbrook akapupura, pachake, akati, “Mineti imwe chete pasati pasvika ipapo, mu—mukadzi anga akarara apo, uye nanesi, nezikenza zihombe rakatundumara kunze pazamu rake. Uye mineti imwe chete mushure, panga pasisina kana vanga payanga yabviswa.” Ndiye mumwe wavana chiremba vedu vezvokurapa vakanaka muAmerica muno. Iye anoti akabva angogutsikana nazvo pakarepo. Uye, iye, aitove mudhikoni mune imwe chechi. Maona?

28 Onai, vanhu vanongofunga kuti chechi ndechimwe chinhu chaunongoenda kwachiri, uye, “O, unoendako kunodzidza kuva munhu akanaka, kana zvimwe zvakangodaro.” Izvo hazvisiri izvo, shamwari. Kwete. Mwari ndiMwari. Onogova nohukuru nesimba nhasi sezvaAingova, sezvaAkagara ari. Uye Acharamba ari zvimwe chete. Uye Iye i . . . Isu tinongoMuda.

29 Zvino, tinoda kuverenga zvino kubva pana Petro weKutanga, chitsauko chechishanu, ndima 8 na10, dzokutanga nadzo.

Iva wakabengenuka, . . . wakangwarira; nokuti mwengi wako dhiyahhorosi, . . . seshumba inoomba, anofambafamba, achitsvaka waangaparadza:

Uyo murwise wakamira nesimba mu . . . kutenda, uchiziva kuti kurwadziwa kumwe chete uku kwakaitwa muhama dzako dziri munyika.

Asi Mwari wenyasha dzose, uyo akatidanira kukubwinya kwake kusingaperi naJesu Kristu, mushure mokutambudzwa kwekanguva, okuitai vakakwana, vakagadzirirwa, vane simba, uye akudzikamisei.

30 Mwari ngaarumbidzwe! Zvino muBhuku ravaEfeso. Tinoda kuti tivhure pano kuBhuku ravaEfeso, chitsauko 6, uye tinoda kuverenga kubva pandima 10 kusvika pa17, dzandakatara.

Pakupedzisira, hama dzangu, ivai nesimba munaShe, nomusimba rake guru.

Pfekai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, kuti mugone kumira muchirwa namano adhiaborosi.

Nokuti hatirwi nenyama neropa, asi navabati, namasimba, namadzishe erima enyika—enyika ino, nemueya yakaipa yemunzvimbo dzakakwirira.

Saka zvitorerei nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, kuti mugone kumira muzuva rakaipa, . . . maita zvose, kuti mumire.

Mirai naizvozvo, makasunga zvivuno zvenyu nezvokwadi, . . . mune chidzitiro chapachipfuwa chokururama;

Netsoka dzenyu dzakapfekedzwa nekugadzirira kweevhangeri yorugare;

Pamusoro pezvinhu zvose, . . . nhovo yokutenda, yamuchazogona nayo kudzimura miseve yose ine mwoto yowakaipa.

Uye torai ngowani yoruponeso, nemunondo woMweya, rinova iro shoko raMwari:

³¹ Zvino muBhuku raDanieri, ndinoda kuverenga zvakare. Zvino, Danieri chitsauko 12. Ndinoda kutanga pokutanga, uye ndoverenga pakati—pakati rebeyi pechitsauko ichochi, ndima dzinoita gumi neina.

Zvino panguwa iyo. . . Mikaeri uchasimuka, iye muchinda mukuru unomiririra vana vavanhu vako: uye pachazove ne. . . nguva yenjodzi, isina kumbovapo yakadaro kubva pakumuka kwamarudzi avanhu kusvikira panguwa iyo: uye panguwa iyo vanhu vako vachazodzikinurwa, vose avo vachawanikwa vakanyorwa mubhuku.

Zvino vazhinji vavo avo vavete muguruva renyika vachazomuka, uye vamwe kuupenyu husingaperi, . . . vamwe kukunyadziswa nokuzvidzwa kusingaperi.

Asi avo vakachenjera vachazopenya sokupenya kokudenga; uye avo vanodzorerera—vanodzorerera vazhinji kukururama vachapenya senyeredzi nokusingaperi—peri.

Asi iwe, O Danieri, zarira—zarira. . . bhuku, kusvikira panguwa yokupedzisira: vazhinji vachamhanya kwose kwose, uye zivo ichawanzwa.

Zvino ini Danieri ndakatarisa, uye, tarira, pakamira vamwe vaviri, . . . mumwe nechokuno pamhenderekedzo yorwizi, uye mumwe uko ku. . . divi iro remhenderekedzo yorwizi.

Zvino mumwe akati kumurume wakanga akapfeka mucheka, wakanga ari pamusoro pemvura yorwizi, Inguwa yakadini kusvikira pakuguma kweizvi zvaiva. . . zvishamiso?

Zvino ndakanzwa murume wakanga akapfeka mucheka, uyo akanga amire pamusoro pemvura yomurwizi, apo akasimudzira ruoko rwake rworudyi nerworuboshwe kudenga, uye akapika naiye unorarama nokusingaperi kuti zvichaita nguva imwe, neimwe nguva, uye nehafu; uye kana achinge apedza kuputsanya simba ravanhu vatsvene, . . . zvinhu izvi zvichazopedziswa.

³² Ndinotenda kuti ndochimirira ipo pano. Ndinoda kutora musoro wenyaya, kana pachidaidzika musoro kubva apa, pana izvozvi, kuti ndiwane musoro wenyaya unoti: *Hondo Hurusa*

Yati Yamborwiwa. Ndiwo wandinoda kushandisa semusoro wenyaya.

³³ Zvino, masvikire andakaita kunobata uyu somusoro wenyaya mangwanani ano. Tichangodzoka; vabati vehomwe vamwe, pano pakereke, neni, taiva kuArizona. Uye takaendako, zvirokwazvo, kuti tinove nemusangano kuPhoenix, neHama Sharrit, patebhanakeri yavo. Asi pandakaona kuti imwe—imwe hama yaiva muguta, ine masevhisi emutente, zvino, ipapo, ndakanzwa kuzengurira kuitawo musangano. Ndakafunga kuti pamwe ndaizouita neSvondo masikati, kuti pasazova neanokanganiswa nazvo mumakereke avo. Asi, ndokuona, kuti aiva namasevhisi epaSvondo masikati, zvakare. Zvino ndakava no—nokushushikana zvisvishoma pamusoro pokuva nesevhisi.

³⁴ Zvino saka isu hama, pachinhambo chokupedza zuva rose, sezvo taiva kunze tichivhima, takaenda muguta, ndokugadzirira, ndokuenda kumasevhisi eHama Allen. Hama A. A. Allen vakanga vachiita masevhisi. Saka takaenda kumasevhisi, Hama Allen vakaparidza mharidzo yakasimba. Takava ne—nenguva, nguva yakanaka, yokuterera Hama Allen, kunzwa va—vaimbi, uye zvakadaro, kuti vaiimba sei, nekudanidzira, uye takava nesevhisi huru.

³⁵ Zvino takaona, parwendo rwose, ruoko rwaShe. Kose kwatakaenda, Ishe Jesu vaisangana nesu. Uye pane chimwe chinhu pakuva kunze uri wega, kunze kumarenje. Pane chiripo pazviri, kuti kana uri wega saizvozvo, pane chimwe chinhu chinokuswededza pedyo. Ndicho, chandinofungidzira, chikonzero chandinodira nzvimbo idzo dzokunze. Unoenda kure nesimba romuvengi, sezvatinazvo pano.

³⁶ Wakaipa haatongokuvadzi kunze kokuti agona kuwana chinhu chokuti ashande ari machiri, chaanenge anacho. Munorangarira mweya yakaipa iyo yakadzingwa munaLegion, yaiva nei? Yaida kuita mimwe misakanzwa, saka yaida kupinda munguruve. Saka, mweya yakaipa inofanira kuva nechinhu chokuti ishanda iri machiri, mumwe munhu wekuti ishanda nomaari.

³⁷ Zvino ndiyo nzira Mwari yaanoitawo nayo, zvakare. Anofanira kuva nesu. Iye ari kuvimba nesu, kuti ashande nematiri.

³⁸ Uye vazhinji vakauya patainge tiri parwendo, nehope dzavakarota. Uye Ishe Jesu havana kutongokundikana asi vakadzipa dudziro dzamazvirokwazvo, saizvozvo, nomazvo chaimo.

³⁹ Uyezve Akanga akatinakira, kutitungamirira kwaiva nemhuka nokutiudza padzaiva. Uye munoziva, kungovapo saizvozvo, zvakangonaka. Kugara usiku, takatenderera, pachoto chepamusasa, kure navanhu vose, kwemamaira nemamaira nemamaira, nekutarisa ku—kubhwibhwinyu

komwoto wepamusasa pamatombo akapoteredza. Zvino, o, zvainge zvakanaka kwazvo!

⁴⁰ Imwe hama ikoko, iyo yaiva nedambudziko nemudzimai wayo, uyo aiva . . . Makore apfuura, mudzimai uyu akasimudza musoro wake musevhisi yepamusangano, apo pandainge ndiri kuita sevhisu. Zvino ndakanga ndavaudza kuti vakotamisa huso hwavo; paiva nomweya wakaipa uyo wanga usingadi kubva pa—pamudzimai, aiva papuratifomu. Zvino mukadzi uyu, nokuda kokuzvidza, ndokusimudza musoro wake zvakadaro. Zvino mweya wakaipa wakabva pamukadzi, aiva papuratifomu, ndokuenda kwaari. Zvino izvi zvava nemakore gumi nemana, uye mukadzi uyu agara ari mumamiriro asina kunaka; zvakananyanya, kunyange nepfungwa, kusvikira pokuti anongoita zvinhu zvisina kunaka. Somuenzaniso, akasiya murume wake, ndokuenda kunoroorwa nemumwe murume apo akanga achiri kugara nowake; akati iye akanga asingazivi kuti ndizvo zvaakaita. Saka vaka—vakaedza kumuongorora pakuita uku. Munozviti kudii izvozwi, pauno . . . Kusaziva kuti ndiwe ani? I . . . Zvangu ini, hameno zita racho. Ndinofunga kuti ndizvozwi, chiremba. Asi zvakanga zvisiri izvozwi. Waiva mweya. Uye iye . . . iye mukadzi uyu aiva shamwari yangu yakanaka. Asi kubva usiku uhwo, kuenda mberi, akatosarudza kundivenga. Zvirokwazvo, munogona kuona kuti sei zvaiva zvakadaro.

⁴¹ Asi zvino murume wake paakauya, tikapfugama mumbamo kuti tinamate, Mweya Mutsvene wakabva waburuka. Ndizvo zvazvaida. Ndokubva Azviratidza kumurume wake usiku uhwo, kuhope. Akauya nehope dzake, achifunga kuti kwaiva kutamba. Ndokuzoona, kuti ndiyo yaitove mhinduro yokupodzwa kwemudzimai wake. Mweya Mutsvene wakashanda sei!

⁴² Tiri zasi kuTucson, neHama Norman nevamwe, uye ikoko Ishe vakatanga kushanda zvakare nezvinhu zvine simba guru nekuisa zvinhu pachena.

⁴³ Humwe usiku, icho chandikwevera kupfungwa iyi pano, ndakanga ndakamira neHama Wood neHama Sothmann. Takanga . . . Dzaiwa nguva dzingaita ten o'clock usiku, uye ndainge ndakatarisa mudenga, kushamisa kukuru kukandifukudza. Zvino ini ndakati, “Ingotarisa! Hondo yose huru, yomudenga!” Uye ndakati, “Zvinhu zvose zviri mukuwirirana.”

⁴⁴ Zvino Hama Wood vakati, “Wakatarisa panyeredzi mbiri diki dziri pedyo napedyo, izvo, zvinodzita kuti dziite sechiedza.”

⁴⁵ Ini ndikati, “Asi, munoziva, Hama Wood, maererano nesainzi, Boka renyeredzi Boka Duku renyeredzi Boka guru renyeredzi, nyeredzi idzodzo hadzisionekwi sedzakatarumukana mainjisi maviri; asi idzo dziri kure nakure kupfuura hurefu huri pakati pedu nekwadziri. Uye kana dai dzaitanga rwendo

rwokuuya kunyika ino, dzichifamba zvuru zvamamaira paaawa, zvingatora, zvingatora mazana nemazana emakore kuti dzisvike panyika ino.” Uye ini ndikati, “Muukuru uhwu hwose, zvinhu zvikuru pano, asi vanotiudza kuti vanotarisa nemumagirazi, vachiona chiedza chamakore zana nemakumi maviri emamiriyoni, kunze uko; uye kuchiri nemimwe mwedzi nenyeredzi. Uye—uye, asi, Mwari wakagadzira chimwe nechimwe chazvo. Uye Anogara pakati pazvo.”

⁴⁶ Ndikati, “Pane imwe nzvimbo umo, ndakambenge ndazvinongedzerwa ini, imwe nguva ndiri munoongororerwa nyeredzi, nyeredzi dzinoruzira openyu hwavanhu; kutanga nemhandara, kouya chizvarwa chekenza, uye kudzika kusvikira pane chekupedzisira chinova shumba, Leo inova shumba. Kuuya kwaKristu kwokutanga, kubudikidza nemumhandara; kuuya kwechipiri, kubudikidza neShumba yorudzi rwaJuda.” Zvino ini ndakati, “Ndakaedza nokugona kwangu kose kuti ndione nyeredzi dzerunziro idzi, asi handigoni kudziona. Asi, zvekare, dziripo. Avo vakadzidziswa, vanoziwa kuti dziripo. Jobo akadziona. Vanhu vaigara vachidziona. Ndiri raiva Bhaibheri, pane imwe nguva. Asi muhukuru hwose hwe—hwechiedza chemamirioni namabhirioni amakore, Mwari anogara pakati pazvo zvose, uye Iye anotarisa pasi. Pauro arimo. Mai vangu varimo mukati imomo, pane imwe nzvimbo, vakatarisa pasi.”

⁴⁷ Zvino ndakafunga nezveurongwa hwehondo yokudenga, hakuna chimwe chete chisiri panzvimbo yacho. Chimwe nechimwe chinochengeta nguva yacho, zvakakwana. Hondo huru yaMwari! Ndakafunga nezvamauto; kuti kana mwedzi uyo ukabuda mugwara rawo, nyika inozadzwa nemvura zvakare, mumaminetsi mashomanene. Nyika ingazova sezvayaiva apo Mwari akasarudza kuishandisa, kuti isu tive pano pairi. “Yakanga isina chimiro, isina chinhu, uye rima, nemvura zvakanga zvakazadza nyika.” Zvino kana mwedzi uyo ukangofamba, unongoita zvimwe chete zvakare. Kana mwedzi ukangofamba zvishoma kubva kunyika, mvura dzomumakungwa dzinokwirira dzouya panyika. Kana ukadzika, makungwa anongoutevera. Ihondo huru yaMwari. Apo pandakafunga nezve . . . ihondo huru yaMwari iyo.

⁴⁸ Zvino, takaenda kundorara. Uyezve ndakatanga kufunga kuti hakuna chimwe chazvo chinobva munzvimbo yacho. Zvose zvinogara munzvimbo yazvo. Uye kana paine kufamba, kwose, pakati pazvo, pane chikonzero, uye zvinotokanganisa nyika ino. Tichangobva kuona zvibereko zvazvo iko zvino, kubva pakufamba kwezvimwe zvazvo zvichienda mune dzimwe nzvimbo. Zvine zvazvinoita. Zvinokanganisa zvose.

⁴⁹ Zvino ndakafunga, zvakare, kuti kana hondo huru yekudenga iyo, yakadai, ichifanira kuchengeta nzvimbo dzayo, kuti zvose zvive nehurongwa hwakanaka, zvakatodii nenyonganyonga yehondo yepanyika? Kutu apo chimwe chete

chikabuda mugwara, chinokonzera sei zvose kusafamba zvakanaka! Hurongwa hwose hwaMwari hunokanganisika kana nhengo imwe chete bedzi yabuda mugwara rayo. Tinofanira kushingairira kuchengetedza hurongwa hwoMweya.

⁵⁰ Uye ndingati, kuna Mwari, mangwanani ano, dai tikaunza iyi kuti ive sevhisu yekupodzwa yemazvirokwazvo, kuti tichachengeta chikamu chino...boka iri rataunganidza pasi pedenga rino mangwanani ano, mukuwirirana, kuti Mweya Mutsvene uchagadza nhengo imwe neimwe yoMutumbi, iyo iripo pano mangwanani ano, mukuwirirana uku, kusvikira pachazova nekupodzwa kwemweya nemuviri, kana tikangochengeta nzvimbo dzedu.

⁵¹ Zvino, sezvandambotaura pakutanga, mudzimai uya aiva nekenza iyo Chiremba Holbrook vakabvisa...vaizonobvisa. Zvino, Mwari wakakonzera ruzha rwuya kuti rwuuye mukiriniki, uye ndokubvisa kenza pakasara kana vanga zviro, hamuzivi here kuti Mwari mumwe cheteyo ari pano? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Uye chinhu chimwe chaAri kumirira, ndechokuti hondo yaKe—yaKe ichimira munzvimbo yayo, senyeredzi, dziri panzvimbo dzadzo.

⁵² Zvino, munoziva, takave nehondo dzichitevera dzimwe hondo, uye guhu rehondo? Uye kana nyika ikararama, tichave nehondo zhinji. Asi munocherechedza here kuti kune masimba maviri pasi rose? Kubva pakusawirirana pakati pendudzi dzavanhu, uye kusawirirana pakati pemumwe nomumwe, uye zvose, zvinongova pamasimba maviri. Pane masimba maviri bedzi, uye pane humambo huviri; masimba maviri, nehumambo huviri. Zvimwe zvose, zvinhu zvidiki diki, zvakabatanidzwa nerimwe ramasimba aya. Masimba awa isimba raMwari nesimba raSatani. Ndizvo zviri...Hondo yose, nyonganiso yose, chose chinouya, chinotongwa nesimba raMwari kana kuti simba raSatani, nokuti ndiwo masimba maviri oga aripo. Zvino ndiro simba reupenyu nesimba rerufu. Zvino, ndiwo bedzi masimba maviri.

⁵³ Satani anokwanisa bedzi...Simba rake, raanaro, isimba raMwari raakatsveyamisa. Harisi simba ramazvirokwazvo. Kutsveyamiswa kwesimba raMwari, zvose Satani zvaanazvo. Rufu hupenyu hwatsveyamiswa. Nhema ichokwadi chisina kutaurwa muchokwadi. Maona? Vupombwe chi—chiitiko chashandiswa zvisizvo, chiitiko chakarurama chaitwa zvisizvo. Maona? Chose Satani chaanacho ndechimwe chinhu chakatsveyamiswa, asi isimba.

⁵⁴ Zvino isu takagara, pano, nhasi, rimwe kana rimwe remasimba awa riri kuzotishandisa. Saka ngatirasire kunze rakaipa racho. Ngatitorei nzvimbo dzedu senyeredzi dzomodenga.

55 Sezvarinotaura Bhaibheri, “Nyeredzi dzinongombeya-mbeya,” muBhuku raJudasi, “dzichibudisa furo rokunyadziswa kwadzo.” Zvino hatidi kuva nyeredzi dzinongombeya-mbeya; hameno kana *izvi* zviri izvo, hameno kana *izvi* zvakanaka, hameno kana *zvichazoitika*, hameno kuti *zingazoitika* sei. Usatetereka. Gara wakaita senyeredzi idzo dzedenga, semusoja wamazvirokwazvo panzvimbo yake yebasa. Mira apo, uchitenda! Upenyu nerufu.

56 Zvino, hondo, kana iri hondo yamazvirokwazvo, nyika ichigadzirira kundorwa neimwe nyika, inofanira kutanga yagara pasi nekuona kuti chii chakanaka uye chii chisakafanira, uye kuti vangagona kundorwa nyenika iyo here kana kwete. Jesu akazvidzidzisa izvi. Zvino dai vanhu vakadaro, dai nyika dzi—dzikagara pasi, dzomira nekufunga zvinhu izvi, mativi ose, tingadai tisingazovizve nedzimwe hondo.

57 Zvino, tinoona, kana munhu asingaiti izvi, kana vatungamiriri vararwi venyika vasingagari pasi, kutanga, voona kuti vari mukururama, uye kuti donzvo nechinangwa chavo zvakanaka, uye kuti vane simba rakakwana rokuti vagokunda hondo inouya, zvino vakasadaro zvechokwadi vanokundwa.

58 Ndopakaita Mutungamiriri we mauto Custer mhosho yake ine rufu. Mutungamiriri Custer, sezvandinonzwa, akarairwa kubva kuhurumende, kuti asapinde munyika yavaSioux, nokuti yakanga iri nguva yavo yokunamata. Yakanga iri nguva yekushumira. Vakanga vaine mabiko. Asi Custer akadhakwa, akafunga kuti achangozviita zvakadaro. Ari kuyambuka, kana dai arairwa kudaro kana kuti asina. Uyezve vakatopfura vamwe varume vasine mhosva, vakavapfura. Ndinofunga kuti vakabaya vamwe vavo. Vakanga vari masikautsi, kunze, vaitsvaga zvokudya, zvokupa vanhu vavo—vavo avo vaingunoshumira. Zvino Custer, pakuyambuka, akavaona, ndokufunga kuti vaitsvaga vedivi rake, ndokubva avapfura masikautsi aya. Uye masikautsi aya akapukunyuka, ndokudzoka. Chii chavakaita? Vakanozvishongedza nezvombo, ndokubva vauya. Zvino uku ndiko kwakava kuguma kweMutungamiriri Custer, nokuti haana kugara pasi, akatanga afunga.

59 Iye wakanga asina chokuita ikoko. Wakanga asina kodzero yokuva ikoko. Wakanga adzinga maIndia kubva kuMahombekombe ekuMabvazuva, rwendo rrose kuyambukira kumavirira, zvakadaro. Zvino vakanga vanyorerana chibvumirano, asi iye akatyora chibvumirano ichocho. Zvino iye paakatyora chibvumirano, ndipo paakakundwa pakurwa.

60 Zvino saka varwi, chokutanga, mukugadzirira kurwa, kutanga panofanira kuva navakasarudzwa, vamwe varwi. Vanofanira kupfeka hanzu dzokurwa. Vanofanira kuva vakadzidziswa kurwa.

⁶¹ Uye ndinotenda kuti hondo hurusa iyo yati yamborwiwa, yagadzirira kuti ichiitika. Ndinotenda kuti Mwari anga achisanangura varwi vaKe. Ndinotenda kuti Anga Achivapfekedza, nekuvadzidzisa. Uye nzvimbo yokurwira yagadzirwa, kugadzirira kuti ichitanga.

⁶² Iyi hondo huru, yekutanga, iyo yati yamborwiwa, yakatanga kuDenga, apo Mikaeri neNgirozi dzaKe vakarwa naRusiferi nengirozi dzake. Payakatanga, iyo hondo yokutanga, yaiva kuDenga. Saka, chivi hachina kutanga panyika, chakatangira kuDenga.

⁶³ Saka zvino chakakandwa pasi kubva kuDenga, kubudiswa kunze kweDenga, chikauya panyika, ndokuwira pavanhu. Zvino hondo, yakabva kungirozi, ikazova hondo yavanhu. Zvino Satani akauya kuzoparadza zvakasikwa zvaMwari, izvo Mwari akazvisikira kuti zvine zvaKe. Satani, wakanga auya, kuzoparadza izvo. Ndicho chaiva chinangwa chake, chokuzoparadza. Zvino hondo yakatanga pano panyika, ikatanga matiri, uye yanga ichibaka kubva kare kusvika nanhasi.

⁶⁴ Zvino, hondo yese isati yatangwa, vanofanira kutanga vasarudza nzvimbo yekusonganira, kana kuti nzvimbo iyo hondo ichazorwirwa, nzvimbo yakasanangurwa.

⁶⁵ MuHondo Yekutanga Yepasi rose, yanga yakanyatsogadzwa, munzvimbo-isina-muridzi umo vakandorwira. Saka panofanira kuva nenzvimbo yakasanangurwa.

⁶⁶ Seapo Israeri yakaenda kundorwa navaFiristiya paiva ne—ne—nemakomo kumativi ose epavakanga vakaungana. Apa ndipo pakabuda Goriati akadanidzira kuhondo dzeIsraeri. Ndipo Dhavhidhi akasangana naye, mumupata, apo akayambuka karukova kadiki kaipinda napakati pamakomo maviri, akanhonga matombo.

⁶⁷ Panofanira kuva nenzvimbo yakasanangurwa. Uye mune izvi, pane—ne nzvimbo yawiriranwa navaviri, nzvimbo-isina-muridzi, uye vanorwira *pano* panzvimbo iyi. Havangoti, mumwe anorwa *pano*, uye mumwe zasi *uko*, mumwe omanya *napapa*. Pane pokurwira apo vanosangana nokuedzana masimba, apo hondo imwe inoedza simba rayo pane imwe hondo, nzvimbo yakawiriranwa kusangana. Zvino, (batai) musapotsa izvi.

⁶⁸ Zvino hondo huru iyi payakatanga panyika, paifanira kuva nenzvimbo yakawiriranwa pokusangana. Paifanira kuva nenzvimbo yakasanangurwa kuti hondo itange, uye kuti hondo ibake. Zvino nzvimbo iyi yokurwira yakatanga mupfungwa dzomunhu. Umu ndimo munotanga hondo. Pfungwa dzemunhu dzakasarudzwa kuti dzive nzvimbo yehondo, apo yakatanga, uye imhaka yokuti sarudzo dzinoitwa mupfungwa, mumusoro. Zvino, havana kuzvitanga zvichibva pane rimwe sangano. Havana kuzvitanga zvichibva pane zvimwe zvinhu. Nzvimbo

hadzina kutanga ipapo. Naizvozvo, sangano harigoni, harigoni kuita basa raMwari, nokuti nzvimbo yekurwira, paunofanira kusangana nemuvengi wako, iri mupfungwa. Unofanira kuita sarudzo yako. Inosangana newe.

⁶⁹ Ndinoda kuti musikana mudiki uyu pano, ari kurwarisa, atererese zvino kune izvi, kutererese kwazvo.

⁷⁰ Sarudzo dzinoitwa mupfungwa, mumusoro. Ndipo paanosangana newe Satani, uye sarudzo ndizvo zvadziri, nokuti Mwari akaita munhu nenzira iyoyo.

⁷¹ Zvino, ndine (dai wanga wakatarisa pane zvakanyora pano) ndakadhirowa kamepu. Ndakanga ndinako pano kwete nguva refu yapfuura, pa...ndakakashandisa pabhodhi. Munhu akangogadzirwa sezvakaitswa tsanga yegorosi. Imbeu. Uye munhu imbeu. Panyama, uri mbeu yababa namai vako; uye upenyu hwakabva kuna baba, nyama ikabva kuna mai. Saka, zviviri, pamwe chete, zai ne—neropa, zvatana. Uye mukati mechizenga cheropa mune upenyu. Uye mukati umo zvinotanga, kukura, zvichigadzira mwa—mwana. Zvino, mbeu yose ine demhe rokunze; mukati mune munyepfu; uye mukati memunyepfu mune mhodzi yopenyu. Zvakana, ndiwo magadzirirwo atakaitwa. Tiri mutumbi, munhu womukati, uye mweya. Kunze, mutumbi, idemhe; mukati maizvo, hana yomukati nezvakadaro, mune munhu womukati; uye mukati memunhu womukati, mune mweya. Uye mweya unotonga zvimwe izvi zvose.

⁷² Zvino, kana ukagara pasi paunosvika kumba, wodhirowa madenderedzwa madiki matatu. Uchaona kuti mutumbi wokunze une pfungwa shanu dzaunoshanda nadzo, dzinova idzo kuona, kuravira, kunzwa kwekubata, kunhuwidza, nekunzwa nenzeve. Ndidzo pfungwa shanu dzinoshandiswa nomuviri womunhu.

⁷³ Mukati momutumbi mune munhu womukati, uye munhu womukati anodavirira kukufungidzira, hana, kurangarira, kushandis njere, uye zvido. Ndzivo zvinhu zvinoshanda nomunhu womukati.

⁷⁴ Asi, mweya, une pfungwa imwe chete. Mweya...O, ngatizvibatei. Mweya une pfungwa imwe chete, uye pfungwa iyi inonzira, kutenda kana kupokana. Ndzivo chaizvo izvo. Uye pane nzira imwe inosvika pauri, ndiko kuzvisarudzira sedungamunhu. Unogona kugamuchira kupokana kana kuti unogona kugamuchira kutenda, chero chimwe chete apa chaunoda kushanda nacho. Naizvozvo, Satani akatanga nepanokosha, kuti akonzere mweya wemunhu kuti upokane paShoko raMwari. Mwari akatanga nepanokosha, akawarira Shoko raKe mumweya uyu. Hezvo kwamuri. Ndzivo zvazvinoita.

⁷⁵ Kana chechi ino, izvozvi ikagona kubatanidzwa, uye ikarukwa pamwe chete zvokuti munhu wese anenge ari muhumwe, pasina kana mumvuri wekupokana kwese, hakuzovi nemunhu ane vutera pakati pedu, mumaminetsi mashanu anotevera. Hakungavi nemumwe achashuva Mweya Mutsvene asi anotoUgamuchira, kana mukangogona kuti chinhu icho chigadzirike. Zvino, ndipo panotanga hondo, imo mupfungwa dzako, kana uchida.

⁷⁶ Zvino rangarira, hadzisi Sainzi dzechiKristu, uye, pfungwa yomunhu pamusoro pezvinobatika. Izvo hazvina... Pfungwa dzinogamuchira Upenyu, hunova iro Shoko raMwari, rounza Upenyu. Pfungwa dzako bedzi hadzigoni kuzviita. Asi, Shoko raMwari, rapinzwa mugwara repfungwa dzako. Maona? Haisi pfungwa, sezvazvinoitwa neveSainzi dzechiKristu, pfungwa yomunhu pamusoro pezvinobatika. Kwete. Izvi hazvisiri izvo.

⁷⁷ Asi, pfungwa dzako dzinoRigamuchira. DzinoRibata. Pfungwa dzako dzinotungamirirwa nei? Nomweya wako. Zvino mweya wako unobata Shoko raMwari, uye ndicho chinhu chine Upenyu maChiri. Chinounza Upenyu mauri. O, hama! Kana izvi zvaitika, Upenyu pahunodzika negwara iro, kupinda mauri, iro Shoko raMwari rinobva raratidzwa nomauri. “Kana mukagara maNdiri, uye Mashoko aNgu akagara mamuri, zvino kumbirai zvamunoda muchazviitirwa.”

⁷⁸ Zvino izvo zvinoitei? Kubva pakati pemwoyo, panova nemunhu wemukati, kubva ipapo zvinoenda mberi, zvichipinda mugwara roga roga. Dambudziko nderokuti, takamira mukati *umu* tiine kupokana kuzhinji, tichiedza kutambira zviru kunze *uko*. Unofanira kurega izvozvo; wodzika negwara iro rine Shoko raMwari rechokwadi, uyezve rinobuda kunze, pacharo, roga. Ndezviri mukati. Ndizvo zvinhu zvine basa, zviru mukati.

Satani masvikire ake ndeokubva nemukati.

⁷⁹ Zvino, unoti, “Handibi. Handinwi. Handiiti zvinhu izvi.” Izvo hazvinei nechokuita nazvo.

⁸⁰ Maona, ndezviri mukati. Hazvina basa kuti wakanaka sei, kuti une tsika sei, wakatendeka sei, zvinhu izvo zvinoremekedzwa. Asi Jesu akati, “Kunze kwekuti munhu aberekwa kutsva.” Maona? Panofanira kuva nechimwe chinhu chinoitika mukati. Kana usina, zvinongova zvipfeko zvekunze, nokuti mukati memwoyo wako unoshuva kuzviita zvakadaro. Hazvifaniri kuva zvekunze. Zvinofanira kuva zvamazvirokwazvo.

⁸¹ Zvino pane nzira imwe chete bedzi iyo zvingagona kudzika nayo, ndiyo nzira yekuzvisarudzira, zvopinda mumunhu wemukati, kubudikidza nepfungwa dzako. “Munhu sezvaanofunga mumwoyo make, ndizvo zvaari.” “Kana ukati kugomo iri, ‘Ibva,’ usina kupokana mumwoyo mako, asi uchitenda kuti zvawakumbira zvichaitika, unova nazvo

zvawakumbira.” Mazvibata? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hezvo kwauri. Maona? Heyo nzvimbo yokurwira. Dai mukangoita kuti zvitangise, kutanga.

⁸² Tine shungu dzokuona zvinhu zvichiitwa. Tine shungu dzokuitira Mwari chimwe chinhu. Mudzimai mudiki uyu haasi...shungu, pasina kukahadzika, ane shungu dzokuti ararame. Anoda kupora. Vamwe varipo pano, vanoda kupora. Uye kana tikanzwa nezvedambudzo iro, sachiremba, kumutswa kuvakafa, zvinhu zvikuru zveMasimba izvo Mwari wedu akaita, zvinotipa shungu. Zvino chikuru ndechichi, tinoedza kubata izvi nepfungwa idzi, kuti tibate chinhu chiri uko, sehana.

⁸³ Vanhu vazhinji, nguva dzakawanda, vakanzvongamisa Shoko. Uye handina kunzwiswa pane izvi, kudaidzira vanhu kuaritari. Ini ndakati, “Handina kunyanya kudanira vanhu kuaritari,” ndisingarevi kuti haufaniri kudanira vanhu kuaritari.

⁸⁴ Asi mumwe munhu ngaabate mumwe ruoko, ati, “O, Hama John, munozivei? Ini nemi tanga tiri vavakidzani nguva yose iyi. Huyai pano paaritari, pfugamai.” Chii chaari kuita? Ndinoshuva kuti dai ndanga ndine bhodhi rekunyorera pano, ndaikuratidzai kuti chii chaari kuita. Ari kuedza kushanda nomumunhu womukati wake, achishandisa zvido. Izvo hazvishandi. Harisi iro gwara racho. Zvirokwazvo, hariziro.

⁸⁵ Pamwe ari kushanda mu (chii?) ndangariro, kubudikidza nemupfungwa yemunhu womukati. “O, Hama John, maiva namai vakanaka. Vakafa nguva refu yapfuura.” Ndangariro! Maona? Hauzviiti saizvozvo.

⁸⁶ Zvinofanira kuuya nemutsara wekuzvisarudzira wakasununguka. Iwe, pachako, regedzera Shoko raMwari... Hauuyi nokuti amai vako vaiva munhu wakanaka. Hauuyi nokuti uri muvakidzani wakanaka. Unouya nokuti Mwari anokudana kuti uuye, uye unomuga Muchira paShoko raKe. Shoko iroro ndiro rinoreva zvose. Shoko iroro! Kana ukabvisa zvinhu zvose kubva panzira, hana yose, pfungwa dzose, wongorega Shoko ripinde mukati, Shoko iroro rinobereka chaizvozvo.

⁸⁷ Pano, onai kuti Rakafukidzwa nei? Iwe unoti, “Saka, zvino,” unoti, “saka, izvozvi, hana nepfungwa idzi, nezvakadaro, hazvinei nechokuita nazvo, Hama Branham?” Zvirokwazvo, zvine chokuita. Asi ukarega Shoko richipinda, uye woRifukidza nehana, zvino haRingagoni kukura; rinozova shoko rakaremara.

⁸⁸ Wati wamboona here tsanga yakanaka yechibage yakadyarwa muvhu, muti wowira pamusoro payo? Inozokura yakakombama. Muzambiringa wese, chinhu chose chinokura, chinodaro, nokuti chimwe chinhu chachipingaidza.

⁸⁹ Zvino, ndicho chakakanganisika noKutenda kwedu kwepentekosta nhasi. Tatendera zvinhu zvizhinji

kuKupingaidza, iko Kutenda kwatakadzidziswa, iwo Mweya Mutsvene wange uchirarama matiri. Tatendera zvinhu zvizhinjisa, tichitarisa pane mumwewo munhu.

⁹⁰ Zvino Dhiyabhorosi anogara achiedza kukunongedzera pane kukundika komumwe, asi ari kuedza kukuisa kure nechapupu chemazvirokwazvo chechokwadi. Achakunongedzera kumunyengeri, pane imwe nguva, uyo aitevedzera chimwe chinhu. Iye haana kuchiita, nokuti waitevedzera. Asi kana zvabva pachitubu chechokwadi cheShoko raMwari, “Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri,” Zvinofanira kugara zvakadaro.

Unozviona here izvi, hanzvadzi?

⁹¹ Rinofanira kugamuchirwa mupfungwa, uye Rozotendwa nemwoyo. Zvino Shoko raMwari rozoita ramazvirokwazvo, uye pfungwa dzose dzomunhu wemukati nomuviri dzinobva dzasukwa neMweya Mutsvene. Naizvozvo pfungwa yako yaMwari, hana yako pana Mwari, nezvose zvohumwari, zvinoyerera nemauro. Hapachina kupokana papi zvapo. Hapana chinhu chingasimuka.

⁹² Hakuna chinozogona kuuya mundangariro, choti, “Zvino, ndinorangarira Muzvare Jones vakaedza kuvimba naMwari, uye Muzvare *Wakati-ne-wakati*. Muzvare Doe vakaedza kuvimba naMwari kuti vapodzwe, imwe nguva, uye vakakundikana.” Maona?

⁹³ Asi kana gwara iri rakacheneswa nokusukwa, razadzwa mukati noMweya Mutsvene, izvo hazvitongouyi mundangariro, hazvina mhosva naMuzvare Jones nezvavakaita. Ndiwe naMwari, pamwe chete, pasina mumwezve asi imi vaviri. Hezvo kwamuri. Heyo hondo yenyu. Muuraire pokutanga. Mumise afe munzira yake. Hazvisiri zvokuti unogona sei kuita kuti hondo irambe iripo. Ndezvokuti, imise iko zvino!

⁹⁴ Kana ukauya, uchiramba uchirangarira nehana, nezvose, uchifunga kuti, “Zvino, ndingangokundika. Zvingangova zvisina kunaka.” Usamboita izvozvo, zvachose.

⁹⁵ Iwe kanda parutivi zvose, wovhura gwara, uye uti, “Mwari, Shoko reNyu ichokwadi Nekusingaperi, uye Rakaitirwa ini. Kana chechi yose ikakundika, kana pasi rose rikakundika, asi ini handigoni kukundika nokuti ndiri kutora Shoko reNyu.” Heyo hondo. Ndzivo zvine basa.

⁹⁶ Nemhaka yei Mwari Wamasimba ose angabvisa kenza kubva pazamu remukadzi, pachisara pasina vanga, asi osiya mwana akarara achifa? Kwete, changamire.

⁹⁷ Musikana mudiki akauya pano, nguva shoma yapfuura, achibva kuchikoro chesekondari. Amai vake vakandidana, vakati, “Hama Branham, mwanasikana wangu ane chirwere cheHodgkin.” Ikenza, inoita mapundu. Uye vanachiremba

vakatora chimedu kubva pane chakabva pahuro yake, vakachitumira kunoongororwa, zvino chaiva Hodgkin yakakwana.

⁹⁸ Saka akati, “Chinotevera chinogona kuitika, pamwoyo wake. Kana chikadaro, unobva atisiya.” Akati, “Iye haana... Nenzira yazviri kuitika nayo, ane, zvisinei, mwedzi ingangoita mitatu, yokurarama.”

⁹⁹ Amai vacho vakati, “Ndoita sei? Ndomudzoserera kuchikoro here?”

¹⁰⁰ Akati, “Regai aende, nokuti pamwe achatisiya nokukasika.” Uye akati, “Ingomuregai aende uye ararame hupenyu hwamazuva ose, sezvaanokwanisa. Musamuudze chinhu pamusoro pazvo.”

Saka mudzimai uyu akati kwandiri, “Ndoita sei?”

¹⁰¹ Ndakati, “Huyai naye mumuise mumutsetse wekunamatirwa.” Uye ndikati, “Imi muuye naye.” Ndikanzwa mamwe manzwiro anoshamisa.

¹⁰² Zvino apo musikana mudiki uyu paakauya, mangwanani iwayo, nemiromo yanga yakapendwa blue, nezvekuzorazora, uye chikoro sezvachinotendera. Zvino—zvino kamunhu kadiki kakauya. Ndanga ndisingazivi kuti ndiye ani; vanga vachizonondifonera. Ndakabata ruoko rwake. Ndikati, “Mangwanani, hanzvadzi.” Hoyu apo. Anga ari iye. Munguva shoma, ndakatarisa kuna amai vake ndikaona vose vasina Mwari, vasina Kristu. Ndikati, “Mungatarisira kupodzwa pakadai sei? Mungagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wenyu here?” Ndikati, “Mungauya kudziva iri nekuzobhapatidzwa muzita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi?”

Vakati, “Tichazviita izvozvo.”

¹⁰³ O, munoziva kuti chii chakaitika. Mukadzi uyu angange akagara pano mangwanani ano. Vazhinji venyu munoziva nyaya iyi. Hama Mike Egan, mumwe wevabati vehomwe pano, vakaona nyaya iyi. Ava kutosvika makore mana kana mashanu akapfuura. Musikana mudiki akaendeswa kuna chiremba zvakare, pakasaonekwa kana mufananidzo wechirwere cheHodgkin paari.

¹⁰⁴ Chii changa chanetsa? Waifanira kuvhura gwara, kutanga. Unofanira kutora Murwi, iye Mweya Mutsvene, womuisa mberi pakurwa, izvi zvinotora Shoko raMwari. Iye ndiye Shoko. Uye Anomira ipapo, hakuna chinhu chinogona kuRimisa. Hakuna. Gwara roga roga racheneswa. Sezvakangoita bhaira zvifemeso zvaro zvikavharwa; ukaisa moto mukati, rinoputika. Ndiro dambudziko rine maKristu mazhinji anoputika-putika, nderokuti havabvisi tsvina mumakwara awa, havadziki kupinda mukati. Unofanira kuchenesa, hana, ndangariro, pfungwa, kuaisa

zvose parutivi, uye kubva mukati zvichibuda kunze, neShoko raMwari risina kusvibiswa, nokuti ndiRo Chokwadi.

¹⁰⁵ Hazvina mhosva kana zvuru gumi vakafa kudivi *rino*, nhasi, vachivimba; zvuru gumi vakafa kudivi *iro*, mangwana, vachivimba; izvozvo hazvina chokuita neni. Ndini munhu wacho. Ndini wacho ari kuvimba. Ndini wacho ari kuzvitenda. Uye tinoona kumashure, kana taida kuvhura makwara edu zvino, kana tichikwanisa, kuti tione. Tinoona *uyu neuyo*, uye *uyu neuyo*, zvuru zvavanhu, vachipupura.

¹⁰⁶ Asi Dhiabhorosi anoedza kudzoka. Oona, kana achigona kupindamo, hake, oita kuti hondo yako iparare zvino.

¹⁰⁷ Kana une pfungwa dzako, kuona, kuravira, kunzwa, nekugunzva, kunhuwidza nekunzwa nenzeve, zvakanaka zvose, asi usavimba nadzo kunze kwekuti kana dzichiwirirana neShoko. Dzose dzakanaka, asi, kana dzisingawirirani neShoko, usadziterera. Zvino, pfungwa, hana, ndangarira, kushandisa njere, nezvido, zvose zvakanaka kana zvichiwirirana neShoko. Asi kana zvido zvako zvisingawirirane neShoko, zvibvise. Ufuridze mukana uzaruke, nekukasika. Waona? Kana kushandisa njere dzako kusingawirirani neShoko, ibva padziri. Ndizvozvo. Injini... Kana ndangariro yako, kana pfungwa, kana hana yako, chipi kana chipi, chisingawirirani neIcho chiri mukati, chibvise mauri.

¹⁰⁸ Wava nei zvino? Wava nehurongwa hwenyeredzi dzekudenga. Hareruya! NdiMwari wakaisa nyeredzi muhurongwa akati, “Rambirai ipapo kusvikira Ndakudanai!” Dzinogara ipapo. Hapana chinodziita kuti dzibve. Kana Mwari akagona kuisa munhu muruoko rwaKe, kusvikira iye atora pfungwa dzose, hana, zvose zvabviswa zvasukwa, kusvikira zvamira naMwari, muMweya; hakuna mweya wakaipa pasi rose ungaisa kupokana mukati imomo. Ndizvozvo.

Anogona kuuya oti, “Hausati wava kunzwa zviri nane.”

¹⁰⁹ Hana yako haichatirimutswi, nazvo. Mukana wako wavhurika, unodaizira, “Hareruya!” Mukana mauri wakachena unoridza pembe, “Kubwinya kuna Mwari!” Kunopenya, zvirokwazvo, kwakachena nekujeka, kuti Shoko raMwari rishande nemauro, Simba raMwari. Maona? Ndicho chinhu chinokosha.

¹¹⁰ Heyo nzvimbo yako yokurwira. Nzvimbo yako yekurwira iri pano pokutanga, mukati kuno munhu wemukati, mupfungwa dzako dzinozarura. Pfu—pfungwa isuwo kumunhu womukati, isuwo kumweya. Pfungwa dzinozaruka nekutambira mweya, kana kuti dzinoramba mweya wacho. Unogona kuva nehana, uye tumanzwiro tudiki, netumanyawi, zvose zvinhu izvi. Hazvina chokuita nazvo. Zvinongova tumanzwiro tudiki nezvakadaro. Asi kana zvoda zvamazvirokwazvo, pfungwa

dzako dzinozvizarura. Pfungwa dzako dzinozvigamuchira izvi kana kuzviramba. Ndizvozvo, shamwari.

Mwari, itai kuti pasava nemumwe chete anozvipotsa izvi.

¹¹¹ Maona, ipfungwa dzako dzinovhura suwo; kana kuvhara suwo, nekuterera kuhana yako, kuterera kundangariro yako, kana kuterera zvido zvako. Asi apo pfungwa dzako dzinozvizarira kubva kuzvinhu izvi, nekurega Mwari, Mweya weShoko raKe, kuti upinde, Unofuridzira zvimwe zvinhu zvose izvi kunze. Kukahadzika kwose kunobva kwaenda. Kutya kwose kunobva kwaenda. Manzwiwo ose ekukahadzika anobva aenda. Manzwiwo ose anoenda. Hapachisina chakamira ipapo asi Shoko raMwari uye Satani haagani kumisidzana naRo. Kwete, changamire. Iye haangagani kurwisana naRo. Zvino, tinoziva kuti ndicho chokwadi.

¹¹² Hondo idzi dzange dzichipfuta kubva pazuva remubindu weEdeni, hondo ye mupfungwa dzemunhu. Satani ndiye akaitanga. Akaitei apo akasangana naEva? Iye haana kuramba Shoko raMwari, asi iye akaRipenda nependi chena. Akavhara tumwe tunzira tudiki pano pane imwe nzvimbo. Iye akati, “Asi zvirokwasvo Mwari...” Genesi 3:1. Maona? “Zvirokwasvo, Mwari, zvose zvinhu izvi zvaakavimbisa Iye—Iye—Iye akavimbisa...” Aiziva kuti Shoko raiva rakarurama. Asi aiziva kuti akanga asingagani kubuda pachena achirirwisa, zvakadaro, asi iye—iye—iye akarikwenenzvera ne shuga.

¹¹³ Saamai vaititorera mushonga, voedza kuisa muto wamaranjisi mumafuta umupfuta. Zvangu ini, zviri nane kunwa mafuta emupfuta, asina muto wamaranjisi! Chinhu chose chinonyengera! Maona? Ivo...Taimuka usiku, uye vachitipa mafuta emarasha, kuitira kuzarirwa. Uye vaiisa mafuta emarasha, ndokuisa shuga maari; maona, zvine uyengeri. Asi yaingopisa huro yako, potse, ichidzika, mushure mekunge shuga yapera.

¹¹⁴ Zvino, ndizvo zvazviri, shamwari. Satani anoedza ku—kuva munyengeri pazviri. Anoedza kukuratidza chimwe chinhu chiri nani, nzira yakapfava, imwe pfungwa iri nani. Asi hakuna imwe pfungwa iri nani kupfuura yakaiswa naMwari pakutanga, Shoko raKe. Bata Shoko iroro. Bata paRiri. Rega Iro ribatirire pauri. Gara ipapo naRo. Ndicho chi—ndicho chinhu chine basa.

¹¹⁵ Hondo yakabaka apo Eva akavhura pfungwa dzake, kuti aterere kushanda kwenjere dzake. Ndiro buri razvakapinda naro. Ndiro gwa—gwara razvakadzika naro, kushandisa njere kwake. Iye, mumunhu wake womukati, akashandisa njere.

¹¹⁶ Maziso ake aiona. Iye akaona chikara. Chaiva chakanaka, chakasvika, chaiva nane pane murume wake. Chaiva namano kupfuura mhuka dzose dzesango, uye pamwe chaiva munhu ari nani kupfuura murume wake. Chaitarisika sechikara

chomunhurume chakamira apo. Changa chakakura sei! Uye chaiedza kumuudza kuti chaiva chinhu chakakosha sei.

117 Zvino chinhu chekutanga chaakaita, akavhura pfungwa dzake. Zvino paakadaro, kushanda kwenjere kwemunhu kwakazvibata. “Sei, hazvingandinakidzi here izvi?”

118 Ndicho chinhu chaanoita kumukadzi nhasi. Mumwe mukadzi ane murume mudiki akanaka, anowana murume hofori, ane nyama dzakasimba—simba. Murume uyu achaedza kuvhura kushandiswa kwenjere. Rangarira, kuti ndiSatani. NdiDhiyabhorosi. Kana kuti, tazvipindurudza, murume kumukadzi, mukadzi kumurume, zvinoenda kumativi ose. Chii chaanoita? Anoshanda musimba rekushandisa njere, hana kana zvimwe, anotanga kufamba nemo.

119 Asi ipa Shoko raMwari nzvimbo yekutanga. Munhu haagoni kusvika pa...Haagoni kutadza...Hareruya! Hezvinoyi. Izvi zviri kutouya, izvozvi pano. Munhu haagoni kutadza kusvikira atanga aisa Shoko raMwari parutivi. Haagoni kutadza, ndiko, kusatenda. Kusvikira kutanga abvisa Shoko raMwari, Hupo hwaMwari, haangatadzi.

120 Eva akanga asingagoni kutadza kusvikira aisa Shoko raMwari parutivi, achivhura gwara rake rekushandisa njere mukati memunhu wemukati make, ndokutanga kushandisa njere. “Sei, zvirokwasvo. Murume wangu haana kumbonditaurira zvinhu izvi, asi ndinotenda kuti iwe... Akandiudza kuti ndisamboita zvinhu izvi, asi, unoziva, anozviita zvehokwadi uye zvakajeka. Ini—ini ndinotenda kuti zvingava zvinofadza, nokuti uri kuzviita kuti zvide zvakajeka kwandiri.” Maona, ndopakaitika hondo yekutanga. Zvino, kubudikidza nehondo iyoyi, yakakonzera dzimwe hondo dzose. Uye kudeuka kweropa kwese kwakauya, kwakakonzerwa ipapo muEdeni. Haana kutenda Shoko raMwari.

121 Zvino kana chikamu chidiki chimwe chete cheShoko raMwari chisina kutendwa chakakonzerwa matambudziko ose awa, tichadzokera sei, tisingatendi Shoko? Haugoni kuvziita. Unofanira kuzarira zvose zvimwe zvinhu izvi, hana, ndangariro, uye uti... kushandisa njere, nezvose zvimwe. “Kukashira pasi kushandisa njere kwose.” Hatishandisi njere pamusoro pazvo, zvachose, hapana zvachose.

122 Tinongogamuchira Shoko pakuti, “Mwari akataura saizvozvo,” zvogadzira karwizi kanobatanidza pakati pako naMwari. Zvino, gwara rose rovhurika pakati pako iwe naMwari.

123 Heyo hondo, yokutanga chaiyo, mutsetse wemberi. Ngatisashandisei pfuti; ngatishandisei bhambu re—reatomiki. Ngatiitei basa iri nomazvo. Ngatishandisei bhambu reatomiki raMwari. “Ndicho chii ichocho, Hama Branham?” K-u-t-e-n-d-a muShoko raKe. Ndiro atomiki bhambu raMwari.

Rinodhuura zvirwere nemweya yakaipa, kurudyi nekuruboshwe. Rino—rinozviparadza. Rinopatsanura...O...Rinoparadza. Rinotsemura chose chisina humwari. Kana bhambu iro rekutenda rawira mukati, rine Shoko raMwari, rinoputisa, mweya wakaipa wese, chirwere chese, hosha yese.

¹²⁴ Unoti, “Izvi ndizvo here, Hama Branham? Zvino sei zvichiita, pana vamwe, uye zvisingaiti pana vamwe?”

¹²⁵ Chikonzero ndechegwara. Unogona kutarisa nekuzviona izvi. Asi unofanira kuva nazvo muno *umu*, wakatarisa nzira *iyi*. Kwete kunze *uko*, wakatarisa mukati; unofanira kuva mukati, wakatarisa kunze. Maona? Haungagoni kuuya nekushandisa njere. Haugoni kuuya nemuzvimwe zvinhu izvi. unofanira kuuya uchidzika negwara raMwari, uchipinda mumunhu wemukati. Zvino unozviita sei izvi? Nderipi gwara rokupedzisira?

¹²⁶ Zvichashand-...kusvika pasi. Unoti, pfungwa, “O, Ini—ini ndinogona kuzvinzwa izvo. Yaa, hezvo izvo. A-ha. O, ini—ini ndingangozvinhuwidza, kana zvakangodero. Zvinhu izvi zviripo. Yaa.” Chinhu chinotevera, unobva washandisa njere, “Zvino, zvinoita sekuti ari kuziva zvaari kutaura pamusoro pazvo. Chiremba ari kuti handigoni kupora. Izvi zvinofanira kuva ndizvo.” Unoona, ipapo wa—watokanganisa. NdiDhiabhorosi akamira ipapo. NdiDhiabhorosi ari kupinza zvinhu izvi mauri. Usambozvitenda izvi.

¹²⁷ “Hareruya! Shoko raMwari rakati ndicha... ‘Pamusoro pezvinhu zvose, ndinongoti ivai nehutano hwakanaka.’ Ndizvozvo.” Ungava seiko murwi wamazvirokwazvo kunze uko? Maona, “Ndinoda kuti muve nehutano hwakanaka.”

¹²⁸ Hezvo izvo, ipapo chaipo, makwara iwayo. Ingomatora womavhura. Kwete kungoda kumanyenyeredza.

¹²⁹ Zvino kana Satani akagona kupinda naimomo, kupinda nepane izvi, hana nezvimwe zvinhu izvi, zvino anodzika kusvika kokupedzisira kwemunhu wemukati, mupfungwa. Zvino, kana akagona kungokuwana iwe...Hauzombo—hauzombotarisi pane chimwe chazvo kusvikira watanga nokumuregera achipinda mukati *umu*. Unotomurega kuti apinde. Zvino kana apinda, ava nokutonga. Zvino chii chaanozoita? Anotanga kushandisa hana. Anotanga kushandisa *ichi*, kushandisa nzira *iyi* inobudisira zvinhu kunze. Ndicho chii ichi? Kuona, kuravira, kunhuwidza, kunzwa nenzeve; kufungidzira, hana yemukati, ndangariro, kushandisa njere, zvido. Anotanga kushandisa tumakwara tudiki twakasiyana siyana, kana bedzi achigona kupinda mukati, pamusoro peichi chiri *apa*. Anotopinda mupfungwa dzako, kutanga, uye ndiwe unotomugamuchira. Zvinogona... Tererai. Zvinogona kurovera pauri, asi hazvigoni kusvika kwauri kusvikira wazvibvumira.

130 Satani apo akauya kuna Eva, akati, “Unoziva, muchero uyu unonaka.” Iye akamira kwechinguva. O, ndipo paakakanganisa, apo paakamira kwechinguva.

131 Usamirira pasina. Wava neMharidzo. Jesu anorarama. Mwari mupodzi. Ndiyo Mharidzo yacho. Usamirira pasina, rega kushandisa njere, rega chimwezeve chiri chose.

132 Asi akamira kwechinguva. Ndipo Satani akafamba achipinda mukati mupfungwa. Akati, “Zvino, zvinoita sezvine musoro.” O, usaita zvakadaro. Ingotora zvakataurwa naMwari.

133 Abrahama, chii chaitika dai akamira kuti ashandise pfungwa, apo Akamuudza kuti aizoita mwana naSara, uyo akanga ava namakore makumi matanhatu nemashanu naiye ane makumi manomwe nemashanu? Uye apo akanga ava nezana, uye iye aiva—uye iye aiva nemakumi mapfumbamwe; Iye, aingo, iye—iye—iye aipupura kuti Shoko raMwari ichokwadi. Uye akatora zvinhu izvo, zvanga zvisipo, sezvaivapo. Maona? Iye . . . Kunyange tariro, paiva netariro here? Iye haana kushandisa kunyange tariro.

134 “Zvakanaka,” iwe unoti, “Ndinotarisira ndinogona kupara. Ndinotarisira kuti ndichange ndapora. Ndinotarisira kuwana Mweya Mutsvene. Ndinotarisira kuti ndiri muKristu. Ndinotarisira kuti ndiite *izvi*.” Handizvo.

135 Abrahama haana kana kutarisa pana izvozvo. Amen. “Pasina tariro, iye zvakadaro akatenda Shoko raMwari.” Kutenda kunopfuvura tariro. Kutenda kunobva mukati *umu*, mukati memukati. Kutenda kunobva *imomo*.

136 Iye anopinda sei mukati? Kubudikidza nepfungwa idzi, iri—iri suvo, pokurwira apa.

137 Zvino, kana hondo dzamirisana! Zvino, Dhiabhorosi akatarisana nemwoyo woga woga, mangwanani ano. Akagarira, pamwoyo wekamusikana kadiki aka. Akagarira pamwoyo yenyu. Iye Akagara kose kwakatenderedza uko. Ari kuti, “O, ndakakuona uchimboedza kare. Ndakambozvinzwa kare.”

138 Mudzingire kunze. Ndizvozvo chete. Mudzingire kunze. Bhaibheri rati kudiniko pano, pamusoro wenyaya yedu? “Mudzingire kunze.” Ndizvozvo. “Mudzingire kunze.” Tadzidziswa isu.

139 Ndinofunga, “Dambudziko chiiko patiri vaparidzi?” Ndinoshamisika kuti imhandoyi yekudzidziswa yatakapiwa.

140 Mwari ari kudzidziswa hondo huru iyi. Mateo 24 yakati apo uye Danieri 12, yakati, “Pachazova nenguva yokutambudzika, isati yakambovapo panyika kare.” Zvino isu tiri kurarama munguva iyoyo, apo tsika, nedzidzo, nezvinhu, zvafukidza Shoko raMwari, nekupinda mukushandisa njere nezvakadaro. Kurwa kuriko zvino. Ndiani uchamira? Hareruya! Hondo yagadzirira

kutanga. Yamirira zvino. Tarira kuti muvengi watinaye mukuru sei mhiri uko.

¹⁴¹ Ndiani uchafanana naDhavidhi? Akati, “Imi munomira nokurega muFiristiya uyu asina kudzingiswa achishovora hondo dzaMwari mupenyu? Ndichaenda kundorwa naye.” Ameni. Mwari anoda varume navakadzi mangwanani ano avo vanogona kusimuka vachiti, “Ndichatora Ishe paShoko raKe.” Ameni. Hazvina basa kuti chii chinokundika, kana kuti *ichi* kana *icho*, nechakaitwa *neicho*. Izvo hazvinei nechokuita nazvo. Imi vanaSauro, nevakadaro, kana muri kumutya, dzokerai kwamakafanira. Asi, hondo yaMwari iri kuenda mberi, ameni; varume vane hushingi, varume vane—vane—vane kutenda, varume vane simba, varume vane kunzwisisa. Havafanire kuva vakachenjera. Havafanire kuva vakadzidza. Panofanira kuva nemikana. Mwari anatora tumikana itwotwo tudiki.

¹⁴² Akamira kwechinguva, kuti ashandise njere, achiti, “Zvakanaka, zvino, regai tione.” Zvakanaka, saizvozvo, zvingaita sei tika . . .

¹⁴³ Mukadzi mudiki uyu, mangwanani ano, hapana kukahadzika kuti chiremba akamuudza, kuti iye atova pedyo nekumagumo enzira, “Hapana zvingachagona kuitwa.” Zvakanaka, zvino, ndiye chiremba uyo. Handimushori. Murume uyu ndewezvesainzi. Iye anoona kuti chirwere chatokurira muviri wemwana. Zvapfuurira zvose. Haana mushonga unogona kuchimisa.

¹⁴⁴ Saka, kana kenza yakunda mukadzi uyo; chokwadi, rufu rwakunda mwana uyo; asi Mutungamiriri wedu Mukuru, hareruya, wemauto makuru aya, Iye ndiye kumuka neUpenyu. Hapana chinogona kumukunda Iye. Hareruya!

¹⁴⁵ Pfungwa dzehondo dziri muvatungamiriri, huchenjeri. Rommel, muGermany, ndiye waiva njere dzeGermany; kwete Hitler. Rommel! Ndizvozvo. Eisenhower! Varume vehondo! Patton! Varume avo vaiva pamberi, zvaienderana nekuti vapa rairo yakarerekerera kudivi ripi. Unotevera mutungamiriri wako, kana ari mhando kwayo yemutungamiriri. Kana iye ari mhando kwayo, kana ari mutungamiriri ane nyeredzi ina, kana akaedzwa, kana akaedzwa akaonekwa akafanira, mutevere. Kunyange zvikaita sezvisizvo, kwauri, enderera kusvika mberi. Ita sezvaanokuudza.

¹⁴⁶ Hareruya! Tine Mutungamiriri ane nyeredzi shanu dzoumhare, anopereterwa J-e-s-u achiisa nyeredzi shanu panesu, k-u-t-e-n-d-a. Haasati ambokundwa pakurwa. Hareruya! Akakunda rufu, gehena, neguva. Bvisa! mweya yakaipa munzira. Iye ndiye Kaputeni Mukuru. Saka, Dhiyabhorosi hatitombomuoni.

¹⁴⁷ Hondo hurusa yati yambopfuta, yatogadzirirwa iko zvino. Zvamazvirokwazvo, ndizvo. O! Hareruya!

148 Kana ndikafunga pamusoro pazvo! Apo ndakamira ndikaona Achiita zvinhu, kuona Achizarura zvinhu, kuisa zvinhu pachena, achiti, “Zvichaitika nenzira *iyi* uye nenzira *iyu*,” uye hezvo zvova saizvozvo! O, wotarira kumashure *uko*, woti, “Ndiani Mutungamiriri mukuru uyu?” O, handitarisi shure kuti ndione kana ari chiremba *nhingi-na-nhingi*. Ndinooona Mutungamiriri zvaakataura. “Ndiye Mutungamiriri weruponeso rwedu.” Hareruya! Ruponeso chii? Rudzikinuro! Mwari ngaakudzwe! “Ndiye Mutungamiriri werudzikinuro rwedu.”

149 Nguva huru yekumisidzana yasvika. Hareruya! Musoja, nenhumbi dzokurwa dzichipenya, mavara adzo achivaima! Kutenda nekukahadzika zvamirisana mauri, mutabhenakeri ino, mangwanani ano; kukahadzika kune rumwe rutivi, kutenda kune rumwezeve. Varwi, mirai panzvimbo dzenyu dzebasa. Hareruya! Mutungamiriri wedu, iyo Nyeredzi Yemangwanani, anotungamirira mberi. Haazombodzokeri shure. Iye (haazombo) haazivi shoko rinonzi kudzokera shure. Haazombodzokera shure. Amen. Zvirokwazvo.

150 Hondo hurusa yati yamborwiwa, iri kuitika imo muno izvozvi, hongu, changamire, pakati peupenyu nerufu, pakati pehosha neutano, pakati pekutenda nekukahadzika, o, zvangu pakati pekusununguka nekusungwa. Hondo iri kuitika! Penyesai mapfumo enyu, varwi. Chenesai nhumbi dzokurwa. Mwari ari kugadzirira varwi vaKe. Amen. Mwari anozodza hondo yaKe.

151 America inopfekedza varwi vayo nezvakanakisisa zvainogona kuvapfekedza nazvo, heti dzamatatare, nenhumbi dzokurwa, uye chero zvavanazvo, motokari dzakasimba dzehondo, nechero zvavanogona kupfeka.

152 Mwari anopfekedza hondo yaKe. Hareruya! Imhandoyi yemidziyo yatinoshandisa? Mweya weMunondo, iro Shoko raMwari! Amen! “Shoko raMwari rinopinza kupfuvura munondo unocheka kwese,” VaHebheru 4, “rinobaya kusvika kunyange panoparadzana mabondo, mwo—mwongo namafupa, Rinoona kunyange zvinofungwa mupfungwa.” Shoko raMwari! Kutenda Shoko raKe, ndiyo nzira Mwari yaanopa nayo zvombo kuvarwi.

153 Ndizvo zvaakapa Eva kuti azvirwire nazvo. Iye akaputsa chombo chake. Akazviita sei? Nokuvhura pfungwa dzake kuti ahandise njere. Haushandisi njere paShoko raMwari. HaRina zvokushandisa njere. Iwe. . . Rinongova Shoko raMwari. Hapana—hapana nokupokana pamusoro paRo. Hapana zvokushandisa njere paRiri. IShoko raMwari. Zvaperu. Ndizvo zvazvakaita. Zvaperu zvachose.

154 Uri kuona here zvandiri kureva, mudikanwi? [Hanzvadzi iri kurwara inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] IShoko raMwari. Mwari akarivimbisa. Mwari akataura kudaro.

155 Vakati kuna Abrahamama, “Unoziva sei kuti uchazova nemwana iyeye?”

“Mwari wakadaro.” Zvapera.

“Zvakanaka, sei usinaye?”

156 “Handizivi kuti ndirini pandinozova naye, asi ndichazova naye. Mwari wakadaro. Izvozvo hazvindimisi kana napadiki.” Akada- . . .

157 “Ko unoregerei kudzokera kumusha kwako, kwawakabva?”

158 “Ndiri mufambi nomupfuvuri munyika ino.” Ameni! . . .? . . . “Mwari wakavimbisa. Mwari achandipa mwana uyu imo munyika ino umo maAkandituma.” Hareruya!

159 Mwari achakupodza imo muhupo uhwu hwoMweya Mutsvene, umo maAkakutuma. Mwari achakupa. Ingozvitenda. Ameni. Zarura iwo makwara emunhu wemukati nepfungwa dzemutumbi, pfungwa, nehana, wongorega Shoko raMwari ripinde kutanga, tora pfungwa iyoyo. Heyo nzvimbo yekurwira.

160 Kwete kuti, “Zvino, dai ndaigona kunzwa, dai ndaigona kunzwa kubwinya kwaMwari kuchidonha! O!” Izvozvo hazvinei nechokuita nazvo; kana nepadiki.

161 Vhura pfungwa dzako. Ndiyo nzvimbo yokurwira. Ndimu munomirisana hondo, ipo pano pamutsetse wehondo wapamberi, pfungwa dzako. Dzivhure, uti, “Ini . . .kupokana kwese, ini ndinokahadzika nokupokana kwangu.” Ameni. “Ndava kukahadzika kupokana kwangu zvino. Ndava kutenda Shoko raMwari. Hendino ndouya, Satani.” Chimwe chinhu chava kuzoitika. Chokwadi, chiri kuzoitika. Hongu, changamire.

162 Anozodza varanda vaKe noMweya waKe. Anovatumira vatumwa. Vanhu vanoita zvedambe nazvo, dzimwe nguva, “Vatumwa.” Regai ndi—regai ndiende nemi kune chimwe chinhu pano, kweminiti. Ngativhurei pano kuna VaHebheru, kweminiti, VaHebheru chitsauko 4, chitsauko 4, uye ngati . . . ndinoreva, chitsauko chekutanga chaVaHebheru, uye ngativhurei pandima 14.

Ko haisi yose here iyi mweya inoshumira, yakatumwa kubva . . . yakatumwa kuzoshumira avo vachazodya nhaka yokuponeswa here?

. . . ndoupi wavatumwa waakati kwaari . . . Gara hako kuruoko rwangu rworudyi . . . ?

. . . vatumwa vose vaMwari . . .

163 Zvino, pano Bhaibheri rinodzoka rotiudza isu pano, kuti Mwari anotuma vatumwa. Mwari ngaakudzwe! Ivo chii?

“Mweya inoshumira.” Mwari ngaakudzwe! Mweya inoshumira, yakatumwa (kubva kupi?) kubva muHupo hwaMwari. Kuti izoitei? Izoshumira Shoko raKe. Ameni! Haisi kuzoshumira dzimwe dzidziso dzerimwe boka resangano, asi kushumira Shoko raKe. Ndizvozvo. “Mweya inoshumira, yakatumwa.”

¹⁶⁴ Tinoziva sei kuti ndiyo? Bhaibheri, rakati, “Shoko raShe rakauya kuvaprofita.” Ndizvo here? Vatumwa ava vanoshumira Shoko raKe, kubudikidza noMweya waKe; kushumira Shoko, kubudikidza noMweya Mutsvene. Uye Mweya neShoko zvakauya kuvaprofita, uye vaprofita vaiva neShoko raMwari. Ndicho chikonzero vaigona kuita zvishamiso zvaiva. Wakanga asiri munhu; waiva Mweya waMwari munhu. Mweya waKristu munhu, nokuda kweShoko raMwari. Ko iye wakanga aita sei? Akanga asuka gwara roga roga. Mwari akanga amusarudza, uye akanga akazadzwa noMweya Mutsvene. Zvino wakanga asisiri iye. Haana chaaita kusvikira achiratidzwa muchiratidzo. Eria akati, pagomo reKameri, “Zvose izvi ndazviita pakuraira kweNyuu. Zvino, Ishe, itai kuti zvzivikanwe kuti imi muri Mwari.” O, Mwari ngaakudzwe!

¹⁶⁵ Ndakazviona nguva zhinji, apo unoona Mweya waMwari uchisvika panzvimbo, uye nzvimbo iyo yozodzwa! Kana kaboka kadiki kari muno mangwanani ano, kakangatora pfungwa idzi pano, ndokubvisa kukahadzika kwose munzira! Ungazokahadzika zvakare sei, kana uchiona vakafa—vakafa vachimutswa, vakaremara vachifamba, mapofu achiona, matsi achinzwa?

¹⁶⁶ Mutumwa waShe, mufananidzo waKe wakaturikwa pano pamadziro, wakakandisa vesainzi mapfumo pasi, kose kose. Ko Iye anoita sei? Anogara neShoko. Ameni! Zvinocheka mweya yakaipa yese. Hongu, zvinodaro. Chinombova Chii? “Mweya inoshumira, yakatumwa kubva paMberi paMwari,” kuzozodza vatauri veShoko, vanogara neShoko. Uye Anotsigira Shoko nezviratidzo zvichitevera, zvinounza Jesu anogara ari zvimwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. HeUno i ari apo.

¹⁶⁷ Tingakahadzika sei, apo Iye akaedzwa nesainzi, nezvemweya, neimwe nzira yose, yaungagona kuedza, Akaedzwa pano?

¹⁶⁸ Dambudziko chiiko? Riri mupfungwa dzedu. Tinovhura pfungwa dzedu kuchinhu, toti, “Zvakanaka, zvino, handizivi kuti pamwe zvingave here kana kusava izvo here. Pamwe, kana ndikanzwa ndave nani mangwana.” O, izvozvo hazvina kana chimwe chekuita nazvo.

¹⁶⁹ Sezvandakagara ndichitaura, Abrahamu aidai akati kuna Sara... Akanga akatodarika zera re—rekuva mudzimai. Munoziva zvaninoreva; inguva yeupenyu, zvekutevera mazuva ake makumi maviri nemasere. Maona, akanga ava nemakore ekuberekwa makumi matanhatu nemashanu. Pamwe anga

akatodarika, nemakore gumi nemashanu, kana nemakumi maviri. Zvino mumazuva mashoma, iye akati kwaari, pamwe, akati, “Unonzwa here pane musiyano, mudiwa?”

“Kwete kana nemusiyano zvawo.”

170 “Izvozvo hazvina kana nechimwe chete chokuita nazvo. Tiri kuenda mberi, zvakadaro. Zvakanaka, zvino, kana ukatanga zvakare semu—mukadzi mudiki zvakare, tinoziva, kubudikidza neropa iro reupenyu, zvino, zvakare, tinoona kuti ndiro rinozoputira mwana, uye zvose zvichazenge zvakanaka. Zvino, unonzwa musiyano here nhasi? Watova mwedzi kubva musu uyo Akandivimbisa. Unonzwa here chero musiyano, mudiwa?”

171 “Kwete kana napadiki, Abrahama. Hapana kana chiratidzo, hapana. Ndi—ndichingori zvimwe chete zva—zvandaingova kwamakore mashoma apfuura. Hapana kana mutsauko mudiki zvawo.”

“Mwari ngaakudzwe! Ndiri kuzova naye, zvakadaro.”

172 “Unoreva, Abrahama, pa...Tarisa, kana Akakuvimbisa, chokwadi Adai akatipa chiratidzo nenzira *iyi*. Chokwadi aitipa chiratidzo.” Hu! Hareruya!

173 “Chizvarwa chino vutera choupombwe chinotsvaka zviratidzo.” Ndzvozvo. Aiva nechiratidzo. Chakanga chiri chii? Shoko raMwari. Ndicho chakanga chiri chiratidzo.

174 Mwari angapodza mwana uyu sei? Shoko raMwari rakataura kudaro; kana ndikanzwa manyawi, kana kusanzwa manyawi. Kana ndi...Hazvinei kuti chii chinaitika, Mwari wakadaro. Zvapera.

175 Abrahama akati, “Tora mabhutisi ako nezvose pamwe chete, tiri kubva pano kuenda kune iyo nyika.”

“Ndokupi kwauri kuenda?”

176 “Ini handizivi.” Ameni. “Asi, tiri kuenda, zvakadaro. Hetinoi tava kuenda!” Vakarongedza ndokuenda. Hareruya! Ndiro Shoko raMwari chairo. Chiiko chaimubata chaiva mberi kwake? Vimbiso yaMwari, Shoko raMwari. “Tiri kuzoigamuchira.”

177 “Ibva pakati pavanhu vorudzi rwako, Abrahama. Ndivo, chiripo ndechokuti, vanopokana uye vanhu vasingatendi. Vachakuita kuti uve muchimiro chavo. Ibvako. Zvipatsanure, uNdiraramire.” Chiiko ichi? “Siya hana yako nepfungwa dzose shure kwako, saizvozvo. Zarura pfungwa dzako, uye urangarire, kuti, Ndini. Huya, urarame neNi.” Ameni.

178 Mwari ari kudaidza mbeu yose yaAbrahama, mangwanani ano, kuupenyu ihwohwu humwe chete. Hondo huru iripo, iko zvino, pasi rose. Mwari anoda vana vaKe kuti vazvipatsanure kubva kuyi? Kuona, kuravira, kunzwa nokubata, kufembedza, kunzwa nenzeve; zvinongofungidzirwa, hana, ndangariro, kushandisa pfungwa, zvido; nezvose. Vovhura pfungwa dzavo

nokutendera Shoko ripinde mukati, nekufamba neShoko. Ndiye murwi wamazvirokwazvo.

¹⁷⁹ Ndiyo nzira nyeredzi yadzinomira nayo. Marongerwe enyeredzi haana kumboshanduka; zvomuchadenga. Nyeredzi yamangwanani inobuda iri panzvimbo yayo yebasa, mangwanani ega ega, chaizvoizvo senzira yayaingoita apo nyika yakasikwa. Nyeredzi yamanheru inotora nzvimbo yayo; nyeredzi yoga yoga. Kaboka kenyeredzi kaDiki, panguva chaiyo yakafanira yomwaka, kari chaipoipo pakakafanira kuva. Nyeredzi yoKumusoro inomira yakadzikama uye haifambi. Hareruya! Chinhu chose chinotenderera panyeredzi yokumusoro, dzose dzimwe, nokuti iyo iri pakati chaipo penyika.

¹⁸⁰ Ndiye Kristu. Amen. Anomira apo, achiraira hondo yaKe seMutungamiriri mukuru.

¹⁸¹ SaMosesi pagomo akasimudza maoko ake kumusoro, Israeri ichirwa, vachitema nzira yokubuda, uye iye akamira akasimudza maoko ake mudenga. Akamira akasimudza maoko ake kusvikira zuva ranyura. Vakatofanira kusimudza maoko ake mudenga. Uyo wakanga ari Mosesi uyo.

¹⁸² Wakanga ari mufananidzo waKristu. Kuva nechokwadi chokuti maoko aKe anogara akasimudzwa, maoko aKe akarovererwa pamuchinjikwa. Hareruya! Uye Iye akakwira manera okuBwinya, nhasi, nenhumbi dzaKe dzine Ropa pamberi paMwari, kuruoko rwerudyi rwoHukuru hwaKe Apo. Uye hondo, kumurwi ega ega, achatema nzira yake yekubuda. Handina basa kuti chii chinotora nzvimbo; neShoko raMwari, achazvitamera rusununguko rwake. Amen.

¹⁸³ Sehukwana iri muzai, zvingaita sei kana ichitya kuchochonya? Ko kana ikatya kuboora zai? Ko kana dai hukwana mukati mezai, kanyana keshiri, kakatya kurova goko rezai? Ko dai kaizonzwa inzwi nokunze, richiti, “Usachochonya goko, ungazvikuvadza”? Asi masikirwe pachawo, mushiri, anoitaurira kuti, “Gogodza! Gogodza uite buri pariri.”

¹⁸⁴ Rega masangano ose ati, “Mazuva ezvishamiso akadarika. Uri kuzozvikuvadza. Wava kuzondonamata zvoupengo.”

¹⁸⁵ Chovonya goko, nesimba raunokwanisa rose. Hareruya! “Satani, ibva pano! Ndiri kubva pano.” Ndizvozvo. “Handisi kuzorara pano, zvakare. Handisi kugara pano, zvakare. Handichisiri panzvimbo yaDhiyabhorosi wakare uyu zvakare. Ndiri kuvhura nzira yangu yekubuda, mangwanani ano. Amen. Ndiri chapungu.” Amen! Hareruya!

¹⁸⁶ Asi kachapungu kadiki kakare, kane mutsipa sewe nyundo, kachichovonya goko rezai. Hazvina basa kuti goko rakaomarara sei, kakagogodza ndokuriboora. Chekutanga unoziva, zvino, kakazunza mapapiro ako zvisoma. Zvanga zvachinakira.

¹⁸⁷ Chovonya nzira yako ubude. Ndizvozvo. Unozviita sei? Nekuzvidhuura na, “ZVANZI NAJEHOVHA. ZVANZI NAJEHOVHA. ZVANZI NAJEHOVHA.” Pakupedzisira, unotanga kunhuwidza mweya wakachena. “ZVANZI NAJEHOVHA.” Wabudisa musoro wako kunze. “ZVANZI NAJEHOVHA.” Sunda nesimba zvino, wava kubuda kunze!

¹⁸⁸ Haadzokeri mugoko rezai zvakare. Amen. Asununguka. O, ini zvangu! Shoko iro kana ragadzikwa kamwe chete, mupfungwa dzose idzo nemuhana nemune zvimwe, kuti rigadzikane *apa*, uye pfungwa yozaruka nekuRitendera. O Mwari, inzwai tsitsi! Hakuna chinhu chingazorisunga zvakare. Wasununguka. Uyo wasunungurwa neMwanakomana abuda kunze kwegoko. Sangano rako haringazogoni kukudana kuti udzokereko. Dhiyabhorosi haachagoni kukuita chinhu chipi nechipi zvacho. Anogona kushinyira nokuhon’a, chete.

¹⁸⁹ Asi zvino wava muMugwagwa mukuru, uchimhanyisa chaizvo, o, ini zvangu, kumhanya uchikwidza nomuMugwagwa mukuru waMambo, murwi akazodzwa womuchinjikwa. Uye ndezvenyu mose imi zvapungu, nekutenda, kwidziridzai Jesu, Chiedza chenyika yose, manyai muMugwagwa mukuru waMambo. Chokwadi. Hongu, changamire!

¹⁹⁰ Iyi “mweya inoshumira,” yakatumwa kubva muhupo hwaMwari, kuzova vashumiri, kushumirei (chii?) Shoko raKe; kwete dzidziso dzenhema, asi Shoko raMwari. Mweya inoshumira, yakatumwa kubva kuna Mwari, kuzoshumira. Mweya inoshumira! O! Uye, rangarira, kana ikashumira risiri Shoko, haina kubva kuna Mwari. Zvirokwazvo, “Shoko reNyu nguva dzose rakasimbiswa kuDenga.” Nguva dzose, kuDenga, Mwari anoRitarisira, iro Shoko. Uye haazombotumi mweya kuzoshumira chimwe chinhu kunze kweShoko.

¹⁹¹ Haazombotumi mweya une D.D.D., Ph.D., uye kora yakatarisa shure, nezvose zvakadaro, oti, “Zvino, zvirokwazvo, mazuva ezvishamiso akapfuura. Tose tinoziva izvozvo.” Kwete, kwete. Izvo hazvina kubva kuna Mwari. Zvinopokana neShoko. Amen.

¹⁹² Anotuma avo vanoshumira Mweya weShoko. Amen.

¹⁹³ O, ndanga ndine zvinhu zvingaita zvina kana zvishanu pamusoro, asi ndichazvisiya panguva ino, ndozozvitora Svondo inotevera. Zvakanaaka.

Satani namadhimoni ake vakazodzwa.

¹⁹⁴ Kana mweya yavatumwa iyi yakazodzwa kuti ikuunzire Shoko, kuti ikukonzere kutenda Shoko, zvino ungaone here apo pawakambonzwa muprofiti, wamazvirokwazvo muprofiti waMwari, achiramba Shoko raMwari? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Kwete, changamire. Chii chakaitika apo masanganano emuzuva ravo akasimuka akati, “Zvino, ari kukanganisa”?

Akamira ari pachezvake, uye akamira ega. Akati, “Ndizvo chaizvo.”

¹⁹⁵ Tarisai Mikaya zasi uku pazuva riye, kamupengo kezvekunamata, onai, mwanakomana walmura. Pakange pane mazana mana evakazodzwa, vaifungidzirwa kudaro, vaprofita vakazodzwa vakamira apo, vose vakapuwa kudya zvakanaka, uye vakagadzirirwa, vaine madhigirii makurukuru, uye vakadzidziswa zvapamusoro uye vari vadzidzi vakakwenenzverwa. Vakati, “Endai, mambo wedu anoremekedzwa. Ishe ave nemi. Iyo ndeyedu. Joshua akatipa. Saka endai munoitora. Ndizvo chaizvo zvakanaka. Endai munoitora. Chii. . .” Iye akati, “Zvino, Josh- . . .”

¹⁹⁶ Munoziva, Jehoshafati akati, “Hakuna here mumwe, kumwe?” Zvino, vanga vatouya mazana mana kare. Sei kusatenda mazana mana awa? Iye akati, “Asi, chokwadi pane mumwe, pane imwe nzvimbo.”

¹⁹⁷ Akati, “Ini, ini. . .Zvakanaka, tine mumwe chete. Pane mumwe, asi, o, ini ndinomuvenga.” Hu! Onai?

¹⁹⁸ “Apo—apo, ndiye muchinda wandinoda kunzwa, maona.” Akati, “Muunzei pano. Tione zvaari kuzotaura.”

¹⁹⁹ Saka zvino vakaenda vakanomuudza, vakati, “Zvino, terera. Ugadzire mharidzo yako zvakanaka, mangwanani ano, nokuti uri kuparidzira mambo. Uri kuparidzira ku. . . mubatanidzwa wo—wose wavashumiri *vezvokuti-nezvokuti*, unoona, vePalestine. Mubatanidzwa wavashumiri vose, zvino, uzvirangarire, hezvinoyi zvakataura. Iwe utaure chinhu chimwe chetecho. Utende chinhu chimwe chetecho.” Uyo mudiki. . .

²⁰⁰ A—anga aine munhu asiri iye ipapo. Munhu uyu akanga abva pakushandisa pfungwa kwavo kwekare. Akasuka nzira dzose, maona, hana yake.

²⁰¹ “Uye, zvakanaka, sei, unoziva zvavachaita? Kana ukataura chinhu chimwe chetecho, ndinofunga kuti vachakuita mukuru wedunhu. Zvimwe vachaita saizvozvo. Vacha—vachakuita mukuru wavatariri vedunhu rino, kana uka—ukangowirirana navo.” Uyo akanga asiri munhu wamazvirokwazvo waMwari.

²⁰² Sei, nzira dzake dzakanga dzakasukwa, hana yake nezvose zvakanga zvachena. Pfungwa dzake dzakazarukira kuShoko raMwari. Uye Shoko raMwari, chete, ndiro raangatenda. Ndiyo mweya inoshumira. Ndiwo mweya unoshumira.

²⁰³ Akati, “Handizivi zvekutaura iye zvino. Asi, ndichakuudzai chinhu chimwe chete ichi, ndichataura bedzi izvo Mwari zvaachandiudza kuti nditaure.”

Saka vakamirira usiku ihwohwo. Akapiwa chiratidzo.

²⁰⁴ Mangwana mangwanani, ndingafungira kuti Mikaya akatarisa muMagwaro akati, “Zvino, ngationei. Chiratidzo icho chino. . .Zvino, vose zvavo varume, pane chimwe chinhu

chakakanganisika apa, zvirokwazvo Zvaipokana nezvavaiva vataura. Zvino, Ringataura kuti kudini? Ngationei kuti Eria akati kudini kumashure uko, iye muprofito, zvirokwazvo tinoziva kuti aiva muprofito. Onai chii... Shoko raMwari rakauya kuna Eria. Ehe. Uye Rakati chii? 'Imbwa dzichananzva ropa rako. Jezebheri, imbwa dzichamudya. Nokuda kwaAhabi wakarurama... Nabhoti wakarurama.'" Akatizve ipapo... Apo akaona izvi, akaona kuti chiratidzo chake changa chakanangana neShoko raMwari, ipapo, zvino kuna Ahabi wekare rakauya kwaari.

²⁰⁵ Akauyapo, akati, "Endai henyu, asi ndaona Israeri..." Onai, haana kunyara kutaura chiratidzo chake ipapo, nokuti raiva Shoko raShe. Aiziva kuti aigona kutora chinhu icho nomazvo. Chii? Akanga azarura mwoyo wake, pfungwa dzake, kuShoko raMwari, uye iro Shoko raMwari rakanga raratidzwa kumashure, saka aiziva kuti raiva Shoko raMwari rakakwana.

²⁰⁶ Zvino, unoti, "O, dai ndaigona hangu kuva Mikaya!" Unokwanisa kuva. Unotori iye. Unotori iye, newewo, mudikani. [Hama Branham zvekare vanotaura kuhanzvadzi inorwara—Mupepeti.] Uri Mikaya, muprofito. Chii chaungaite? Vhura pfungwa dzako. Chii chandiri kuedza kukutaurira mangwanani ano? IShoko raShe. Ona? Zarura pfungwa dzako, uti, "Zvino, unoziva, ini ndinotenda kuti ndinogona kupodzwa." Zvakanaka, chava Chii, zvino? IShoko raShe here? Chokwadi, IShoko raShe.

²⁰⁷ Zvino, munhu *uyu* pano anoti, "Mazuva ezvishamiso akapfuura. Haungaiti *izvi*. Uye uno..." Kanganwa izvo. Isa Mwari kutanga.

²⁰⁸ Hepanoyi rauya Shoko raShe, uye iye akaRitaura, Zvikava saizvozvo.

²⁰⁹ Zvino, Satani akaitei? Satani akazodza vamwe. Zvino, Satani anozodza varanda vake. O, chokwadi. U-hu. Chokwadi. Anozodza varanda vake. Anovazodza nei? Nekusatenda. Satani namadhimoni ake vanozodza vanhu kuti vasatende Shoko raMwari.

²¹⁰ Zvino, kana muchida kutsigira izvi, vhurai Genesi 3:4. Ngativhurei ikoko titerere kune izvi, kweminiti bedzi, uye tione kana risiri iro zano rake rekutanga. Ndicho chinhu chekutanga chaakaita. Haasiyi mano ake mamwe chete. Anozviita nguva dzose. Zvino, ingonai kana zviri—zviri saizvozvo. Zvino, iye haana kunyatsopokana neShoko. Akangomukonzera kuti asaChidudzira nemazvo zvishoma, unoziva, kungoRiita kuti rinzwike semanzwiro aaida kuti Rinzwikwe nawo iye, kusatora Shoko rose. Zvino, Genesi, Ndinayo pano, Genesi 3:4. Ngationei kana zviri izvo zvaakataura zvino. Zvakanaka.

Zvino chikara chakati kumukadzi, Hamungafi zvirokwazvo:

211 “Kusafa zvirokwazvo.” Onai kuti akazvitapa zvakashandurwa sei? “O, tinotenda kuti mazuva ezvishamiso akadarika. Hatitendi kuti kune chinhu chakaita sekugamuchirwa koMweya Mutsvene navanhu sezvavakaita paPentekosta. O, chero nzira yawabhapatidzwa nayo, hazvina mutsauko wazvinoita.” Onai Dhiyahhorosi? Onai mano ake? “Zvino, kana chiremba akuudza kuti haungapori, ndizvozvo.”

212 Zvino, hakisiri, kuti kudzikisira, kana kusatenda chiremba. Chiremba ari kushanda mugwara resainzi. Uye chiremba aita zvose zvaanogona, kuponesa hupenyu hwemunhu. Uye haugoni kuporeswa, nokuti hakuna chimwezve chaanoziva kuita. Asvika panoperera njere dzake. Munhu uyu akatendeseka. Asi, zvino, muti wezivo wakanaka, asi kana wasvika paunogumira, zvino unoburuka woenda paMuti woUpenyu woramba uchienda. Amen. Ndizvo chaizvo. Unoshanda kusvika paunogumira. Hongu.

213 Zvino, chii chinoita zano raSatani? Ati kudini pano? Zvino tarisa ndima yekutanga ne—ndima yechipiri. Zvino regai—regai ndiverenge ndima yekutanga pano, kusvikira pane yetatu.

Zvino chikara chakanga chakanyanya kuva namano kupfuura mhuka dzose dzesango dzakanga dzaitwa naShe Mwari. Zvino chikati kumukadzi, Nhai, Mwari akati here, Musadya . . . miti yose yomunda here?

214 Chimutererai zvino, kuti anoipa zvakadini, uye kuti iye anoshandura sei—sei Shoko iro. Maona? Iye ari . . . Chii chaari kuedza kuita? Kupinda mupfungwa dzomukadzi. Maona? Ari kutaura naye, mushure mokunge Shoko iro ratochengeterwamo kare.

215 Zvino, usarega Satani achichengetedza chero chinhu chipi zvacho. Maona? Uchengete Shoko raMwari rakachengetedzwa mumwoyo mako. Waona? Iwe ita zvimwe chete. Zvino tarisai, imi vanaMikaya.

. . . mukadzi akati kuchikara, tingadya hedu michero yemiti yomunda: asi kana . . .

Asi kana iri michero yomuti uri pakati (pakati, maona) pomunda, Mwari . . . wakati, Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa.

216 Maona, zvino, ndiro Shoko. Ari kuRitaura achiridzoserwa kwaari. Zvino tarisai.

Zvino chikara chakati kumukadzi, Hamungafi zvirokwazvo:

217 Onai zano rake? Onai? Chii chaari kuedza kuita? Munhu wokutanga uyo, ari kuedza kuzodza mukadzi anokosha uyu, mwanasikana waMwari, nokusatenda Shoko raMwari. Ndizvo chaizvo zvaari kuedza kuti mudzimai uyu aite.

218 Ndizvo zvaaedza kukuita kuti uite, mudikani. [Hama Branham zvekare vanotaura kuhanzvadzi inorwara—Mupepeti.] Ndizvo zvaaaedza kuti mumwe nemumwe wenyu aite, kunze uko, kukuzodzayi. Zvino chinhu chimwe choga chamunofanira kuita . . . Uri wakasununguka pakuzvisarudzira. Zvino unogona kuzvigamuchira kana uchida. Asi zvikavire kunze. Dai Evha asina kumira kwekanguva, kuti aterere! Usambomirira chinhu pasina. Usamira.

219 Apo—apo Eria akaudza Gehazi, akati, “Tora tsvimbo yangu, unoiisa pamwana wakafa. Kana munhu akataura newe, usataura naye. Kana mumwe akaedza kukumisa, ramba uchingoenda.”

220 Tarisai mukadzi uyo paakadana muranda wake. Iye akati, “Tasva nyurusi uende, usambomira kunze kwekunge ndakuudza kudaro.” Ndizvozvo.

221 Paunenge wawana Shoko, ramba uchienda. Amen. Iti, “Handichagoni kufamba zvakare. Kwete, ndiri kupera simba.” Ingoramba uchienda. Usamira. Uchiisa zvinhu zvose parutivi, ingoramba uchicheka uchienda. Hama, une Munondo muruoko rwako, ingoramba uchitema.

222 Ndakaenda munhandare yebhora, imwe nguva, umo ndaindoparidza. Zvino ndakamira pamukova ndokutarisa mudenga, pamusoro apo. Pakanga pakanzi, “Hakusi kukura kwembwa iri pakurwa. Kukura kwekurwa kuri muimbwa.” Saka ndizvo zvinopa kukunda mukurwa. Maona?

223 Unoti, “Zvino, tarisai. Tarisai kumakereke makuru ari kupikisana neIzvi.”

224 Handinei nokuti makuru sei. Kurwa kuri mumbwa, ndiko kune basa. Kutenda kuri mudungamunhu. Kana uri mbwende, dzokera mumwena wako. Asi, hama, kana uri uto, mira kunze uko. Kune hondo iriko. Chakanaka nechakaipa zviru kurwisana. Ngatirwei.

225 SaPeter Cartwright, akapinda muguta, akati, “Ishe vakandiudza kuti—kuti ndiuye muno ndiite rumutsiriro.” Akarenda imba yaichengeterwa zvinhu yachembera, akapindamo ndokutanga kuitsvaira.

226 Zvino ndururani huru yemuguta, pfuti yakaremba pachiuo chake, yakaenda ikoko. Akasvika pamikova . . . Vamwe vavo, vakati, “Chiiko chaari kuita munhu uyo zasi uko?”

227 Vakati, “Muparidzi. Akati, ari kuzoita musangano.”

228 “Zvakanaka,” iye akati, “ndinofunga Ndichangoenda zasi ikoko ndinomudziringira kumugwagwa, nokumudziringira kunze. Ndizvo chete. Hatidi misangano munzvimbo yedu ino.”

229 Saka akadzika zasi uko, ndokuzarura musuwo. Zvino Peter Cartwright akanga akapfeka jasi rake, munoziva, uye anga

achingosuka mahwindo namadziro. Kamunhu kane mutumbi mudiki, munoziva.

²³⁰ Muparidzi wekare akamuseka, munoziva, pamusana pekuti akadya huku achibata nemaoko; maererano netsika dzemadyire anhasi, munoziva.

²³¹ Saka akanga achingosuka mahwindo nokugadzira gadzira. Ndururani huru iyi ikafamba ikasvika, ndokudhonzera jasi rake shure, chivhorovhoro chakaremba parutivi rwake, akati, “Chii chauri kuita?”

²³² “O,” iye akati, “Ndiri kusuka mahwindo.” Ndokungoramba achienderera nokusuka mahwindo, munoziva. Anga ane chinangwa chimwe chete. Mwari anga amuudza kuti aite rumutsiriro. Achisuka mahwindo, achienderera mberi.

Akati, “Hatitenderi rumutsiriro munharaunda dzino.”

²³³ Iye akati, “O, asi Ishe vakandiudza kuti—kuti ndiite rumutsiriro urwu.” Maona? Akaenderera mberi, nebasa rake. Maona? Maona?

²³⁴ “Zvakanaka,” akati, “pane chinhu chimwe chete iwe—iwe chaunofanira kunzwisisa.” Akati, “Ndini ndinotonga guta rino.”

²³⁵ Iye akati, “O, munotonga?” Iye ndokungoramba achisuka mahwindo, munoziva.

²³⁶ Akati, “Usati waita rumutsiriro, unofanira kutanga wandirova.”

Akati, “O, ndidaro? Zvakanaka, ndichaita saizvozvo ikozvino.”

²³⁷ Akangobvisa jasi rake. Ndokufamba kuenda paaiva, ndokumubata pahuro, ndokumurova akawira pasi, iye ndokusvetukira pamusoro pake. Akati, “Ndinofanira kurwa, kana ndichifanira kutonga. Wedzerai hushingi hwangu, Ishe.” Ndokumudzvura kusvika tara yabuda maari.

Akati, “Zvakwana here?”

²³⁸ Iye akati, “Hongu.” Akasimuka akamubata ruoko. Akaponeswa usiku ihwohwo, muchechi.

²³⁹ Hezvo kwamuri. Maona? Ndezvizvi, tora Shoko raMwari ucheke nzira yako nomukukahadzika kwose. Mazviona here? Chokwadi, ndizvozvo. Ndiro basa rinotevera, ngatiriitei. Ndizvozvo. Chinhu chinotevera chandinofarira kuita ndechokubva pakukahadzika kwangu, ndokurovera pasi. Ndiro basa rangu rinotevera, rokutora kushungurudzika kwangu kwose kuende kure. Kana pfungwa dzangu dzikandiudza, “Zvino, uri kurwara,” chinotevera chokuita ndechokucheka chinhu icho chibve. Ndizvozvo.

²⁴⁰ Woti, “Zvakanaka, uno...Vanondiudza kuti...Unoziva, hana yangu inondiudza, Hama Branham, kuti ini...” Zvakanaka, unotofanira kuchekawo naichocho chinhu kuti

chibve. Iwe hausi kuzomboenda kure kupfuura pana izvozvo. Ingoita basa rako rinotevera. Bvisa jasi rako upinde mazviri usine chinhu. Ingoramba uchienda. Donzvo rimwe chete, “Ndiri kuzokunda.” Amen. “Handingakundike. Ndiri kuzokunda.” Amen.

²⁴¹ Satani anozodza. Maona? Zano rake rekutanga nderipi? Ndeipi nzvimbo yaakatanga kutora? Pfungwa. Akamira kwekanguva, kuti aterere zvaaitaura. “O, unorevesa?”

²⁴² Ndipo vakadzi vazhinji vadiki vakatadzira, nevarume vazhinji vadiki pavakaitira mhoshho yavo; ndizvo, vakamira kwekanguva, vakangomira kwekanguva. Kangani pandakaona nyaya dzokurambana dzichisimuka, saizvozvo.

²⁴³ “Zvino, ndinokuudzai ini, Hama Branham, akaridza muridzo ‘setsuri’, munoziva, uye ini ndakamira, uye, chokwadi, ndakanga ndisingadi kudaro.” U-hu. Hezvoka.

²⁴⁴ “O, iye, ndakanga ndakagara ndakatarisana naye patafura. Akanga—akanga ane maziso akanakisisa kwazvo!” Maona? U-hu. Mazviona here? Ndizvozvo.

²⁴⁵ Dhiyabhorosi anoita chinhu chimwe chete ichocho. “O, chiremba andiudza kuti handingapori, saka ini...” Hezvoka, chinhu chimwe chete ichocho, onai, ihondo hurusa yakamborwiwa.

²⁴⁶ “Zvino, vanondiudza. Ndakaona *Nhingi-nhingi* achiti ane Mweya Mutsvene.” Ehe, wakaona munyengeri mukuru. Zvakatodini neavo vaiva naWo zvamazvirokwazvo? U-hu. Ehe. Dhiyabhorosi anokunongedzera kune rimwe gunguwo rakare, asi haakuratidzi njiva yechokwadi. U-hu. Ndizvozvo. Haakuratidzi izvozvo, anozvichengeta zvakavanzwa kwauri.

²⁴⁷ O, iye murwiwo, zvakare, rangarirai. Asi mukuru ndiye we... “Mukuru Uyo ari mandiri, kupfuura ari munyika.” Asi batirirai kuShoko raMwari; ritendei iRo, imi vatungamiriri vehondo pano. Dzivirira nhare yako, hama. Ndizvozvo, bata nzvimbo yako yebasa.

²⁴⁸ Zvino, ndaiva nemumwe musikana mudiki pano, imwe nguva. Musikana uyu angangove pano iye zvino. Zita rake wainzi Nellie Sanders. Imwe yenguva dzekutanga pandakaona mweya wakaipa uchidingwa. Taigara, zvino, dai ndikakwanisa kuirangarira nzvimbo yacho; uye dzingangoita dzimba nhatu kumusoro uku, kupfuura makuva. Zvekare ndanga ndichangotanga kuparidza, uye ndaiparidza ipo pano pakona iyi, tiine musangano wemutente.

²⁴⁹ Zvino musikana mudiki uyo aiva mumwe wenyanzvi dzekutamba rumveyesano. Aienda kuchikoro chikuru zasi uko, iye naLee Horn. Uye vazhinji venyu muno muguta munoziva Lee Horn zasi uko, muridzi weimba yemitambo. Zvino saka ivo, iye naLee Horn, vaiva shasha dzekutamba muno

munyika. Iye muKaturike, pachake. Zvirokwazvo, kunamata hakuna zvakwaireva kwavari, saka zvino...Nellie naivo. Saka, aiva mutambi mukuru, uye naiyewo, zvakare. Zvino kwaive nematambiro aya aidaidzwa kuti “black bottom,” ne “jitterbugs,” nezvimwe zvose. Uye aiva...Ivo vaviri ndivo vaiva nyanzvi munyika.

²⁵⁰ Rimwe zuva, akakwira kuno, humwe usiku, kumusangano. Ipapo ndokuwira pasi, paaritari, Nellie mudiki. Ngauropafadzwe mwoyo wake. Akararapo paaritari. Akasimudza ruoko rwake. Uye akachema, nemisodzi ichierera ichidzika pamatama ake. Akati, “Billy...” Aindiziva. Akati, “Ndinoda kuponeswa, zvakaipa.”

²⁵¹ Zvino ini ndikati, “Nellie, unogona kuponeswa. Jesu akatokuponesa kare iwe, musikana. Unofanira kuzvigamuchira zvino panheyo yeShoko raKe.”

²⁵² Zvino akagara ipapo. Uye akachema, akanamata, nekuudza Mwari kuti haaizoterera zvinhu zvenyika zvakare. Kamwe kamwe, kakutapira kakanaka kerugare kakafukidza mweya wake. Akasimuka kubva ipapo, achidanidzira nekurumbidza Mwari, achikudza Mwari.

²⁵³ Zvino mwedzi mitanhatu kana misere mushure maizvozvo, iye aiuya achidzika nemugwagwa Spring Street, humwe husiku.

²⁵⁴ Zvino, achingova musikana mudiki, aingova pazera rekuyaruka, makore angangoita gumi nemasere ekuberekwa. Zvino akauya kwandiri, akati, “Hope...” Uyo aiva mudzimai wangu, akafanoenda. Iye akati, “Ndinoshuva kuti dai ndaitarisika saHope naIrene.” Iye akati, “Unoziwa, havana kumbobuda kuenda munyika.” Akati, “Nyika inoisa mucherechedzo paUri.” Akati, “Ndinoonekwa ndakakasharara pakutarisika kwangu.” Akati, “Zvino, ndakarega zvekuzora zora nezvakadaro, asi ndinoratidzika kukasharara. Kunyange chimiro, chechiso changu,” akati, “Ndinoonekwa ndakakasharara.” Akati, “Ivo vanotarisa kuva vasina mhosva vakapfava.” Akati, “Ndiri kushuva kuti dai ndisina kuita izvi.”

²⁵⁵ Ini ndikati, “Nellie, Ropa raJesu Kristu rinochenesa kubva kuzvivi zvose, mudikani. Enderera mberi, uzvitende izvi.”

²⁵⁶ Wayne Bledsoe, vazhinji venyu munomuziva pano, shamwari yangu yepamwoyo, kwemakore namakore. Aiva munwi. Zvino vakauya pano nemunun’una wangu, Edward. Zvino wakanwa ndokudhakwa ari zasi uko mumugwagwa, ndikamutakura, nokuti mapurisa vaizomusunga. Ndokubva ndauya naye kuno. Uye ndakanga ndiri muparidzi ndichigara kumusoro uko, namai vangu nababa vangu, kare ndisati ndarooro. Zvino ndakamutora, ndokumuradzika pamubhedha. Ndinorara, ndairara pamubhedha unopetwa. Paiva nemhuri huru yokwaBranham, munoziva, taiva gumi. Zvino saka

taiva namakamuri mana, zvino taitoisa vakawanda zvisihoma, mukamuri. Saka, ndaiva nemubhedha unopetwa wandairara pauri. Ndakachiuvhomora sezvizi, ndo—ndokuisa Wayne kuti arare neni. Akadhakwa, ndakatomutakura ndokupinda mumba naye ndokumuradzika.

²⁵⁷ Zvino ndakanga ndirere apo. Ndikati, “Wayne, haunyari here nezvauri, saizvozvo?”

²⁵⁸ Iye akati, “A, Billy, usataura neni saizvozvo.” Zvino ndakaisa ruoko rwangu pamusoro. Ndakati, “ndiri kuzokunamatira, Wayne. Mwari akuropafadze.” Ndanga ndaponeswa pamwe, o, ndinofunga, rinokwana gore.

²⁵⁹ Uye saka zvino, kamwe kamwe, pa—pakasvika tekisi, pamusuwo pakagogodzwa nekunze, uye mumwe munhu akachigogodza zvine simba kwazvo. “Hama Bill! Hama Bill!” [Hama Branham vanorova papurupiti—Mupepeti.]

²⁶⁰ Ndakafunga, “Ini zvangu, kuti kwakanaka, mumwe munhu anofanira kuva ari kufa.” Ndakasvetuka, ndokubata musuwo; ndokuramba ndakaubata, ndokupfeka mapijama angu, sezvizi; ndokufukidza Wayne. Ndokubva ndamhanyira kumusuwu.

²⁶¹ Zvainzwika semudzimai. Ndakazarura musuwo, paiva nemusikana mudiki uyu akamira pamusuwo. Akati, “O, ndingapindamo here?”

Ndakati, “Pinda.” Ndikabva ndatungidza magetsi.

²⁶² Zvino iye aingochema saizvozvo, uye akati, “O, Hama Billy, nda—nda—ndaparara! Ndaparara!”

²⁶³ Ndikati, “Dambudziko chii, Nellie? Mwo—mwoyo wako watsemuka here?”

²⁶⁴ Akati, “Kwete.” Akati, “Hama Bill, ndanga ndichidzika naSpring.” Akati, “Chokwadika, Hama Bill! Chokwadi, Hama Bill, ndanga ndisingadi kukanganisa. Ndanga ndisingadi kukanganisa.”

²⁶⁵ Ndikati, “Chii chanetsa?” Ndikafunga kuti, “Zvino ndichaita sei naye?” Ndanga ndisingazivi zvekuita. Ini, ndichingova jaya zvaro. Uye nda . . .

²⁶⁶ Akati, “O, Hama Bill,” akati, “Ndango—ndango—ndangova mamvemve oga oga.”

Ndikati, “Zvino, dzikama, hanzvadzi. Ndiudze zvose zvaitika.”

²⁶⁷ Zvino iye akati, “Zvakanaka,” akati, “Ndanga ndichidzika nemugwagwa, uye pahall yaRedmen. . .” Zvino vaisiita mutambo werumveyesano imomo Mugovera usiku ipapo. Iye akati, “Ndanga ndine zvinhu, zvandanga ndichazonosonesa zvokupfeka ndasvika kumba.” Akati, “Ndanzwa mumhanzi uya.” Akati, “Unoziva,” akati, “Ndangomira kweminiti.” Ndokuti, “Zvangoramba zvichiwedzera kunakidza. Saka ini

ndikafunga, ‘Unoziva hazvingandikanganisi kana ndikamira ipo pano.’”

²⁶⁸ Ndipo paakaita mhosho yake, kumira kwekanguva. Akangoterera.

²⁶⁹ Akati, “Zvakanaka, ndiri kungofunga.” Akati, “O Ishe, Munozviziva kuti ndinoKudai, zvakadaro.” Akati, “Munozviziva ndinoKudai, Ishe. Asi ndinorangarira nguva iyo Lee neni taisitora mikombe, nezvakadaro.” Akati, “Zvangu ini, ndinorangarira kuti nziyo dzakare dzaindikwezva. Hadzichadaro zvino.”

²⁷⁰ U-o, u-o! Unofunga kuti haichadaro. Yatokubata kare, ipapo. Ndizvo zvaanoda, ipapo. Maona?

²⁷¹ Vangani vanoziva Nellie Sanders? Zvakanaka, ndinofunga kuti mose mose zvenyu. Ehe. Chokwadi. Saka ivo—ivo vaiva—ivo vaiva . . .

²⁷² Akati, iye akati, “Zvino, munozivei?” Akati, “Pamwe kana ndikakwira masitepisi ndikwirepo,” akati, “pamwe ndingakwanisa kupupurira vamwe vavo.”

²⁷³ O! Waona, uri panzvimbo yaDhiyabhorosi chaipo. Ibva pairo. “Tiza kutanga kuonekwa bedzi kwechakaipa.”

²⁷⁴ Asi akakwira, namasitepisi, ndokumira kwemaminitsi mashomana. Zvino munoziva, akatozongoona ava mumaoko emumwe mukomana, mudariro apo.

²⁷⁵ Ndokubva azobengenuka. Zvino akanga akamira apo, achingochema, akati, “O, ndarasika zvino, zvachose.”

²⁷⁶ Ndakafunga, “Zvino, handizivi zvakawanda nezveBhaibheri, asi ndinotenda Jesu akati, ‘MuZita raNgu vachabudisa mweya yakaipa.’” Ndi . . .

²⁷⁷ Zvino Wayne anga abengenuka, zvishoma, uye anga agara apo, achiona. Maona? Saka ndakati, “Zvino, mweya wakaipa, handizivi kuti ndiwe ani, asi ndiri kukutaurira zvino, iyi ihanzvadzi yangu, uye hauna chokuita kuramba wakamubata. Iye anga asingadi kuita izvozvo. Angomira kwemineti.” Ndopaaaita mhosho, hake. Ndikati, “Asi unotofanira kubuda maari. Unondinzwa here?”

²⁷⁸ Zvino saka ndibatsirei, Mwari, pakutongwa, unozviziva. Suwo riya ndokutanga kuvhurika richivharika, pachezvaro. “Bherengende, bherengende,” pamusuwo. “Bherenge, bha-bherenge, bha-bherenge.” Ndokubva ndafunga.

Zvino iye akati, “Bill, tarisa uone icho. Tarisa uone icho.”

Ini ndikati, “Ehee. Chiiko icho?”

Iye akati, “Handizivi.”

Ndikati, “Kunyangeniwo.”

279 Zvino suwo rikati “bhamu-bhamu, ti-bhamu,” richivharika saizvozvo. Ndakafunga, “Chiiko ichochi? Chiiko ichochi?”

280 Ndakatarisa zvakare, sezvizvi. Ndikati, “Ibva kwaari, Satani! MuZita raJesusu, buda maari!”

281 Zvino pandakataura izvozvo, ndakaona chinenge chimuremwaremwa chikuru, chakareba *kudai*, chakasimuka seri kwake, chiine mvere refu dzairembera pamapapiro acho nepamakumbo acho, sezvizvi. Chaiti, “Ooooo.” Chikauya chakandinanga, nesimba racho rose.

282 Ndikati, “O Ishe Mwari, Ropa raJesusu Kristu ngarindichengetedze kubva kwachiri.”

283 Zvino Wayne akasvetuka ari pamubhedha, akatarisa. Zvino hechinoi, sezimumvuri, chikatenderera, ndokuenda napamusoro ndokuzoenda pasi seri kwemubhedha. Wayne akabva abva pamubhedha, ndokutizira mukamuri rinotevera, nesimba rose. Saka taka . . .

284 Ndakatora Nellie ndikaenda naye kumba. Ndikadzoka, ndikatadza . . .

285 Amai vakapinda mumba vakazunza zunza machira nezvose. Panga pasina chinhu pamubhedha ipapo. Changa chiri chii? Dhimoni rakabuda kubva maari. Chii chakaitika? Akambomira kwechinguvana. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kaviri—Mupepeti.] Ndizvo zvose.

286 Usambomira, zvachose. Kana Mwari aisa Shoko raKe mumwoyo mako, ingotora Munondo uyo wotanga kutotema nokugura. Hareruya!

287 “Handichina nguva yokumirira pasina. Ndichangoyambuka, handina kana nguva yokugara pasi.”

288 Iye akati, “Zvino, tora tsvimbo yangu uiise pamwana. Zvino kana munhu akataura newe, usataura naye.”

289 Kana Dhiyabhorosi akati, “Heyi, unoziva kuti unorwara nei?” Usambotaura naye. Ingoramba uchienda.

290 Dhiyabhorosi, munoziva, Dhiyabhorosi anoti, “Asi unozivei? Unoziva, *Nhingi-nhingi*, paakagamuchira Mweya Mutsvene, unorangarira aka—akatopotsa apenga.” Usambototaura naye. Ingoramba uchienda. Hauna kumbonzwa nezva *Nhingi-nhingi*.

291 Ndiwe naMwari. Ndizvozvo. Chengeta Mwari. Anozodza varanda vaKe. Ndinofanira kukurumidza. Mwari anozodza varanda vaKe. Maona?

292 Zvino ndinofanira kudarika zvimwe zvezvandanyora pano, asi ndinoda kutaura izvi. Pano, tererai zvino, zvakanyanya.

293 Musikana mudiki, teresa zvino. [Hama Branham vanotaura zvakare kumusikana anorwara—Mupepeti.]

294 Pano tinoona manomano aDhiyabhorosi. Tinoita sei? Zvino, ndine Magwaro mazhinji pano, evaprofita nevamwe,

paakauya kwavari, uye vanhu vakasiyana siyana muBhaibheri, ndokuita chinhu chimwe chete ichocho. Ndiro zano rake nguva dzose, rekuedza kuita kuti vanhu vasatenda Shoko raMwari. Tererai, imi mauto emuchinjikwa. Pamunongorega kutenda Shoko rimwe raMwari rakanyorwa muBhaibheri, matotorerwa zvombo.

²⁹⁵ Unozvitenda here izvo, mudikani? [Hama Branham vanotaura zvakare nehanzvadzi inorwara—Mupepeti.]

²⁹⁶ Watorerwa zvombo. Watosarenda, iwe mvutye mvutye. Shonga nhumbi dzose dzokurwa dzaMwari. Amen. Tiri muhondo. Mwari zvaakataura ichokwadi. “Shoko rose romunhu inhema.” Maona? Asi apo iwe unongo... paanongokuita kuti uterere chimwe chinhu, ndiro zano rake, watorerwa zvombo.

²⁹⁷ Zvinhu zvingani izvo Evha zvaakaterera? Chimwe chete. Akatorerwa zvombo ipapo. Dhiyahhorosi akaita sei? Akapinda nemupfungwa dzake, kuti akapinda mumweya wake, ndokubva atsveyamiswa. Ndizvo here? Akatsveyamiswa paminiti yaakatorerwa chombo chake, paasina kutenda Shoko raMwari. Zvakanaka. Pano tinoona mazano ake.

²⁹⁸ Mauto aMwari anorairwa ku “Shonga nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari.” Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, kana uchida kunyora Gwaro iro pasi, rinowanikwa muna VaEfeso 6:10 na13. Maona? Tariverenga chinguva chadarika. Ndiro musoro wepfungwa yedu. Zvakanaka. Cherechedzai. “Shonga nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari.” Ngati... Mune nguva shoma ingaita maminetsi here? [“Ameni.”] Ngatidzokere shure pano kwemineti. Ngationei kuti nhumbi dzose dzokurwa dzaMwari chii. Zvakanaka. Ngatitange pandima ya10. Zvino, tereresai chaizvo zvino. Ngatitsvagei nhumbi dzose dzokurwa dzaMwari. “Pakupedzisira, hama dzangu...” Zvino, ndinoziva ndiri kuenda... Ndiri...

²⁹⁹ Dzava maminetsi makumi maviri, iko zvino, kuti tisvike panguva dzatwelve, pasara zvisroma. Ini—ini handi... Ndanga ndisingadi kukudzidzisayi zvakarebesa, nhasi, asi ini—ini pamwe handingazovi neimwe mharidzo asi imwe chete kusvikira ndafamba dzimwe dzenzendo dzangu dzemumwaka wemvura, munoona.

³⁰⁰ Uye munozivei? Munoziva kuti sei ndiri kuita izvi? Ndichakuudzai. Rimwe zuva ndakarota hope. Ndanga ndisiri kuzozvitaure, asi zvinongova pandangariro dzangu. Ndichazoviita, mushure mekunge Ishe vandipa dudziro dzazvo.

³⁰¹ Ndakarota ndichigadzirira kuyambuka rwizi rukuru kuru, kunoita basa rohumishinari. Zvino, pekutanga, ndakanga ndiri pamusoro apo nemudzimai wangu...

³⁰² Vangani venyu vanoziva George Smith, six-second Smith, muno muguta? George Smith, mwanakomana wake ari

muchipurisa muno. Iye, George anonzwise tsitsi, chidhakwa iko zvino. Asi aive mumwe wemhare dzokurwa. Ndiye akandidzidzisa, ndisati ndaenda kune ve Y.M.C.A. nekumwe kwese. Iye waitidzidzisa isu. Uye waiita zvinhu nokukasira, kukasira kwamazvirokwazvo. Iye waiva muboka reWelterweight bedzi, vemapaundi zana nemakumi mana nemashanu. Uye ndiye akandidzidzisa ini. Zvino aiwanzomira apo, aigona kutora chibhakera chake, *sezvizi*, ondirova mudumbu chaimo, ondisimudza ndokunditsimbiridzira kumadziro, maona, asi, zvanga zvisingandirwadzi. Waingondidzidzisa, panga pasina zvimwe asi kungondidzidzisa chete.

³⁰³ Uyezve nda—ndakarota, humwe husiku, kuti ndichiona six-second Smith. Zvino, chakanga chisiri chiratidzo. Chakanga chiri chiroto. Zvino ndakaona six-second Smith, majaya achiuya kuzorwa naye, mumutambo wemutsimba. Uye iye, mutana iyeye, pamusoro pe, o, ndinofunga...ndine makore makumi mashanu nemaviri. Iye angangoita makumi mashanu nemasere, makumi matanhatu. Hakuna nemumwe wavo vadiki ava aigona kumubata, chero neipi nzira. Aingovasunga, seizvi, ongovaradzika pasi nokuvabata noruoko rwake.

³⁰⁴ Ini ndikafunga kuti, “Izvi zvinoshamisa.” Ndakafunga kuti mudzimai wangu aiva neni, ndikati, “Izvi zvinoshamisa.” Ndikati, “Unozivei, Meda? Aisimbova mudzidzisi wangu.”

Iye akati, “Ndino—ndinozvirangarira, uchindiudza pamusoro pazvo.”

³⁰⁵ Ndakati, “Hongu, changamire. Nekudzidzisa kwake kwakanaka, ndakawana mhenduru gumi neshanu dzokurwa tsiva yepamusorosoro, uye ndikazorega basa iri—iri; kuti ndiparidze Evangeri.

³⁰⁶ Ndopazvakashanduka ipapo, zvino ndakanga ndava kuyambuka mhiri kwe—kwemvura. Asi apo pandakange ndava kuenda, ndakanga ndichienda nechikepe chepeturu. Ndakatarisa kurutivi, ndikaona apo pakagara hama dzangu mbiri, dziri kuita, dzichigadzirira kuenda neni. Ndakati, “Hamugoni kuita izvozvo, hama. E-he. Ndinofanira kuenda ndoga.”

³⁰⁷ Zvino munhu wechikepe akauya, ndokuti, “Herino igwa rako,” ramazvirokwazvo igwa ramapepa epurasitiki.

Ndikati, “Kwete. E-he. Kwete iroro.”

³⁰⁸ Iye akati, “Zvino, unogona kumhanya naro uchikwidza nenzira *uku*, mamaira makumi mashanu paaawa imwe.”

Ndikati, “Asi ndinofanira kuyambuka *nekoko*.” Munoono?

“Zvakanaka,” iye akati, “pinda navo varume *ava*.”

³⁰⁹ Ini ndikati, “Ava havasi varume vemuzvikepe. Havazivi zvakanakwana nezvazvo. Vangofarisa. Havagoni kuzvityaira. Vose vanganyura mukati umo. Havangatombozvigoni.”

Zvino iye akati, “Uri . . . iwe ungavimba . . .”

³¹⁰ Ini ndikati, “Inzwai, ndino—ndinoziva zvakawanda nezvezvikepe kupfuura ivo, uye ini handingaedzi kurityaira naizvozvo, nemhura iyoyo yamagadzirirwe.” Ndikati, “Zvinitora chikepe chine simba kuyambuka apo.” Ndikati, “Zvichatoda chinhu chine simba guru kudarika icho.”

³¹¹ Zvino ndakaona achitarisa tarisa, kune mumwe wehama, ndokuti, “Uri mutyairi wechikepe here murume?”

Hama dzikati, “Hongu.” Maona?

Ndikati, “Izvo handizvo.”

³¹² Zvino munhu wemuchikepe akadzoka. Iye akati, “Ndikuudze zvaunoita.” Akati, “Vanokuda. Vanokutenda. Asi,” akati, “kana ukaedza kuyambuka nechikepe chine simba repeturu, vachaedza kukutevera vari muigwa iro. Vose vachafa, waona.” Akati, “Havagoni kukutevera.”

Zvino ini ndikati, “Zvakanaka, ndoita sei?”

³¹³ Zvino munhu yu wechikepe aiva pachiteshi chezvikepe, akati, “Wodzokera kumusoro *uko*.” Akati, “Pane imba diki ye dura munyika ino yose, imba diki yokuchengetera chikafu. Zvino uise zvinhu zvakawanda imomo,” akati, “zvino vachagara pano. Vacha—vachagara pano apa kana iwe—kana iwe waenda. Asi,” akati, “unofanira kuisamo zvavachazoda.”

³¹⁴ Zvino ndakanga ndichihodha mhando dzose dzemakabheji, maturnips, nemaradishes, nezvimwe zvinhu, kuzviunganidza saizvozvo. Ndokubva ndapepuka.

³¹⁵ Handina kuziva kuti chaiva chii, asi zvino ndava kuziva. Onai, tiri kuunganidza mbuva yezvokudya, hama. Uhwu ndihwo hupenyu hwaunofanira kufamba wega.

³¹⁶ Leo, unorangarira chiroto chawakaita nguva iya pawakatanga kuuya pano here? [Hama Leo Mercier vanoti “Ameni.”—Mupepeti.] Pamusoro pepiramidi, uye waifunga kuti waizokwira kumusoro mukati mayo. Ndakati, “Leo, hapana munhu anokwira pamusoro pano. Mwari anofanira kukwidza munhu pamusoro pano. Wakakwira nharaunda dzose dzinogona kukwirika panyama.” Ndikati, “Haugoni kuuya pano, Leo. Waona? Dzokera zasi. Ingoudza vanhu kuti zvinobva kuna Mwari.” Maona? Maona?

³¹⁷ Ndechimwe chinhu chausinga—usingagoni kuvimba nacho, kunyange hama nehanzvadzi dzakanaka, uye chechi yangu nevole, uye kunyange mamwe machechi akanaka zvaari, nehama, kwese kwese.

³¹⁸ Zvino, handigoni kugara kure nechechi uko. Mumwe angati, “Zvino, sei muchifambidzana navanhu avo, ivo vana vamwari vatatu mumwe, vose *ava*, *avo*, *nevamwe*, *neveoneness*, *neveJesus* Name, nezvole zvimwe zvinhu izvi? Munozvisonganisirei navo,

vakadaro?” Ndevangu. Hazvineyi kuti vakaitai, ndevangu. Ivo ipurupiti yangu.

³¹⁹ Apo Israeri yakaita zvakaipa, kusvikira Mwari akatoudza Mosesi, Akati, “Zvipatsanure. Ndichatanga rudzi rutsva—rutsva newe.”

³²⁰ Mosesi akazvikanda pamberi, akati, “Musati Mavaparadza, paradzai ini.”

³²¹ Hazvineyi kuti vakaita sei, ndivo vandakatumba kwavari. Anotuma Chiedza, kwete kuti chivhenekane pane Chiedza. Pane rima, ndipo pakafanira kuuya Chiedza. Zvino unofanira kufambidzana navanhu ava. Unofanira kumira navo, zvisinei, unofanira kuita saizvozvo, nemukutadza kwavo.

³²² Israeri yanga yatadza zvekutadza chaizvo. Vakanga vatadza kusvikira Mwari avaramba. Asi, Mosesi, ndinogaroshamisika kuti zvakambouya sei, asi waiva Mweya waKristu munaMosesi. Maona?

³²³ Onai, tose takatadza. Akatimirira tose patanga tiri mukutadza kwedu.

³²⁴ Hazvina mhosva kuti vakatadza sei, ngatirege kuvarasira kure kana kusazvibanidza navo isu nezvimwe zvose. Kana tichingogona kuwana mweya, ngatiende nazvo “takachenjera senyoka, tisingakuvadzi senjiva,” Maona, uye tichiedza kuwana mweya wese watingogona.

³²⁵ Zvino, izvi ndizvo zvandiri kutaura mangwanani ano, kuunganidza Kudya. Kuunganidza Kudya, kuti muzovana chokudya, kuti muzova nechimwe chinhu chokudya pachiri. MoZviisa pamatepi enyu. Mozogara mukutonhorera kwemumba. Pamwe, apo ndinenge ndaenda ndave kure, muchazorangarira kuti zvinhu izvi ichokwadi. Mozogara mumba mako uchiterera. Maona? Zvino ichi Chikafu, chandiri kuunganidza, mumba yekuchengetera. Handizivi kuti rwendo ruchava rwekupi. Asi, kuti ndepi, Iye Anoziva kwaari Kutungamirira; ini handizivi. Ndinongotevera.

³²⁶ Zvino, chii chaataura pano zvino? Tererai chaizvo.

Pakupedzisira, hama dzangu, ivai makasimba munaShe, nomusimba roukuru hwake.

. . . ivai nesimba . . . musimba roukuru hwake.

Shongai nhumbi dzose dzokurwa dzaMwari, kuti mugone kumirisana namano aDhiyabhorosi.

Nokuti hatirwi nenyama neropa, . . .

Kupfura namabara nekucheka namapanga, munoona, handizvo izvi.

. . . asi navabati, namasimba, namadzishe e . . . rima renyika ino, . . .

327 “Madzishe erima.” Ndiani anotonga nyika? NdiDhiyabhorosi. Zvirokwazvo. Ndiani ane zvinhu zvose zvinoenderera mberi, zvose izvi zvisina Mwari zvinhu zvichienderera, zvichitenderera nemuno, nehurumende idzi, nezvakadaro? Zvose ndiDhiyabhorosi. Bhaibheri rakataura saizvozvo. Dhiyabhorosi anotonga muUnited States. Dhiyabhorosi anotonga Germany. Dhiyabhorosi anotonga rudzi rwose panyika. Ndiri kuuya kwazviri, mumaminitsi mashoma, uye tichaona kuti anotonga here, kana kuti kwete. Kana... Humambo hwose hwakambovako nehuchazovako, hunotongwa naDhiyabhorosi kusvikira Mwari aisa humambo hwaKe.

328 Handireve kuti wese arimo ndiDhiyabhorosi, zvino. Mune vanhu vaMwari mu—mumahofisi ehurumende.

329 Pachazove nemumwe pano muhusiku hushoma, ipo pano, achazoratidza mufananidzo pano naHama Arganbright, panzvimbo pano. Vakanga vari mumiririri kuvatungamiriri vashanu vakasiyana, Hama Rowe. Uye ivo i... Vachange vari pano, ndinofunga ringangova svondo rechipiri raKubvumbi. Hama Neville vachazvizivisa. Uye munhu anoshamisa.

330 Anoti iye anogona kutaura nendimi sere dzakasiyana, ndinotenda. Asi apo akagamuchira Mweya Mutsvene, akanga asina mutauro wokuti ataure nawo kunaShe, saka Ishe vakamupa, iye akati, saka akataura naYe naiwoyo. Akamupa mutsva, waakanga asina kumbodzidzira. Zvakanaka.

... kuipa kwapamweya munzvimbo dzakakwirira.

Nokudaro...

331 Zvino tererai, imi varwi mose zvino, tisati tatanga mutsetse wokunamatira.

... torai kwamuri... (d-z-o-s-e) dzose (kwete zvimwe zvadzo)... nhumbi dzose dzokurwa dzaMwari, kuti mugone kumira muzuva rakaipa,...

Ndiro zuva ratiri kurarama mariri.

... uye maita zvose, kuti mumire.

Mirai...

332 Amen. Mazvibata? Ona, mudikani? [Hama Branham zvakare vanotaura nehanzvadzi inorwara—Mupepeti.] Kana maita zvose zvamunogona kuita, kuti mumire, zvino mirai. Musafamba.

Mirai naizvozvo, zvivuno zvenyu...

333 Tererai izvi. Tererai pano, munoziva here kuti chii ichi. “Zvivuno zvenyu.” Ndipo pakati pako, apa, waona.

... makapfekedzwa nezvokwadi,...

334 Chokwadi chii? IShoko raMwari. Ndizvozvo. “Shoko reNyu iChokwadi.” Zvakanaka.

. . . mune chidzitiro chechipfuwa chokururama;

³³⁵ Ndiko kuti, “Itai zvakarurama.” Une Shoko raMwari mauri, uchiita izvo zvakarurama. “Chidzitiro chechipfuwa chekururama.”

Netsoka dzenyu dzakapfekedzwa negadziriro yeevhangeri yorugare;

³³⁶ Enda kwese, nzvimbo dzose, nguva dzose, tsoka dzakapfekedzwa Evhangeri. Waona? Uye tarisa:

pamusoro pazvose, pamusoro pazvose izvi, torai nhovo yokutenda, . . .

³³⁷ Ndicho chinorovera kure miseve, waona, “Nhovo yekutenda.”

. . . nayo muchagona kudzimura miseve yose ine moto yowakaipa.

Mutore nguwani yoruponeso, . . .

³³⁸ Ndiye munhu womukati. . . Idzi pfungwa—idzi pfungwa, muno *umu*, mumusoro; dzinofukidza musoro.

. . . ne—nemunondo woMweya, rinova Shoko raMwari:

³³⁹ Ucharega sei ngowani iyi, ichiita basa rainoita? Ichengegedzo. Nguwani inogadzirwa nei? Ndarira. Ndarira haigoni kuwedzera kuomeswa; yakaoma, yakaoma kupinda dare. Chokupfeka mumusoro chendarira, (icho chii?) irwo ruponeso, ruzivo rwokuziva izvi, “Uye kupodzwa kwangu kunobva kuna Mwari. Ruponeso rwangu runobva kuna Mwari. Chiitiko changu chinopindirana neShoko raKe, kwete pfungwa yamachechi; Shoko!” Amen. Hezvoka. Kufukidza pamusoro, nechengegedzo, ngowani yoruponeso, rudzikinuro. Tora izvozvo, chienda uchifora uchienda mberi. O, zvino, zvino ndizvo zvatino fanira kuita. Hondo yaSatani. . .

³⁴⁰ Zvino tarisai, zvino, tiri. . . Ndinotofanira kukurumidza, asi ndi—ndinofanira kupinza izvi mukati.

³⁴¹ Hondo yaSatani inounza zvirwere. NdoSatani zvaari, iye muparadzi. Satani, humambo hwose hwaSatani, zvirwere, rufu, nekusuruvara, nekuvhiringidzwa, nekushushikana, zvose pana Satani.

Mwari Hupenyu, kutenda, mufaro, rugare, pano *apo*. Maona?

³⁴² Zvino, ndiwo masimba maviri makuru ari kuuya pamwe chete zvino. Ari kurwisana. Ari kurwisana imo muno muimba iko zvino. Anorwa, zuva nezuva, newe, simba roga roga.

³⁴³ Satani, achikutevera rwendo rwose, icho chimambo chikuru, chihombe, Goriati wehuprista chichiedza kukuvhundutsira. Ari mugwara, asi Mwari. . .

³⁴⁴ Wakachengetedzwa, ameni, neEvhangeri, neShoko raZvokwadi rakatenderedza chivuno chako. Mwari ngaakudzwe! Muparidzi, ndizvo zvazviri. Ngowani yoruponeso; nhovo yokutenda; neMunondo, uchimveyeswa uri muruoko rwako! “Satani, ndiri kuuya kuzosangana newe. Unosangana neni muzita resainzi. Unosangana neni muzita re—retsika. Unosangana neni muzita resangano. Unosangana neni muzita *reichi*, *icho*, kana *chimwe*. Asi ini ndinosangana newe muZita raIshe Mwari waIsraeri. Ndiri kukuvinga. Vhura nzira!” Kunyange rufu chairwo harugoni kumirapo. Tema buri nemaruri. Ndizvozvo.

³⁴⁵ Hondo yaSatani inounza zvirwere, asi hondo yaMwari yakapiwa kuti izvidzingire kunze. Ameni. Hezvoka. Nguva yose Satani paanokanda chese pauri, pauri iwe, hondo yaMwari inomudziringira kunze. Ameni. Dzingira kunze!

³⁴⁶ Ndiri zano chairo iro Mwari akashandisa. Satani akashandisa hondo yokuparadza, yokusatenda Shoko raMwari, neyokumugadzirira humambo huri nani pane hwaiva naMikaeri, asi Mwari akadzingira kunze.

³⁴⁷ Zano raMwari, nderiri, dzingai mweya wakaipa. Dzingai kushandisa pfungwa kwose. Dzingai kutya zvisipo. Dzingirai kunze kushushikana. Dzingai zvirwere. Dzingai zvivi. Ameni. Muri pamusoro pazvo, makamutswa muna Kristu Jesu, makagara munzvimbo dzekuDenga, mweya yakaipa yose iri pasi petsoka dzenyu. Kana akaedza kusimudza musoro wake imomo, chii . . .

³⁴⁸ Unoziva, wakafa. Hupenyu hwako hwakavanzwa. Chii *chakafa*? Wakafa kupfungwa dzako. Wakafa kuhana yako. Kuda kwako kohunhu kungati, “Hongu, ndinofunga ndi . . .” Wakafa kukushandisa pfungwa kwako. Wakafa kuzvinhu zvose izvi. uye wakavigwa muZita raJesu Kristu; nekumutswa pamwe chete naYe. Uye pose paAri, newe uripowo.

³⁴⁹ Chii chakaitika apo, mumwe waavo vakahadziki, akasvika kuDenga? Mwari akamukavira kunze. Uye Akati chii kuvarwi vakamutswa munaKristu? “Kana mweya wakaipa wauya, mukavirei kunze. Mudzingirei kunze.” Apo Jesu akadzidzisa hondo yaKe, nekuvaraira kusvika kumigumo yenyika, “Endai naizvozvo munyika yose, muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose. Uyo unotenda akabhapatidzwa uchaponeswa; uyo asingatendi uchatukwa. Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda, varwi vaNgu. MuZita raNgu vachadzinga mweya yakaipa; vachataura nendimi itsva; vachabata nyoka, kana kunwa zvinhu zvinokuvadza, asi havangakuvadzwi nazvo; kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.”

Pamberi, masoja eChikristo!
Kufora sekwe kuhondo,

Tiine muchinjikwa wa Jesu
Uchititungamirira.

³⁵⁰ “Ndakaroverwa pamwe chete naYe, asi zvakadaro ndinorarama; kwete kuti ini ndinorarama, asi Iye anorarama mandiri.” Shoko richienda, mberi, Mwari achicheka achibvisa, neMunondo waKe unocheka kwese wakapinza.

³⁵¹ Zvino, ndosaka zvisingashamisi, apo Grant akatora Richmond, uye mukadzi mudiki uya wekuzasi akaona Grant achiuya, kufemera kwakamubata. Akati:

Meso angu aona kubwinya kwekuuya kwaShe;
Ari kutsika-tsika muchisviniro
makachengeterwa mazambiringa nehasha;
Watupfunura mheni inoparadza nemunondo
waKe unotyisa nokumhanyisa;
Mauto ake anofora achienda mberi.

³⁵² Amenii. Grant akatora sei Richmond? Paakangosvika kwairi. Amenii. Ndiko kutora kwaakaita Richmond.

³⁵³ Ndiwo matorero anoita mauto aMwari chivi, chirwere; pavanongosvika pachiri. Amenii. Ndiwo makundiro avanoita kukahadzika kwavo, nekutya kwavo, nezvimwe. Kana chimwe chikasimuka, vanochitemera pasi. “Ibva munzira!” O, ini zvangu! Ndizvo chaizvo. Mwari anoadzingira kunze, sezvaAkaita kuDenga. Mutungamiriri wedu Mukurukuru akatiratidza kuti zvinoitwa sei. Amenii.

³⁵⁴ Roy Roberson naHama Funk, vazhinji venyu magamba ekare pano, munoziva kuti mutungamiri wamazvirokwazvo wakadii.

³⁵⁵ Imwe nguva ini...bazi duku rokudzima moto muJeffersonville zasi uko. Nzvimbo yevePfau yakabatira moto. Hevanoyi vezvokudzima moto muJeffersonville vakaendako zasi uko, mutungamiriri achifamba achitenderera, akati, “Dirai mvura shoma pamusoro apo.” “Pfa-pfa-pfa-pfa,” nekahosipaipi kadiki kaivapo. Pakazouya veClarksville, “Dirai mvura shoma apa.” “Pfa-pfa-pfa.” Imba yevePfau yaingotsva ichidonha.

³⁵⁶ Vakazodana vokuLouiseville. Hepanoyi pouya varume vakadzidziswa. O, masairini akarira zvikuru sei!

³⁵⁷ Ipo pano mukuru wavatungamiriri, wezvekudzima moto, achiti, “Dirai mvura shoma pamusoro apo. Dirai mvura shoma zasi uku.” Varume vasina kudzidziswa.

³⁵⁸ Hama, pakangomira motokari, ndiani akanga ava pamusoro pema? Iye mutungamiriri. Apo manera akasimudzwa, iye akasimudzwa pamwe nawo. Paakarova hwindo, iye anga asati asvika pane hwindo. Akabata demo rake ndokurikanda napahwinda, akati, “Huyai, vakomana.” Moto wakadzima, mumaminiti mashoma. Mutungamiriri!

³⁵⁹ Haasi mutungamiriri, anoti, “Dirai mvura shoma pano. Edzai shoma pano.”

³⁶⁰ Asi, “Huyai, vakomana!” Ameni. Akatungamira nzira. Iye akatiratidza kuti zvinoitwa sei.

³⁶¹ Ndakafunga, “Iro bazi rezvemoto rakanyatsodzidziswa, rakadzima moto uyu mumaminiti mashoma.” Sei? Vaiva nemutungamiriripo waiziva zvaaiita.

³⁶² Hama, taura zvose nezvedzidziso yako yokunamata kwenhema sezvaunoda. Masangano ako avanhu, mapoka ako, tamba zvako nawo.

Ndine Mukuru waVatungamiriri akandiudza kuti zvinoitwa sei.

Iwe woti, “Zvakanaka, dai ndikagona kuzvifembedza, kuzvinzwa.” O, ndezvoupenzi izvo!

³⁶³ *Heino* nzira yazvinoitwa nayo yakataurwa noMutungamiriri Mukuru, muna Ruka chitsauko 4. Handina nguva yokuiverenga. Zviverengerei, pachenyu. Zvakanaka. Ruka chitsauko 4, kutanga pandima yekutanga.

³⁶⁴ Haana kumboti, “Zvino ndava kukuudzai. Endai *uko* munoumba sangano guru. Mutorane vatariri vamatunhu, nemadhikoni, makadhinari, namabhishopi, uye mutore *izvi*.” Haana kumbotaura izvozvo.

³⁶⁵ Satani paakasangana naYe, akati, “Zvino Une nzara. Shandura matombo aya chive chingwa.”

Iye akati, “Kwakanyorwa kuchinzi . . .”

³⁶⁶ Akati, “Kumusoro uku, tinoenda neWe kumusoro uku tinoKuratidza chimwe chinhu.”

“Asi kwakanyorwa kuchinzi . . .”

“Ndichaita *izvi*, kana Iwe ukazviita.”

“Kwakanyorwa kuchinzi . . .”

³⁶⁷ Ndiwo maitirwo azvakanzi noMutungamiriri Mukuru zviitwe. Zvinoitwa sei, hanzvadzi? “Kwakanyorwa kuchinzi, ‘Vakaisa maoko pamusoro pavanorwara, vachapora.’” “Kwakanyorwa kuchinzi, ‘MuZita raNgu vachadzinga mwewa yakaipa.’” Ameni. Chii ichi? “Kwakanyorwa kuchinzi!” Ndiyo rairo yeMutungamiriri. “Kwakanyorwa kuchinzi, ‘Uyo wose anonzwa Mashoko aNgu nekutenda kuna Iye akaNdituma, ane Upenyu Husingaperi.’ Kwakanyorwa kuchinzi! Kwakanyorwa kuchinzi! Kwakanyorwa kuchinzi!” Ndiyo—ndiyo mirairo. Ndiye murwi. Ndiyo nzira. Ndicho chombo chatinosimudza.

³⁶⁸ Chiiko chaakaita? Akafamba akasvikapo, paiva pana Goriasi. Akaratidza ka... Dhavhidha akaratidza sei hondo yavarwi kuti zvinoitwa sei? Dhavhidha akaratidza sei Israeri kuti zvinoitwa sei? Dhavhidha zvinoreva “muponesi, unodikanwa.” Maona? Dhavhidha akazviita sei? Akati, “Heinoi nzira yazvinoitwa nayo. Vimbai neShoko raShe.”

369 Zvino Goriati akauyako, akati, “Unozevei? Ndichakusimudza nemuro mo wepfumo rangu iri, ndogokupa kushiri kuti dzikudye.”

370 Iye akati, “Unosangana neni sesangano. Unosangana neni samazvikokota wesainzi wemazuva ano. Unosangana neni nezimunondo rako guru rakareba mafiti gumi namana. Unosangana neni nehetei yendarira, uye nenhovo yandisingagoni kusimudza. Unosangana neni somurwi wakadzidziswa. Unosangana neni nePh.D, neL.L.D. L.yakapetwa kaviri neD. Unosangana neni uchivimba nezvinhu izvi zvose. Asi ini ndinouya muZita raShe Mwari waIsraeri, uye nhasi ndichagura musoro wako kubva pamafudzi ako.” Amen. Iko kanhu kadiki diki kachiyuwa kuzorwa negono, asi kaiziva pakakanga kakamira.

Israeri, ichingobvunda kumashure uko, “O, mukomana anonzwisa tsitsi uyu.”

Goriati akati, “Ndichakuratidza kuti ndiani wandichashanda.” Hoyu wouya.

371 Iye akanga ane k-u-t-e-n-d-a, maona, m-u-n-a J-e-s-u, [MuChirungu, “kutenda” na “Jesu” ane mavara mashanu—Mukurikiri.] matombo mashanu, mabwe mashanu. Dombo rimwe chete duku umo, richizviita kuti zvichitangwa nare. Achiritenderedza sezvizi, Mweya Mutsvene ndokuribata dombo, ndokubva raenda. Goriati akawira pasi. Ndiyo nzira yazvinoitwa nayo.

372 Ndiyo nzira Jesu yaakataura nayo, zvaAkataura. “Zvino, kana imi hama dziri kuenda kunze, kana muchida kuziva kuti munokunda sei mweya yakaipa iyi, ndichakuratidzai kuti zvinoitwa sei.”

373 Satani akati, “Ndinosangana newe.” Goriati, “NdichaKuratidza zvandinogona kuita. Une nzara. Kana Uri Mwanakomana waMwari, ndinoKudenha. Unoti Uri Mwanakomana waMwari. NdichaKudenha. Kana Uri Mwanakomana waMwari, shandura matombo aya ave chingwa. Idya; Une nzara. Uye kana Uri mwanakomana waMwari, Une simba rekuzviita.”

374 Akati, “Asi kwakanyorwa kuchinzi, zvino, ‘Munhu haangararami nechingwa bedzi.’” O, ndiyo nzira Mutungamiriri Mukuru yaakazviita nayo.

AkaMutora akamukwidza pamusorosoro patembere. Akati, “Kana Ukazvikanda pasi,” akati, “Unozevei kuti zvakanorwawo zvakare . . .”

375 Akati, “Hongu.” Akati, “Kwakanyorwa, zvakare, ‘Usaedza Ishe Mwari wako.’” Maona kuti Iye akazviti Ndiye ani? “Ishe Mwari wako.” E-he. “Usaedza Ishe Mwari wako, zvakanorwa, zvakare, saizvozv.” Waona? O, ini zvangu!

³⁷⁶ Chii chaAkaita? Akamukunda, neShoko raMwari. Zano raDhiyabhorosi nderokukuita kuti usatenda Shoko raMwari. Zvino Mutungamiriri Mukuru akati, “Tora Shoko raMwari uRiite. MuZita raNgu vachadzinga mweya yakaipa.”

³⁷⁷ O, Satani, mutungamiriri mukuru wavo, o, yaa, unoziva, vamwe masangano vanoedza kukuita kuti utende kuti ane hwanda rakatsemurwa napakati, unoziva, nemuswe wakatsemurwa napakati, nezvose zvakadaro. Usambozvitenda. Haana kudaro. Kwete, changamire, hama. Iye anonyengera. Usatenda kuti ane izvozvo. Vanongozviita kukuvhundusira. Haasiye Dhiyabhorosi. Chokutanga Dhiyabhorosi haana hwanda; ndinokahadzika nazvo zvakanyanya. Anongova mweya. Dhiyabhorosi mweya. Haana mahwanda akatsemurwa nezvimwe, sezvamunoedza kumufungidzira ari. Kwete, kwete.

³⁷⁸ Asi, akachenjera. Hama, munhu wakachenjera zvamazvirokwazvo, akadzidza kusvika pazvinoperera, muhuchenjeri hwenyika, akagara akadaro. O, yaa. Akanaka. Akaronga hondo yake nouchenjeri hwenyika, kusvikira, hama, usaedza ku—kutura mashoko ako. Unofanira kuziva zvauro kutaura pamusoro pazvo kana wasangana nemumwe wevava, vanoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Kwete, haana—haana hwanda rakatsemurwa napakati. Iye, o, iye—iye—iye akatobva kuseminari. Akakwenenzverwa, hama. Ndinoreva kuti, akangwara, Ph.D., L.L.D., Q.U.S.T., nezvimwe zvazvo zvose. Waona? Zvose imomo, akangwara sekungwara kwaanokwanisa. Kuchenjera, chokwadi, iye chikara, chakangwarisisa chazvo zvose. Vhudzi rakakamurirwa zasi, hama, uye, ndinoreva, kupfekedzwa, pasina kana kuwonyana pabhachi. Akachena, akangochenjera namano sezvaanogona kuva. Ndizvozvo.

³⁷⁹ Usambotamba naye kunze kwokunge uri kuziva zvauro kutaura pamusoro pazvo. Ndizvozvo. O, asi tinoziva mazano ake akare—ake akare. Tinoziva zvauro kuedza kuita: kutiita kuti tisatenda Shoko raMwari.

³⁸⁰ Uye haana mahwanda akatsemurwa napakati. Kwete, kwete, kwete. Zvino, tinoona kuti kana asina mahwanda akatsemurwa napakati, zvino anofanira kuvavo chimwe chinhu. Iye anonyengera. Iye huchenjeri, akadzidza, akarongeka. Hama, ane hondo yake zvino.

³⁸¹ Tarisai, imwe nguva, kuSwitzerland. Handisi kukwanisa kuwana pekugumisa napo, hama. Pane e—e. . . MuSwitzerland, pakauya iyi hondo yeGermany, ichifor- . . . nemhandu dzichiuya. Sei, zvaiwonekwa semudhuri wezvidhina; munhu wese akadzidziswa, pfumo rose rakabuda kunze sezvizvi, mafiti masere kana kuti gumi pamberi. Zvino vakauya kuSwiss diki inonzwisa tsitsi ndokukwirako, chii chavanga vainacho? Vanga vakapakata zvombo zvama—zvamajeko avo avaiheka nawo, zvimiti nematombo, uye ndokubva vamira apo. Vakavatsigira

sure. Seri kwemakomo ndokwaiva nemisha yavo. Pano hondo yeSwiss ikaenda kunosangana navo. Hapana chavanga vavatatadzira. Vakangouya ndokuzotora nyika yavo.

³⁸² Chiiko munyika ino chaakaita mwana uyu, anongova mwanana? Satani, ndizvo zvaari, anongotora hupenyu hwake kana achigona. Zvirokwazvo. Heunoi apo; nguva isina kukwana. Maona?

³⁸³ MaSwiss akanga asina chaanga aita. Vaiva vanhu vakanaka. Vanga vachiedza kudzivirira misha yavo, asi vakamira kunze uko kuti vadzivirire. Pashure pechinguva, paiva nemumwe nezita rinonzi Arnold von Winkelried. Hepanoi pouya hondo iyi. Vose vanga vakakombwa. Vakati, “Toita sei?”

³⁸⁴ Kose, yaingova fararira yavarume, vakanyatsodzidziswa. Ndiwo maitire ayo Satani aanozviita nawo. Vakanyatsodzidziswa, pfumo rake rakanyatsonongedza richibuda, munhu mumwe nomumwe ari mukuwirirana; poshi, piri; poshi, piri; vachingodhonza nokupinda pakahondo kadiki aka. Kungo—kungoramba vachifamba, ndizvo zvoga zvavaifanira kuita, nokungonovabaya, munhu woga woga, neminondo. Mapfumo achingonopinda nokubuda nemavari. Izvo zvaibva zvatopedza varwi veSwiss. Zvaibva zvatopera. Paseri pegomo ndipo paiva nemisha yavo navadikanwa yavo. Madzimai avo aidai akazonotambudzwa nokubatwa chibhara, navanasikana vavo vadiki, nevana vavo vaizonourawa, nemisha yavo ichipiswa, nezvose, chikafu chichitorwa, mombe nezvose, zvoenda. Ndozvaivapo.

³⁸⁵ Chii chakaitika? Chizoro chakarova mumwe ane zita rinonzi Arnold von Winkelried. Iye akati, “Varume veSwitzerland, nhasi uno ini ndinofira Switzerland.” Amen. “Nhasi ndinofira Switzerland.”

Vakati, “Chii chauchaita?”

³⁸⁶ Iye akati, “Imi ingonditeverai muchirwa nezvose zvamunazvo.” Akasimukapo; akakanda pfumo rake pasi, kamuti kadiki kaanga anako muruoko rwake, sezvizvi. Zvino akadanidzira, akasimudza maoko ake mudenga, sezvizvi, ndokumhanya akanangako, achidaidzira, “Vhurai nzira yerusununguko!” Akamhanya nesimba rake rose, achienda kuhondo iyo. Uye, paakaita izvozvi, akabata mapfumo ose aaigona ndokuakandira, muchipfuva chake sezvizvi, ndokubva afa.

³⁸⁷ Akavataurira, asati aenda. Akati, “Pane kamusha kadiki paseri apo, nemudzimai nevana, avo vandiri kusiya, musha mudiki wandichangobva kutenga.” Akati, “Ndino—ndinovada, asi, nhasi, ndinofira Switzerland. Iye akapa wangu...” Ndokubva ati, “Ndinopa upenyu hwangu kuti ndiponese nyika.” Zvino ndiro rakave gamba. Havana kuzombova nehondo zve kubva pana iyoyi. Ndzivo, ndizvo zvakaipedza.

388 Zvakapedza simba hondo iyo, nehugamba hwakaratidzwa, kusvikira pakanga pasisina...Ho—hondo iyo yakadzungaidzwa. MaSwiss vakakungurusira matombo pavari, ndokuvamhanyisa kubuda munyika; vakagara vasimo kubva panguva iyo. Kwatova namazana amakore zvaitika. Maona? Sei? Ichi chaiva chiitiko chikuru.

389 Asi, o, hama, rimwe zuva, apo kusaziva, kutya zvemweya zvisipo, kukahadzika, kugumbuswa, nekutya, zvakaisa vanhu vaMwari mukona. Paiva neMumwe aidaidzwa kunzi Jesu Kristu, “Nhasi uno Ndinofira vanhu.” Ndizvozvo.

390 Akati chii kuhondo yake? “Nditeverei mugorwa nezvose zvamunazvo. Kana une tsvimbo, irwa netsvimbo. Usatya. Une chimuti, irwa nechimuti. Une dombo, irwa nedombo, chose chaunacho.”

391 Ndizvo zvinotaurwa noMutungamiriri wedu Mukuru nhasi. “Ndakatora Shoko raMwari, ndikakunda Dhiyabhorosi nesimba rake.” Akamudimbura kumuita tutambo, ameni, neShoko iroro. Zvino, chose chaunacho, kana uine Shoko rimwe, “Ishe Mwari wako anokupodza,” mucheke naro. Tevera. Ameni. Teverai Mutungamiriri wedu. Hongu, changamire. Akamucheka zvachose.

392 Satani, nehumambo hwake hukuru, hwakanaka, uye hwakanyanya kunaka, nezvose, zvechizvinozvino. Haanei nechokuita nesu. Ndizvozvo. Iye achingori namano kupfuura mhuka dzose dzesango. Hongu, changamire. Jesu akati vana venyika ino vakachenjera kupfuura vana veHumambo hwaMwari.

393 Zvino, kurwisana kukuru kuviri uku. Tiri kuenda... ndino...fanira kuvhara. Kurwisana kuviri kukuru kuri kuuya kuzosangana iko zvino. Iye zvino ndiyo nguva apo zvirwere nezvimwe zvakabata nyika, kusvikira sainzi nezvokurapa vagumirwa, uye zvose zvagumirwa. Hakuna chinhu, uye—uye tichango...nehondo, hondo diki yaMwari, iri kusundirwa mukona nezvose. Hama, yava nguva yemumwe Arnold von Winkelried. Inguva, nguva yokuti mumwe munhu waMwari asimuke. Inguva yekuti Eria azviratidze. Inguva yekuti chimwe chinhu chiitike.

394 Hondo yaMwari, vharai pfungwa dzenyu. Musambomira kweminiti, kuti muchifunga pamusoro pechinhu chose icho Dhiyabhorosi anacho kuti angakupai kubudikidza nepfungwa dzenyu. Asi rangarirai, Shoko raMwari haringakundiki.

395 Hondo huru mbiri idzi! Kana muvengi akauya semafashamo, sezvaari kuuya nhasi, chiiko icho Mwari akati Achazoita? “Mweya waMwari uchasimudza chihero chinorwisana naye.” Uri mumwe wavo here? Hongu, changamire.

396 Tinodzidziswa munaJakobo 4:7...Handina nguva yokuiverenga. Jakobo 4:7, ku, “Dzivisai Dhiyabhorosi, uye,”

haazongofambi achienda, asi, “achakutizai.” “Dzivisai Dhiyabhorosi.” Unodzivisa sei Dhiyabhorosi? Nenzira imwe chete iyo Mutungamiriri wedu Mukuru akatiudza kuti tiite nayo. Tora Shoko raMwari. Ndiwo madzivisire aunoita Dhiyabhorosi, kubudikidza neShoko raMwari. Mutungamiriri Mukuru akatiudza kuti zvinoitwa sei. Zvakanaka.

³⁹⁷ Zvino, mukuvhara, ndinoda kutaura izvi. Dhiyabhorosi uya wakare, zvino, munofunga kuti anemoyo wakashata. Munofunga kuti acharwisa mwana? Anorwisa chinhu chose zvacho. Akarwisa Jesu Kristu. Akauya kwaAri, nokurwisa kwakaomarara katatu. Maizviziva here izvi? Satani haana kungorwisa kamwe chete. Achakurwisa nechirwere, uyezve paanzodzoka achikurwisa, achikuudza kuti, “Mazuva ezvishamiso akadarika. Iwe hauna kupodzwa. Hapana zviripo Apa.” Munoziva here kuti ndizvozvo?

³⁹⁸ Akarwisa Jesu katatu. Akarwisa Jesu zvakaomarara katatu, akamhanyira kuna Jesu, nokusatenda muShoko raMwari. Jesu aiva Shoko. Chokwadi, akanga asingazvitendi izvi. “Kana Iwe uri...Kana Iwe uri...” Heunoi anouya, nokurwisa, sezvaanomboita muvengi dzimwe nguva nhasi. Hepanoi vouya, voti, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, ndiratidze chishamiso. Rega ndione uchizviita.” Hama, kurwisa katatu kwakaomarara akabhururuka nako achipinda, “Kana Iwe... kana Iwe Uri...”

³⁹⁹ Zvino, Jesu wakaiti? Jesu aiva Shoko raMwari. Waiva Shoko. Akarwisa Shoko. Mwari ngaakudzwe! Ndi—ndiri kunzwa...kungonzwa kunakirwa, kuti ndiparidze izvozvi, zvechokwadi ndiri. Ndizvozvo. Jesu iShoko. “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko raiva kuna Mwari, uye Shoko iri raiva Mwari. Uye Shoko rakagara, rikaitwa nyama, nokugara...” Jesu aiva Shoko. Chii chaakaita? Akamucheka kuita tutambo. O, ini zvangu! Ndava kuzovhara. Chii icho Jesu akaita? Iye aiva Shoko. Saka, neShoko, Akacheka Satani pakurwisa kwake kwakaomarara. Akabhururukiramo seguruusvusu ravarwi vepara-, dutu ravarwi, kana chimwe chinhu chakadaro, akabhururukiramo pana Jesu, Shoko, saizvozvo. Zvino Jesu akatora Shoko iro, ndokumuchekacheka kuita zvidimbu. Hareruya! Chokwadi, kumuchekacheka kuita zvidimbu, akamukunda neShoko.

⁴⁰⁰ Onai kurwisa kwake? Tarisai, tereresai, tichivhara zvino. Kurwisa kwake chii? Kusatenda Shoko raMwari, ndokurwisa kwake. Apo, munokwanisa kuona hondo hurusa yakamborwiwa? Pane masimba maviri bedzi; Satani naMwari. Zvino chombo chaSatani chii pakurwisana newe? Kuedza kukuita kuti usatenda Chombo chako. Anokutorera chombo. Ngati—ngatinyatsotererai takanyarara zvino. Tererai. Kana akagona kukuita kuti usatende Chombo chako zvakafanana,

nekana akakuita kuti utende kuti Chombo chako hachina simba rakakwana, atokutorera chombo.

⁴⁰¹ O, Hama Neville, ndinovimba kuti hatifi takazvisiya izvo. [Hama Neville vanoti, “Ndinovimba nekunamata kuti zvisadaro.”—Mupepeti.]

⁴⁰² Tarisai. Akutorera chombo paakuita kuti usatenda Chombo icho. paunoChisiya pasi, hauchisina chokurwa nacho. Watsvatwa. Bata Chombo icho. UsaChiisa pasi. Tinoona kusatenda kwake. Rega . . .

Chinhu chimwe chete chandinoda kutaura zvino, muminiti imwe.

⁴⁰³ Russia. Ndinoda kutaura izvi kuitira mhare, nevakadaro, pano, nemi vadzidzi veBhaibheri. Chii chamuri kukakavadzana nokuzhambatata pamusoro peRussia? He! Hamumbondinzwa ndichikuudzai kuti vakai pokuvanda mabhambu, munondinzwawo here? Chii chamuri kukakavara pamusoro peRussia? Russia haisi chinhu. Havasi kuzohwina dzihondo. Havasi kuzonokunda pasi rose. Communism haisi kuzokunda pasi rose. Chii dambudziko pavanhu? Shoko raMwari ringakundika here?

⁴⁰⁴ Terera, izvi patepi zvino. Kupasi rose, ndinotaura, kana kwose zvako kungazoenda matepi aya. Uye nekwamuri kunemi vanhu muri pano, zvisinei kuti chii chingazoitika kwandiri, imi tendai izvi.

⁴⁰⁵ Russia, chikomunisti, hachisi kuzokunda chinhu. Shoko raMwari haringakundiki. ChiRoma ndicho chiri kuzokunda pasi rose.

⁴⁰⁶ Ngatitorei chiratidzo chaDaniel. Ndiro Shoko raMwari. “Iwe, O Danieri . . .” “Iwe, O Mambo Nebhukadhinezari, ndiwo musoro uyu wendarama,” Bhabhironi. “Humwe humambo huchakutsiva, hunova hwesirivheri,” maona, uhwo hwaiva hweVaMedia-ne-Persia. Humwezve hwaiva Greece, Alexander Mukuru. Chakatevera, chikapinda, iRoma. Uye hapana chakataurwa pamusoro pecommunism. Roma yakakunda pasi rose.

⁴⁰⁷ Jesu Kristu akazvarwa muhumambo hweRoma, akatambudzwa, nguva yaKe yekutanga kuuya pano, nehumambo hweRoma. Uye pakuuya kwaKe kwechipiri, kuri Kuuya zvino, Mharidzo yaKe inotambudzwa nemasangano eRoma, inova mai vawo ose. Uye apo Iye anodzoka, Achadzoka kuzobvisa humambo hweRoma, izvo vaJuda vakagara vakatarisira kuti Iye auye avise humambo hweRoma.

⁴⁰⁸ Hurongwa hwechiKaturike nemasangano ose pasi pose, iko zvino achiuya pamwe chete sesangano, iwo mubatanidzwa wamachechi achizvironga pamwe chete. Haisi Russia.

IRoma. IZVANZI NAJEHOVHA.Yaa. Ndiratidze Gwaro apo communism, kana chimwewo kunze kweRoma, chichazotonga.

409 VaMedia-ne-Persia vakatsiva Nebhukadhinezari here? Chokwadi. Ko Greece yakazovatsivawo here? Yaa. Roma yakatorerawo, kubva ipapo here? Yakapatsanuka ikava masimba gumi aOttoman sezvatinazvo nhasi? Vaka. . .

410 *Eisenhower*, zvinoreva “dare.” *Khrushchev* zvinoreva “ivhu rokuumbisa hari.” Vakaita musangano wavo imo muno here? Uye Khrushchev akabvisa shangu yake. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti.] Kuzviita zviripachena, zvinoonekwa, akairovera patafura, sezvizi, kuratidza vanhu. [Hama Branham zvakare vanogogodza papurupiti.]

411 Zvino, dambudziko nderei pavanhu nhasi? Ndapapi pasvika kutenda? Sei, musingatendi Shoko raMwari kuti iChokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino chinhu icho hachisi Pano muno. Dambudziko nderei pavaparidzi nhasi? “Communism!” Wese muparidzi ari kunze ari kuedza kurwisa communism. Communism, hapana chinhu!

412 Chinhu, Dhiyabhorosi chaari kuruka pasi pemhuno dzenyu chaipo, uye hamuzvizi; ChiRoma, zveasangano. Uye Roma ndivo mai vemasangano. Bhaibheri rakati, “Aiva mhombwe, nevanasikana vake vaiva zvipeve,” zvichirwisana naMwari, zvichirwisana neShoko raKe.

413 Mauto, simudzai Shoko. Vatumwa vetsitsi, garai neShoko iro. Ndichaparara mumwe musi, asi Shoko iri hariparari. Zvino imi vanhu vechidiki, kana zvikasaitika muchizvarwa changu, muchazoon. Hecho chinhu chacho.

414 Manzwa nhau here mangwanani ano? Mai Kennedy vaenda, kunoona papa, uye papa zvaataura. Onai, zvinamato zvose zvepasi rose! O! Zvakanaka, pamwe tichawedzera zvimwe zvakati wandei zvazvo, Svondo inotevera.

415 Onai, musashushikana pamusoro peRussia. Russia kabwe kadiki pamahombekombe enyanza. Musashushikana pamusoro pecommunism. Tarisai chiRoma pachinobatana nemachechi. Hapana chinhu chakanyorwa muMagwaro pamusoro pecommunism ichitonga pasi rose.

416 Zvino ndinofamba neShoko, zvisinei nokuti zvimwe zvose zvinofamba sei. IShoko raNdinotenda. ChiRoma chinotora pasi pose. Uye chiRoma ndicho mai vemasangano. Hakuna kumbova nesangano kusvikira pachiRoma, uye rimwe nerimwe rawo rakava machiri. Uye Bhaibheri rakataura kudaro, “Ndivo mai vezvipfeve.” Ndaigona kumira apa kwehafu yezuva pazviri, zvakare, asi ndinofunga ndingangofambira hangu mberi.

417 Kana muvengi akatirwisa, zvino, “O, ndinokuudza, unofanira kuuya wozojoina redu. . .” Chii chauri kuzonoita,

kudududza, worerutsa? Kwete murwi wamazvirokwazvo, haadaro. Kwete, changamire.

418 Chii chatinoita zvino? Idzo pfungwa, “Regai pfungwa yaiva munaKristu. . .” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Pfungwa yaiva muna Kristu, ive nemi.” Imhandoyi yepfungwa yaAiva nayo? Yokugara neShoko. Ndizvozvo. Garai neShoko, iro Shoko raBaba, uye akakunda muvengi nguva dzose. Zvino kana muvengi akarwisa nekuedza kutaura kuti unofanira kuita *izvi neizvo*, chii chaunofanira kuita? Gara neShoko. Ndizvozvo.

419 Chii chauri kuzoita zvino? Tora Shoko. Shoko chii? Bhaibheri rakati pano. Tichangobva kuzviverenga. Nokuti Mweya, uye waMwari, iShoko. Maona? Tarisa pano. “Uye torai heti yoruponeso, neMunondo, iwo Munondo weMweya.” Munondo woMweya! Chii? Mweya unouya kubudikidza nepfungwa dzako nokupinda mauri, uye munondo woMweya iShoko raMwari.

420 Chiiko icho Mweya unorwa nacho? Chii icho Mweya Mutsvene unorwa nacho, zvinotekenyedza, manzwiwo enyama? [Ungano inoti, “Shoko.”—Mupepeti.] Shoko; mwoyo! Phew! Mwari ngaakudzwe! Chii chaRinorwa nacho, manzwiwo? Shoko! Shoko! Ngatizvitaurei, Shoko! [“Shoko!”] Shoko! [“Shoko!”] Shoko raMwari ndiro Mweya raunoshandisa pakurwa.

421 Mweya waMwari unofamba wosvika pana Dhiyabhorosi, uye woti, “Kwakanyorwa kuchinzi!” Ameni! “Kwakanyorwa kuchinzi!” Zvino Dhiyabhorosi anosarenda.

422 Chii chatinoita? Tinitora Munondo, unova Shoko raMwari, toUdhonza (nei?) neruoko rwekutenda, ruoko rwakasimba rwokutenda, Munondo unocheka kwese. Bhaibheri rakati, muna VaHebheru 4, “Iwo—iwo Munondo unocheka kose,” unocheka uchienda nokudzoka.

423 Hama, chii chaanoita? Tora Shoko. Tora Mweya, rega Mweya upinde mumwoyo mako. Vhura pfungwa dzako, uti, “Shoko reNyu ndiro zvokwadi.” Zvino, uite izvi, hanzvadzi. [Hama Branham vanotaura zvakare kuhanzvadzi inorwara—Mupepeti.] “Shoko reNyu ndiyo zvokwadi.”

424 “Ishe handisi kuzova nehanya yokuti ndiri kunzwa sei, kana mumwewo munhu, kana kuti ini ndinotaura kuti kudini. Ndiri kumisa zvole, ndiri kufuridza ndichichenesa gwara rangu rega rega, kushushikana kwese, nekukahadzika, nekusatenda kwandaiva nako. Manzwiwo ose andakambova nawo, zvirwere zvole zvandakambova nazvo, zvimwe zvole zvandakambova nazvo, ndiri kuzvifuridzira kunze. Ndiri kudarika zvole izvo. Ndiri kuuya ndakananga pamweya wangu. O Ishe, burukai. Makati Makandiita munhu anozvisarudzira.”

“Uri, mwanakomana waNgu.”

425 “Zvakana, ndinovhura mwoyo wangu nepfungwa dzangu. Pindai mukati, Ishe Jesu.”

426 Batai iko Kutenda, iwo Munondo woMweya, ZVANZI NAJEHOVHA. Danidzirai, “Hareruya!” Ameni. Zvino temai muvengi wese ari mberi kwenyu. Ameni. Hezvoka. Temai muvengi wese. Kana ka—kamweya kakare kanenge chipoko kachikuita kuti unzwe zvose...Cheka chinhu icho chibve, neShoko raShe.

Asi simba redu, ndiro, “Mufaro waShe ndiro simba rangu.”

427 “Ibva kwandiri.” Kaa! Umucheke neShoko. Kana riri dhimoni, kana ari muvengi, kana chiri chirwere, kana riri denda, zvose zvachingave, tora Shoko iro woRidhonza neMunondo. Uye kana ukachirova pekutanga, chikaita sekuti hachisi kusuduruka, rova zvakare, uye urove zvakare, uye urove zvakare. Zvino rova kusvikira waboora buri rinobuda, sekahukwana kari kuzviboora kubuda muzai; kana chapungu, zvinova ndozvauri. Zviboora kubuda mugoko rakare rourwere. Tema nzira yako yekubuda, uti, “Hareruya! Ndoupi anotevera?” Ameni. Ndokurwa. Ndomurwi. Ndomurwi womuchinjikwa. Hongu, changamire. Kavira muvengi wese kunze.

428 Sei? Sei? Tiri, Mbeu yakatemerwa youmambo yaAbrahamama. Apo Abrahamama akaramba zvose zvaipikisana neShoko raMwari, akatema nzira yake kupinda nemuchigumboso chose chaiuya mberi kwake. Ivo vakati, “Mudzimai wako akwegura kwazvo.” Akangotema chinhu icho kubva munzira. Dhinyabhorosi akati, “Haungagoni kuita *izvi*. haugoni kuita *izvo*.” Abrahamama akazvitema kubva munzira yake. Iye akachirova, ndokurova kusvikira atema achibuda.

“Ndokupi kumwe, Ishe?”

429 “Hunza tente rako pamusoro *pano*.” Iye akaenda pamusoro ndokuzvivakira aritari pamusoro apo.

430 Akaenda pamusoro ipapo, Satani akauya, akati, “Zvino, ndinokuudza, ino haisiyo nzvimbo yakanaka.”

“Ndichagara ipo pano. Ibva panzvimbo yangu.” Akati, “Hareruya!”

431 Roti akati, “Zviri nani kuti uuye zasi kuno. Tiri kunakirwa zasi kuno. Tose tine sangano redu zasi kuno. Sei, mudzimai wangu ndiye mutungamiriri wesosaiti yedzidzo nezvimwe zvose, muguta. Ndikutaurire, unofanira kuuya zasi kuno.”

Sara akati, “Abrahamama . . .”

432 “Nyarara, Sara.” Hareruya! “Mira ipo pano. Apa ndipo pandakaiswa naMwari. Ipo pano ndipo pandimire.”

433 Pano ndipo Mwari paakandigadza:

Tose ngatirumbidzei simba reZita raJesu!
 Ngirozi ngadzigwadame nokuwira pasi;
 Touya nekorona yendarama,
 Uye ngatiMugadzei Ishe wavose.

Pana Kristo, Ibwe rakasimba, ndakamirapo;
 Kumwe kwose ijecha rinonyn'udza,
 Kumwe kwose ijecha rinonyn'udza.

⁴³⁴ Kunyange norufu pacharwo, zvose zvimwe, ijecha rinonyn'udza. Pana Kristu, Dombo, ndinomira.

⁴³⁵ “Mbeu yohumambo yaAbrahama.” Mbeu yehumambo! Sei, varwi vakanyatsosarudzwa vomuEngland ndovehumambo hweEngland, ropa rehumambo, pazvose. Zvino Mbeu yohumambo yaKristu ndiyo Chechi, yakazadzwa neMweya Mutsvene, yakazadzwa neMweya Mutsvene. Chii? IMbeu yoHumambo, kubudikidza nevimbiso, kwete namanyawi. Asi, nevimbiso yaMwari, vanomira neShoko raMwari, votema nzira yavo zvakadaro, vachidanidzira, “Hareruya!”

Kunyange rufu rukauya rukati, “Ari kukwira neruoko rwako.”

⁴³⁶ Uti, “Vhura nzira, Jorodhani. Ndiri kuyambuka.” Tema nzira yako ubude, uchienda, kuNyika yevimbiso. Amen.

⁴³⁷ Chii chinoitika kana hondo yose yapera? Ndava kuvhara zvino, zvechokwadi. Kana kurwa kwose kwapera, vatsvene vauya vachifora kuenda kuMusha, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, kuti chii chakaitika?

⁴³⁸ Chii chakaitika apo Hitler akapinda muFrance? Sei, vakati wakanga usingagoni kuona denga, kwechinguva, nokuda kwendege. Kufora kwechiJerimani nenhanho-yedhadha. [Hama Branham vanoratidza kufora nenhanho-yedhadha papuratifomu kaviri—Mupepeti.] Onai, vakanga vakamira, vachipfuura, vachipembererera kukunda.

⁴³⁹ Apo Stalin akauya kuRussia, kwemamaira kumashure, mota dzhondo imwe iri zvinhambwe zvisvishoma shure kweimwe yayo, ndokubhomba Berlin kusvikira pasisina chakasara. Zvapera. Uye pavakaenda, uye maGerman... Ava varwi vechiRussian vachipemberera, vakapinda mukati nazvo, munoziva, kachiratidzo kadiki kanosetsa kavanoita. Ndakazviona pamufananidzo, pane imwe nguva muLondon, kuti vakapinda sei, mufananidzo chaiwo wechinhu apo, chii chakaitika, kupinda, vachipemberera. O, ini zvangu!

⁴⁴⁰ Patakanzwa kuti hondo yapera, takadanidzira, tika ridza pembe. Apo magamba akadzoka, takasangana nawo pamusoro apo. Vakadanidzira. Vakashevedzera. Ndakanga ndine muzukuru wangu imomo, akati, apo akadzoka, vose vakare... Idzo mhare dzakanga dzakuvadzwa zvakaipa, vakanga vasingagoni kumuka pamibhedha, saka vakangovakungurusira

necheya dzemavhiri pamusoro pechikepe apo vakauya, kuzoona chiVezwa Cherusununguko chakamira. Akati, “Ivo varume vakuru vanokosha ava vakamira apo, vakangochema, ndokuwira pasi saizvozvo, apo vakaona icho Chivezwa Chorusununguko.” Vakanga vasiri kumba kwemakore mana, vachirwa, vakatovhiringidzwa pfungwa nokurwa, uye nezvimwe zvose. Asi vaiziva kuti mudzimai uyo, nomudiwa wemwoyo, namai, nababa, nevana, nevose vaidiwa nemwoyo yavo, vaiva seri kweStatue of Liberty. Chaimiririra izvo zvavainge vachirwira. O, pembe dzakarira, uye New York ikapinda mukudanidzira, ndizvozvo chete, apo magamba ayo akauya achimacha. Izvi zvichava chinhu chiduku.

⁴⁴¹ Imwe nguva mushure mokunge Ceaser, abuda mukurwa kukuru, akati, “Ndinoda kuti murwi wangu mukuru atasve ari parutivi rwangu mukupemberera kukuru kwekukunda kwatakaita muvengi wedu.” Zvino mumwe nemumwe wavarwi, akashonga minhenga nekupenyesa nhovo dzake, ndokufora vachipfuura, munoziva, saizvozvo, se—sevarwi chaivo saizvozvo. Mushure mechinguva, karume kadiki, kakwegura kakapfuurawo, naipapo. Ini zvangu! Akaita sekusimudza musoro, ndokutanga kufamba, saizvozvo. Ceaser akati, “Imbomira kwechinguva. Mira kwechinguva. Iwe,” kune asina kana kutongopfeka somurwi, akati, “huya pano.” Akati, “Ndokupiko kwawakawana mavanga awa?”

Akati, “Kunze uko pakurwa kuhondo.”

⁴⁴² Akati, “Kwira pano. Ndiwe munhu wandiri kuda kuti agare neni.” Sei? Akaratidza kuti akanga ari kuhondo.

⁴⁴³ O Mwari, ivai netsitsi pamunhu anogona kuzvicheka ruoko rwake pagaba rehove kuti awane mukurumbira. Ndinoda kuva namavanga ekurwa muhondo. SaPauro anoti, “Ndakatakura pamuviri wangu mavanga aJesu Kristu.” Ndicho chikonzero ndichida kurwa mumasango.

⁴⁴⁴ Rimwe zuva, apo Mutungamiriri wedu Mukuru anokosha achauya, Uyo akatipakatisa zvombo, Uyo akatipa zvombo zvaMwari, iwo Mweya Mutsvene, akatipa Shoko raKe kuti tirwese naro, timire kunze uko; apo Mutungamiriri wedu Mukuru anokosha paanouya akatasva, ndinoda kukwira pangoro iyo ndotasva ndichikwira kuMusha naYe. Hamungadiwo here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] Apo ndichazobata mudzimai wangu wekare ruoko, nokutarisa zvakaipoteredza pano nokuona hama dzangu nemadzimai avo, nevana vavo, zvino totanga kufamba tichidzika nemuparadhiso raMwari, neNgirozi dzichizadza mhopo nenziyo, kumusoro saizvozvo, unondiudzei nezvekupemberera!

⁴⁴⁵ Zvino kana hondo yapera, tichapfeka korona. O, ini zvangu! O, mauto omuchinjikwa, mangwanani ano, dhonzai ruoko rwokutenda kunze uko, uye mubate Chombo ichi.

446 Chii pamusoro pazvo, hanzvadzi, wagadzirira here? [Hama Branham zvakare vanotaura nehanzvadzi inorwara—Mupepeti.] Dhonza Chombo icho chibude, uti, “Mwari, handina basa kuti chii—chii icho Dhiyabhorosi ataura kwandiri, kana kuti zvakawanda sei izvo mumwe munhuwo zvake angataura. Mangwanani ano, ndiri kutenda.” [Hanzvadzi iya inoti, “Ndinotenda neniwo.”] “Ndiri kutenda.”

447 Sezvandakambotaura rimwe zuva, zvishoma . . . Ndinotenda kuti maSvondo mashoma apfuura, pane murume akarota. Iye akarota Dhiyabhorosi ari kanhu kadikidiki, kakamhanyira kwaari. Kakamuti, “Bhoo!” Iye akasvetukira shure achidududza, zvino Dhiyabhorosi kakachibva kakura. “Bhoo!” Iye ndokusvetuka achidududza, zvino Dhiyabhorosi ndokukura. Pakupedzisira, Dhiyabhorosi akakura saiye, akanga ava kuzomukunda. Akaziva kuti aifanira kumurwisa nechimwe chinhu, saka akatarisa tarisa zvakamupoteredza. Haana kuona chinhu chaaigona kumurwisa nacho. Akangosimudza Bhaibheri. Zvino Dhiyabhorosi akati, “Bhoo!” Iye akati, “Bhoo!” achidzorera kwaari, zvino Dhiyabhorosi akabva aita kadiki, nekadiki, nekadiki. Zvino, pakupedzisira, akamurova akafa neShoko.

448 Uri musoja, hausi here hanzvadzi? [Hama Branham zvakare vanotaura kuhanzvadzi inorwara—Mupepeti.] Tora Shoko iro zvino uti, “Zvakanyorwa zvichinzi.” Amen. “Handisi kuzofa. Ndiri kuzorarama. Ndichazogara mutabherinakeri imo muno nekurumbidza Mwari nokuda kwekunaka kwaKe, navamwe vose.”

449 Munozvitenda here izvo, vatsvene? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] Amen.

Ngatikotamisei uso hwedu.

450 O Ishe Mwari, Musiki wedenga nenyika, itai kuti zvizikanwe nhasi kuti Imi muchiri Mwari. Hazvina basa kuti ndingaparidzisa sei, kana kuti zvakawanda sei zvinhu zvandingataura, Ishe, Shoko rimwe chete kubva kwamuRi rinozvigadzirisa.

451 Mahengechefu awa ari pano, achimiririra vanorwara. Ndinonamata, Baba VokuDenga, kuti maropafadzo eNyu nesimba zvizhorora pane rimwe nerimwe rawo, apa ndichiisa maoko angu paari. Mwari, neZita raJesu Kristu, ndinonamata kuti Muchazodza mahengechefu awa neHupo hweNyu hutsvene, nokuti ndozvakanyorwa muShoko. Hapana chinopokana neShoko. Asi zvakanzi muShoko, kunzi, “Vakatora kubva pamuviri waPauro, mahengechefu nemaapuroni. Mweya yetsvina ikabuda muvanhu, uye vakapodzwa kubva kuzvirwere zvakasiyanasiyana.” Zvino, hatisi Pauro Mutsvene, asi Imi muchiri Mwari, uye Muchiri Mweya Mutsvene mumwe chetewo. Ndinoina maoko angu pamahengechefu awa, nemuZita raShe

Jesu, nekukumbira kuti Imi muropafadze nekupodza mumwe nemumwe wavo.

⁴⁵² Uyezve, Mwari, akarara apo pamubhedha, anga akangorara pano, haasi chinhu asi mwana, anongova mwanasikana mudiki akanaka. Haagoni kurarama, Ishe. Satani aita zvakaipa kwaari. Uye varapi vanodikanwa venyika ino vaedza zvakaoma, pasina kupokana, kuti vaponese mwana uyu. Havakwanisi kuzviita. Vasvika panoperera njere dzavo. Havachazivi zvimwe zvekuita. Asi, Ishe, ndinofara kwazvo kuti pane chimwe chitsauko chakanyorwa. Tinogona kuvhura rimwe peji, uye mupeji iri tinoona Murapi Mukuru achiuya. Tiri kumudana Iye kuti atipe mazano mangwanani ano.

⁴⁵³ Zvino, Ishe, hazvina here kunyorwa pano muShoko reNyu, kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda”? Ishe, kana ndisiri mutendi, ndiitei iye zvino. Kana musikana mudiki uyu asiri mutendi, muiteyi mutendi iye zvino. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Zvakanyorwawo zvakare, “MuZita raNgu vachadzanga mweya yakaipa.” Ishe, awa—awa Mashoko eNyu. NdereNyu. IShoko reNyu. Zvino semuranda weNyu. . .

⁴⁵⁴ Sezvamakataura, “Kana pakava nevaviri kana vatatu venyu vakasangana pamwe chete, Ndichange ndiri pakati penyuu; zvino kana mukawirirana, pachinhu chimwe, mukakumbira, muchachigamuchira.”

⁴⁵⁵ Mwari, pamwe mwana uyu ndiye unorwarisa muimba ino mangwanani ano, nokuti haagoni kurarama asineMi, kwenguva refu, uye ndiye ari kurwarisisa. Saka, tose tiri, tiri kuwirirana, semurwi wose amire pano. Zvino muboka rino makamira Mbeu yaAbrahama yehumambo.

⁴⁵⁶ Tava kufora tichipinda pana Satani zvino. Zvino chigadzirira kuenda, Satani, nokuti zvombo zvedu zviri kupenya, mavara ari kuvaima; varume navakadzi vakabata Minondo, vachifora kuenda mberi zvino kuuya kwauri, nokuda kwemusikana uyu mudiki. Buda maari, Satani. Siya mwana uyo. Sehondo yaMwari mupenyu, tinokudzivisa. Buda maari, nemuZita raJesu Kristu.

⁴⁵⁷ Ndinoenda kunoisa maoko angu paari. Zvino, Satani, wakasunga mwana uyu, ndiwe wakaita chakaipa ichi. Ndinoziva kuti wakatodarika munhu kana zvichienzaniswa, asi hauna mukana naIshe wangu, saka ndinouya muZita raKe. Musiye, iwe mweya waDhiyabhorosi. Iwe dhimoni rourwere, buda mumwana uyu aende akasununguka, kubva nhasi zvichienda mberi. Ndinoreva izvi, nemuZita raJesu Kristu.

⁴⁵⁸ Zvino, Ishe Mwari, Imi Uyo akamutsa vakafa nekuratidza kuti Imi maiva Mwari, mutsai mudzimai mudiki uyu kuutano nesimba rake zvakare, kuti asimuke muimba ino

pano. Dhiyabhorosi abva kwaari!...?...ari kuzomupodza. Ngaarame zvinopa mbiri nokukudzwa kuna Mwari.

Zva—Zvataurwa, zvino itai kuti zviitike.

459 Mune vamwe here muno avo vanoda kusimudza maoko avo vachiti, “Ndinoda kunamatirwa. Ndinorwara. Ndinoda Mwari?” Handizivi kuti tichine nguva yakadini. Tine nguva yakakwana yokuti tirege vanhu vachipfuura nepano. Ndiri kungonzwa sekugutsikana mangwanani ano. Yaa. Yaa. Ndinoda kuti uuye zasi kuno, Billy, ungotora pamwe chikamu chino pano apa, kudivi rino *iri*, bedzi. Ingorega chikamu ichi chiuye kutanga, wogozotora chikamu chekumashure mushure, kusvika pagwanza *iro*. Zvino tichangovatora saizvozvo, saka havazo. . .

460 Iye zvino ndinoda Hama Neville nedzimwe dzehama dzangu dzinoshumira kuti vamire kuno neni, ipo pano, kuti mugone kuvatora kudzika negwanza iro zvakare. Zvakanaka. Zvakanaka. Zvino ndi. . .

461 Vangani venyu vakapfeka nhumbi dzavo dzokurwa nadzo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

462 [Hama Branham vanofuratira kupurupiti vachitaura nehanzvadzi yavachangobva kunamatira—Mupepeti.] Zviri kuzosiyana zvino. Enda kumba, undonzwa zvakanaka zvino, upore.

463 Amen. O, ini zvangu! Imi mose varwi, dhonzai Munondo. Dhonzai Munondo, varwi vemuchinjikwa, muchiforera mberi, muchiforera mberi.

Pana Kristo, Ibwe rakasimba, ndakamirapo.
Kumwe kwose ijecha rinonyn’udza.

464 Zvakanaka, huyai mupfuure, kusvika zasi kurutivi *urwu*. Munhu wese ngaanyengetere zvino, apo vari kungunodarika nepano.

MuZita raJesu, podzai mudzimai uyu. Amen.

Dhonzai Munondo wako zvino. Gara panzvimbo yako, uchidaidzira.

465 [Hama Branham nevashumiri vanonamatira vanorwara, vari kure nemaikorofoni, kwemasekonzi makumi mana nemashanu—Mupepeti.]

Pamberi, masoja eChikristo!
Kufora sekwe kuhondo,
Tiine muchinjikwa waJesu
Uchititungamirira.

466 “Vhura nzira, Satani!” Chiiko chanetsa, varwi? Hamufungi kuti tinogona kukunda? [Ungano inofarira nokuti, “Ameni.”—Mupepeti.] Iye akatokundwa kare. Isu tinopfuura pavakundi munaKristu Jesu. Dhiyabhorosi wese adzingirwa kunze, nezvimwe zvese. Amen.

Huyai pano, hama dzangu! . . . ? . . .

Ndinonamata kuti mupodze! . . . ? . . .

Podzai munin'ina wangu, Doc; mupodzei, Baba, muZita raJesu.

MuZita raJesu Kristu, podzai mudzimai uyu. Huyu . . . ? . . .

⁴⁶⁷ Zvino, akatora . . . ndatofanira kubvunza hama dziri kumashure. Kwese kwese, Ishe . . . ? . . .

⁴⁶⁸ O Ishe Mwari, Musiki wedenga nenyika! O, Mwari, munoziva zviru mumoyo make. Munoziva zvose pamusoro pazvo. Ndinonamatira vose mai nababa. MuZita raJesu Kristu, ndinoisa . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu, ndi . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu, ndi . . . ? . . .

⁴⁶⁹ Mwari, ivai nehanzvadzi yangu. Tinoziva, kuti makore achiwanda anokonzera kuti rufu rude kubata muviri wemudzimai. Zvino, MuZita raJesu . . . ? . . .

⁴⁷⁰ MuZita raJesu Kristu, ropafadzai kamusikana kadiki aka, Ishe. Hondo dzedu kuchikoro uko, ndinoziva zvaanopindana nazvo. Ndinonamata kuti Mucharopafadza. Ngaadhonze Munondo, mangwanani ano, nokuenda mberi! . . . ? . . . Ropafadzai mukomana mudiki uyu, Ishe; ari kuuya, achidana Zita reNyu, mangwanani ano; ndinonamata kuti Muchaenda na . . . ? . . .

⁴⁷¹ Mwari, ropafadzai hama yangu, muchimupa chikumbiro chake. MuZita raShe wedu Jesu, ndazviture! . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu, tinopa munamato uyu.

MuZita raJesu Kristu, tinopa munamato uyu.

MuZita raJesu Kristu, tinopa munamato uyu.

MuZita raJesu Kristu, tino . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu, tinopa munamato uyu.

MuZita raJesu Kristu . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu Kristu . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu!

⁴⁷² [Mumwe anoti, “Baba vakafa.”—Mupepeti.] Mwari, mubatsirei, muZita raJesu.

Mwari, muZita raJesu Kristu, tino...?...

Mwari, muZita raJesu!

MuZita raJesu Kristu...?...

MuZita raJesu Kristu, podzai hama yangu.

Mune raJesu Zita...?...

Unonzwisisa here zvino?

O Mwari, izvi ngazvichibva kwaari...?...

473 Muzita raJesu Kristu, tinonamata!...?...Ipai hanzvadzi...?...

474 O Mwari, tichiziva kuti amai vakakosha vadiki ava vari kupindana namatambudziko aya ose, ndinonamata, Mwari, Mu...?...pavaari.

Dhondo Munondo, Edi, uende mberi, MuZita raJesu.

475 O Mwari, podzai mudzimai. Mupei chikumbiro chake. Ngaatore Munondo uri pamberi pake, munguva dzokuomerwa.

O Mwari...?...mangwanani ano. Ndinonamata kuti Imi mucha...?...

476 Baba, Mwari, ndinonamata kuti Imi muchapodza hama yedu nokuipa kunzwa zvakanaka. Uye nemuZita raJesu Kristu...?...

477 Mwari, ndinonamata kuti Muchapodza hanzvadzi yedu, momuita kuti anzwe zvakanaka, nemuZita raJesu Kristu.

478 Baba, Mwari, ndinonamata kuti Imi mucha—muchapodza hama yedu.

Podzai hanzvadzi ye, Ishe!...?...

Baba, muZita raJesu, podzai uyu, hanzvadzi yedu, Baba.

479 Baba,...?...tinonamata nemuZita raJesu. Mwari, podzai mudzimai uyu.

O Mwari, ndinonamata kuti Imi...?...

480 O Mwari, muropafadzei, Baba!...?...Tinovada avo vakura, Ishe. Zvino ndinonamata kuti Muchamupa chikumbiro chake!...?...

481 Baba Vedu Vekudenga, ndinonamata kuti hama yangu...?...O Mwari,...?...iye, O Mwari...?...murwi wemuchinjikwa. Uye achadhonza Munondo uyo, mangwanani ano, ofamba kuenda mberi.

Mwari, ti...?...Ipai ichi, O Ishe, chikumbiro chake.

482 Mwari, ropafadzai hama...?...ndinonamatira kuti Mumupodze, Ishe!...?...Mupei chishuvo chomwoyo wake, muZita raJesu Kristu.

483 O Baba vekuDenga, mushumiri mudiki uyu weEvhangeri, pahuro pake...?...Apo akasuka mumapoto...?...Mwari,

ndinonamata kuti Imi mucha...?.Zvino apo hondo huru yaMwari ichifamba kuenda mberi zvino, neMinondo yakasimudzwa, mupei mudzimai kukunda kwake, Ishe. Murume wake mudiki pano, Ishe, akabviswa panhovo yekenza paakanga akarara, achifa nekenza, uye vanachiremba vatopererwa nezano naye, ava kunofa. Zvino heunoi, mangwanani ano, murwi mudiki wemuchinjikwa. Musimbisei, Ishe, kuitira basa reNyu, tinonamata, muZita raJesu.

⁴⁸⁴ Ndinoda mudzimai mudiki uyo...Pane chimwe chinhu pamuparidzi uyu pano. Huyai pano, Hama Kidd. Murume uyu akaendeswa kumba achibva muchipatara, nguva pfupi ichangodarika, ava kufa, adyiwa nekenza. [Hanzvadzi Kidd vanoti, “Gore rapfuura.”—Mupepeti.] Gore rapfuura. [“Maviri.”] Makore maviri apfuura, kenza. Chiremba wake akamuti asara namazuva mashoma okurarama. Zvino mamwe mangwanani, takaenda kumusoro ikoko, rungwanani-ngwanani, tikamuitira munyengetero, wakangofanana newako, zvino havachakwanisi kuona kana nekayi kekenza. [Ungano inofarira.] Iye akapodzwa. Amen. Iye—iye... [Hanzvadzi Kidd vanoti, “Aitofanira kuzvibvuma.”] Ava nehuremu hwakawanda kudarika hwaakambove nahwo. Iye nemudzimai wake vanga vari muminda yeEvhangeri, pamwe kubva ndisati ndaberekwa. Vari pano zvino... [Hama Kidd vanoti, “Makore makumi mashanu nemashanu.”] Makore makumi mashanu nemashanu. Ndisati ndatongozvarwa panyika, vanga vava kutoparidza Evhangeri. Zvino hevanoi vari pano zvino, vakapodzwa, pazero ringangoita makore makumi manomwe namashanu kana... [“Makumi masere nerimwe.”] Makumi masere nerimwe. [Hama Kidd vanoti, “Taiva nerumutsiriro, musangano wamavhiki maviri, nokuparidza husiku hwoga hwoga.”] Rumutsiriro rwamavhiki maviri, vachangobva kuita rumutsiriro rwamavhiki maviri, nokuparidza husiku hwoga hwoga. Makore makumi masere nerimwe okuzvarwa, vakapodzwa, pakenza, apo vanga vakwegura.

⁴⁸⁵ Zvakanaka, hanzvadzi, yava nguva yako zvino. Unotenda here? [Ungano inofarira uye inoti, “Amen.”—Mupepeti.] *Pamberi, masoja eChikristo*. Zvakanaka, hanzvadzi. Imi, kuno mumwe nemumwe wenyu, chii chatiri kuzoita? ZVANZI NAJEHOVHA. Chii chatinoita, toramba tiri pano here?

⁴⁸⁶ Satani, iwe wakundwa. Tave kuuyako zvino. Tiri kufora tichipinda muNyika yechipikirwa. Chii ichocho? “Chii gomo iri, pamberi paZerubhabheri? Ndiani uyu, anomira pamberi apo? Uchaitwa bani.” Nemhaka yei? NeMunondo unocheka kwese, tichatema tichiwisira pasi. Ndizvozvo. Zvakanaka.

Pamberi, musoja weChiKristo!
Kufora sekwe kuhondo,
Tiine muchinjikwa waJesu
Uchititungamirira;

Kristo, Tenzi wehumambo,
 Achitungamira kurwisa muvengi; (neShoko
 raKe)
 Pamberi kuenda nehondo,
 Tarirai, mireza yaKe ichienda!
 Pamberi, masoja eChikristo!
 Kufora sekwe kuhondo,
 Tiine Muchinjikwa waJesu
 Uchititungamirira.

⁴⁸⁷ Hareruya! Chii chavakaita? Chinhu chekutanga chakaenda, muhondo, kuvalsaeri, chii chaiva chokutanga? Vaimbi vakaenda, kutanga. Chii chakatevera? Areka. Zvino kozouya kurwa. Zvakanaka. Mave kuzvitenda here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Tiri kuimba *Pamberi, masoja eChikristo*. Tiri kukudhonzero kure, kukahadzika kwose. Tichisimuka netsoka dzedu zvino, tiri kufora kuenda kuhondo.

Ngatisimukei zvino, munhu wese.

Pamberi, masoja eChikristo!
 Kufora sekwe kuhondo,
 Tiine muchinjikwa wa Jesu
 Uchititungamirira;
 Kristo, Tenzi wehumambo,
 Achitungamira kurwisa muvengi;

Tinomukunda sei iye? NeShoko.

Pamberi kupinda muhondo,
 Tarirai, mureza waKe uchienda!
 Pamberi, masoja eChikristo!
 Kufora sekwe kuhondo,
 Tiine muchinjikwa waJesu
 Uchititungamirira.
 Hatina kutsaukana,
 Tose tiri mutumbi mumwe;
 Humwe mutariro, nemudzidziso,
 Humwe murudo.

⁴⁸⁸ Vose vanotenda zvino, itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hareruya! Munozvitenda izvo here? [“Ameni!”] Tiri vakundi. Muvengi wese aripi? Pasi petsoka dzedu. Tiri chii nhasi? Tamutswa muna Kristu!

⁴⁸⁹ Zvino, zvapera, hanzvadzi. [Hama Branham zvakare vanotaura kuhanzvadzi iya yanga ichirwara—Mupepeti.] Unozvitenda here? Chienda kumba zvino. Uri kunzwa zvakanaka? Anoti ari kunzwa zvakanaka zvino. Zvose zvanaka.

⁴⁹⁰ Vangani uko vari kunzwa zvakanaka? [Ungano inofarira zvine ruzha uye inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino pavakadaidzira, midhuri yakawira pasi, ameni, uye vakabva

varitora. Ameni. Vakatora guta. Ameni! Ameni! MunoMutenda here? [“Ameni.”]

⁴⁹¹ Zvino, musakanganwa sevhisi yehusiku hwanhasi. Hama Neville vachange vari pano husiku huno, uye nekutiunzira mharidzo yakanaka. Uye Svondo, svondo inotevera, Ishe vachida, iva pano.

⁴⁹² Zvino ngatiendeyi, patiri kufamba. Uye zvino, tabuda mumba muno, ngatiende, tichiimba, *Pamberi, Masoja eChikristo*. Uye kubva nhasi, zvichienda mberi, usambozoise Munondo uyo mumuhara wawo zvakare. Uvhomere. Ngatikunde. “Vakaenda mberi, vachikunda, uye kuti vakunde.” Zvakanaka, zvakare, pandima yekutanga.

Pamberi, masoja eChikristo!
Kufora sekwe kuhondo,
Tiine muchinjikwa waJesu
Uchititungamirira.



HONDO HURUSA YATI YAMBORWIWA SHO62-0311
(The Greatest Battle Ever Fought)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 11 Kurume, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A, yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org